WO’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI

MAGISTRATURA BO’LIMI

Qol jazba huqi’qi’nda

A’DEBIYAT TEORIYASI’ HA’M OQI’TI’W METODIKASI’ KAFEDRASI’

**Tursi’nmuratova Bibi**

**«M.Ni’zanov povestlerinde qaharman obrazi’ ha’m da’wir problemasi’ni’n’ ashi’p beriliwi» temasi’ndag’i’**

# MAGISTRLIK DISSERTACIYA

**JAQLAWG’A RUXSAT BERILDI:**

Magistratura bo’limi basli’g’i’: yu.i.k.doc. A.Gulimov

Kafedra basli’g’i’: f.i.k.doc. Q.Yusupov

Ilimiy basshi’: f.i.k.doc. B.Genjemuratov

**No’kis – 2012**

## MAZMUNI:

**KIRISIW**………………………………………………………….. **3**

**I bap G’a’rezsizlik da’wiri qaraqalpaq a’debiyati’nda qaharman obrazi’ ha’m da’wir talabi’**

**§1** G’a’rezsizlik da’wiri qaraqalpaq a’debiyati’nda qaharman obrazi’ ha’m da’wir problemasi’ ha’m woni’n’ a’debiyattani’w iliminde izertleniwi…………………………………………………… 11

**§2** G’a’rezsizlik da’wiri qaraqalpaq a’debiyati’nda M.Ni’zanov do’retiwshiliginin’ worni’………………………………………. 17

**II bap M.Ni’zanovti’n’ «Aqshagul» ha’m «Aqi’ret uyqi’si’» povestlerinde zaman ha’m ma’kan koncepciyasi’ ha’m qaharman obrazi’**

**§1** Ko’rkem a’debiyatta ma’kan ha’m zaman koncepciyasi’ni’n’ worni’ ha’m a’hmiyeti……………………………………………... 29

**§2** M.Ni’zanovti’n’ «Aqshagul» ha’m «Aqi’ret uyqi’si’» povestlerinde zaman ha’m ma’kan koncepciyasi’ ha’m qaharman obrazi’…………………………………………….……... 33

**III bap M.Ni’zanovti’n’ «Aqshagul» ha’m «Aqi’ret uyqi’si’» povestlerinde qaharman obrazi’n jarati’w usi’llari’**

**§1** Qaharman obrazi’n jarati’wda ko’rkem detallardi’n’ a’hmiyeti. 71

**§2** Qaharman obrazi’n jarati’wda dialog, monolog, polilogardi’n’ a’hmiyeti ……………………………………………………..... 74

**JUWMAQLAW** …………………………………………..…. **82**

**PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR DIZIMI**

.

# Kirisiw

**Temani’n’ a’hmiyeti.** Prezidentimiz I.Karimov wo’zinin’ «A’debiyatqa itibar-manaviyatqa, keleshekke itibar» miynetinde jazi’wshi’, shayi’rlari’mi’zdi’n’ ja’miyette, a’sirese bu’gingi u’lken wo’zgerisler ju’z berip ati’rg’an waqi’ttag’i’ tutqan worni’, abroyi’ tuwrali’ «Ha’r biri wo’z aldi’n’a bir du’nya» dep u’lken baha bergen yedi. Bunday bahani’n’ ba’rshe do’retiwshilerimizdi wo’mirimizdi ha’m woni’n’ rawajlani’wi’n ta’miyn yetip ati’rg’an adamlardi’n’ turmi’si’n teren’irek u’yreniw, wolardi’n’ arzi’w-a’rmanlari’n, ki’yi’nshi’li’qlari’n jen’iw ushi’n gu’resiwleri tuwrali’ jazi’ug’a iytermelegeni ani’q.

Yelimizdin’ ga’rezsizlikke yeriskennen keyin, do’retiwshi jazi’wshi’-shayi’rlari’mi’z zamani’mi’zdi’n’ haqi’yqi’y miynetkesh, ma’rt, ku’sh-g’ayratli’, isbilermen qaharmanlari’ni’n’ obrazlari’n jarati’w ushi’n ha’reket qi’lmakta.

Ha’zirgi zaman fermer, isbilermen, biznesmen, quri’li’sshi’, diyxan, ali’m, mug’allim- bulardi’n’ ha’r birinin’ jana turmi’s, jana ja’miyet quri’w joli’ndag’i’ jan’asha an’-sezimleri, jan’asha pikirleri bar. Bular bu’gingi ku’nnin’ isker, aldi’n’g’i’ qatardag’i’ adamlari’, jan’a dawir qaharmanlari’.

Bu’gingi ku’nde zamani’mi’zdi’n’ qaharmanlari’ni’n’ obrazlari’n do’retiwde qaraqalpaq jazi’wshi’-shayi’rlari’ da aytarli’qtay tabi’slardi’ qolg’a kirgizdi. Buni’ biz jaqi’n ji’llarda du’nyadan wo’tken aqsaqal jazi’wshi’lari’mi’z I.Yusupov, T.Qayi’pbergenov, Sh,Seytovlardi’n’, ha’zirgi da’wirde qa’lem terbetip kiyati’rg’an Wo.Abdiraxmanov, A.Abdiev, K.Allambergenov, Q.Dauletnazarov, Sh.Usnatdinov, Wo.Wo’teuliev qusag’an jazi’wshi’, shayi’r, publicistlerimizdin’ do’retpelerinde ko’remiz.

Bul shi’g’armalardi’n’ arasi’nda belgili shayi’r, jazi’wshi’, publicist, kinoscenarist M.Ni’zamovti’n’ ko’p qi’rli’ do’retiwshiligi yelewli wori’n iyeleydi. G’a’rezsizlik ji’llari’ woni’n’ do’retiwshilik wo’mirindegi yen’ zu’ra’a’tli da’wiri boldi’ desek aljaspaymi’z. Jazi’wshi’ buni’ u’lken maqtani’sh ha’m qa’na’a’tleniwshen’lik penen tilge aladi’. Wol g’a’rezsizliktin’ jigirma ji’li’nda 19 kitap baspadan shi’g’arg’an, bir komediyasi’n Tashkent teatri’nda koydi’rg’an, 4

ko'rkem kinofilmin ha'm bir qatar hu'jjetli filmlerin tu'sirgen. Usi' da'wirde wol ko'p sanli' yumor-satirali'q gu'rrin'lerdin', povestlerdin' avtori' boli'w menen bir qatarda, iri tulg'ali' ko'lemli yeki povestin' de avtori' boldi'. Bular «Aqshagu'l», «Aqret uyqi'si'» boli'p yesaplanadi'. Yekewide wo'zbek tiline awdari'li'p, keyingisi «roman» degen janrli'q ani'qlamada «Ja'ha'n a'debiyati'» jurnali'nda basi'ldi'. Bul shi'g'armalar wo'zinin' zamanago'yligi, ko'rkemlik sapasi' ha'm jazi'wshi'ni'n' bu'gingi ku'nnin' mashqalalari'n teren' tu'siniwi, zamanlaslari'ni'n' psixologiyasi'nda ju'z berip ati'rg'an wo'zgerislerdi ko're biliwi ha'm wolarg'a wo'zinin' «jaqsi'-jaman» mu'na'sebetin ashi'q bildiriwi menen pari'qlani'p turadi'.

Yeki povestinde bas qaharmanlar bu'gingi ku'nnin' adamlari', bizin' zamanlaslari'mi'z. Birinshisi Aqshagu'l isimli hayal. Wol won'i'si'q, ku'n-ko'ris joli'nda xojali'g'i' menen awi'ldan qalag'a ko'ship kelgen. Sol qaladag'i' turmi'si'na baylani'sli' uaki'yalar shi'g'armani'n' wo'zegin kuraydi'. Yekinshi povestin' bas qaharmani' bul du'nyani'n' ta'shwishlerin barjay yetken, a'jel to'seginde jatqan, 90 jasti' artka salg'an, professor, ilim doktori' Wo'temurat. Wog'an bul du'nyada yen' song'i' mu'ddet-aqi'ret uyqi'si'- berilgen. Wol usi' yesi bir kelip, bir ketip ati'rg'an halati'nda wo'zinin' uzak wo'mirinin' irili-maydali' demlerin, jaqi'n bolg'an adamlari'n qi'yali'nan wotkerdi. Mine usi' wo'mir ko'rinisleri povestin' mazmuni'y quraydi'.

Yeki poveste woqi'rmanlar tarepinen jaqsi' qabi'l yetildi. Baspa so'z betlerinde belgili kretikler, ali'mlar unamli' pikir bildirdi, bul pikirlerdi juwmaklasti'ri'p aytatug'i'n bolsaq, usi' yeki shi'g'armada tek M.Ni'zamovti'n' yemes, al pu'tkil qaraqalpaq prozasi'ni'n' song'i' da'wirdegi iri tabi'slari'ni'n' qatari'nda moyi'nlandi'.

Usi' ko'zqarastan qaraytug'i'n bolsaq «Aqshagul» ha'm «Aqi'ret uyqi'si'» povestleri ken'irek ha'm toli'g'i'raq uyreniuge arzi'ytug'i'n shi'g'armalar. Wonnan qala berse, biz joqari'da ayti'p wo'tken recenziyalardan basqa, bul povestlerdi ha'r ta'repleme uyreniuge bag'i'shlang'an ilimiy-teoriyali'q miynetler baspa so'z betlerinde jari'q ko'rmedi.

Mine usi’ jag’daylardi’ yesapqa ali’p, biz wo’zimizdin’ magistrlik dissertaciyalari’mi’zdi’ usi’ yeki povesti uyreniwge arnadi’q. Jumi’si’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ maqseti M.Ni’zanovti’n’ povestlerindegi bas qaharmanlar obrazi’ni’n’ jarati’li’wi’ ha’m wolardi’n’ ha’zirgi da’wir shi’nli’g’i’ menen baylani’si’n u’yreniw boli’p tabi’ladi’. Mine usi’ jag’daydan temani’n’ a’hmiyeti kelip shi’g’adi’.

**Temani’n’ u’yreniliw da’rejesi**. M.Ni’zanov ha’zirgi da’wirde qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ ko’rnekli wa’killerinin’ biri boli’wi’na karamastan, woni’n’ tvorchestvasi’ tuwrali’ ko’lemli ilimiy-teoriyali’q monografiyali’q xarakterdegi izertlewler jokti’n’ qasi’nda. Woni’n’ qosi’qlari’, gu’rrin’leri, povestleri, komediyalari’, dramalari’, kinoscenarilari’, song’i’ shi’qqan «Dushpan» romani’ni’n’ birinshi kitabi’ ha’r biri wo’z aldi’na bir pu’tin ko’rkem du’nyani’ payda yetip, wo’z izertleushilerin kutip tur. Biraq biz wolar haqqi’nda jazi’lg’an kishi-girim maqala, recenziyalar menen shekleniwge ma’jbu’rmiz. Degen menen biz song’i’ waki’tlari’ jazi’wshi’ haqqi’nda woni’n’ 60 ji’lli’q yubeleyine baylani’sli’ jazi’lg’an maqalalardi’n’, sonday-aq «Aqshagul», «Aqi’ret uyqi’si’» povestlerinin’ basi’li’p shi’g’i’u mu’na’sebeti menen jazi’lg’an recenziyalardi’n’ guwasi’ boldi’q.

Bul maqala, recenziyalardi’n’ barli’g’i’nda M.Ni’zanovti’n’ tvorchestvasi’na unamli’ baha beriledi ha’m woni’n’ turli janrda jazi’lg’an shi’g’armalari’ni’n’ qaraqalpaq a’debiyati’, ma’deniyati’ ushi’n yelewli qubi’li’s bolg’anli’g’i’ moyi’nlandi’.

M.Ni’zanovti’n’ u’lken a’debiyatqa kelip kiriwi da’wirimizdin’ ataqli’ jazi’wshi’li’ri’ni’n’ jas qa’lem iyesin qollap-kuwatlap, woni’n’ kelesheginen u’lken umit yetken tileklerinen baslandi’ desek boladi’. 1983-ji’li’ M.Ni’zanovti’n’ «Jannetten sa’lemnama» atli’ satirali’q gu’rrin’i shayi’r I.Yusupovti’n’ «haq joli’» menen «O'zbekiston adabiyoti va san’ati» gazetasi’nda wo’zbek tilinde basi’ldi’. Son’ 90-ji’llardi’n’ basi’nda, Tashkente Sayd Axmadti’n’ so’zbasi’ menen gu’rrin’ler toplami’ basi’ladi’. Bunda ustaz jazi’wshi’ wo’zbek kitap woqi’rmanlari’na qarata bi’lay degen yedi: «Bir woqi’p ko’rin’ iltimas, bir

woqi’n’, tu’p degen tu’kirigi ji’landi’ wo’ltiretug’i’n bunday satirikti ta’n almastan basqa ilaj joq»[1].

Bul pikirler M.Ni’zanovti’n’ gu’rrin’lerine berilgen birinshi u’lken ha’m salmaqli’ si’n-bahalar yedi.

A’debiyatshi’ ali’m, professor Q.Worazi’mbetov wo’zinin’ «Aqi’ret uyqi’si’» povestine jazg’an alg’i’ so’zinde ha’m «Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’nda basi’lg’an maqalasi’nda M.Ni’zanovti’n’ qaraqalpaq a’debiyati’nda, ma’deniyati’nda tutqan worni’n belgilewge umti’li’p, to’mendegishe pikir bildiredi:

«…Jazi’wshi’ Muratbay Ni’zanov ma’deniyati’mi’z ha’m a’debiyati’mi’zdi’n’ bunnan bi’lay da rawajlani’wi’na yelewli u’les qosi’p kiyati’rg’an talant yesi yesaplanadi’»[2]

Belgili jurnalist, jazi’wshi’ Sh.Usnatdinov Muratbay Ni’zanovti’n’ tvorchestvosi’ tuwrali’ ko’lemli 3 maqala jariyaladi’. «Aqshagu’l» povestine arnalg’an recenziyasi’nda wol bul shi’g’armani’n’ ju’da’ aktual ma’selege arnalg’ani’n, woni’n’ bas qaharmani’ Aqshagu’l obrazi’ni’n’ da’wir shnli’g’i’na say keletug’i’ni’n atap wo’tedi. Al yekinshi maqalasi’nda tiykarg’i’ di’qqati’n «Aqi’ret uyqi’si’» povesti ha’m «A’mudarya» jurnali’nda basi’lg’an «Dushpan» romani’n birinshi kitabi’na awdari’p, wolardi’n’ ideyali’q, tematikali’q mazmuni’na uli’wma xarakteristika beriw menen bir qatarda, jazi’wshi’ni’n’ qaharman obrazlari’n jarati’wdag’i’ jan’ali’qlari’na, sheberliklerine de toqtap wo’tedi. «Wol do’retken obrazlar kitap woqi’wshi’lari’n biyparwa qaldi’ra almaydi’»[3], dep juwmaqlaydi’ Sh.Usnatdinov wo’zinin’ bul shi’g’armalar haqqi’ndag’i’ pikirlerin.

Sh.Usnatdinovti’n’ u’shinshi maqalasi’n wo’zinin’ mazmuni’ boyi’nsha Muratbay Ni’zanovti’n’ do’retiwshilik laboratoriyasi’na kirip woni’n’

---

[1] «Ўзбекистон адабиёти ва санъати». 29-май, 2009-жыл, №22
[2] Қ.Оразымбетов. Инсанның руўхый кеширмелери… «Еркин Қарақалпақстан». 14-май, 2011-жыл, №58
[3] Ш. Уснатдинов. Көргенлерим ҳәм кеўилдегилерим. Нөкис «Қарақалпақстан».

jazi'wshi'li'q si'rlari'n ishten tu'sindiriwge talpi'ng'an birinshi qa'demlerdin' bir desek boladi'.[1]

Akademik J.Bazarbaev wo'zinin' recenziyasi'nda M.Ni'zanovti'n' «Aqi'ret uyqi'si'» povestin' «qaraqalpaq prozasi'ni'n' tariyxi'nda birinshi… ayri'ksha shi'g'arma»[2] dep bahalaydi' ha'm povestin' bas qaharmani' Wo'temuratti'n' obrazi'n analizley kelip: «Woni'n' talpi'ni'wi', maqsetke jetiwdegi tabanli'g'i', shan'araqqa sadi'qli'g'i', insani'yli'q pazi'yletleri povestte ani'q ha'm ko'rkemlik penen shi'rayli' yetip sa'wlelendirilgen,»-dep jazadi'.

Kritik J.Yesenov wo'zinin' «Qaraqalpaqstan jaslari'» gazetasi'nda basi'lg'an obrazli'q-sholi'w ha'rakterine iye maqalasi'nda M.Ni'zanovti'n' ayri'm yumor-satirali'q qosi'qlari'na ha'm gu'rrin'lerine toqtali'p, wolardi'n' poetikasi'nda suwretlew ha'm bayanlaw usi'llari'ni'n' dialog, monolog, ironiya, ko'rkem detal, giperbola, kontrast qusag'an tu'rlerinin' satirali'q obraz jasauda a'hmiyetinin' u'lken yekeninin ashi'p beriuge uri'nadi'.[3]

Mine ko'rip turg'ani'mi'zday, biz joqari'da sholi'p wo'tken M.Ni'zi'novti'n' do'retiwshiligine arnalg'an miynetlerinde jazi'wshi'ni'n' shi'g'armalari' joqari' bahalanadi', woni'n' til sheberligine, qaharman obrazi'n jarati'wdag'i' uqi'pli'li'g'i'na, psixologizmnin' teren'ligine ayri'qsha di'qqat beriledi. Biraq ayti'p wo'tetug'i'n bir na'rse bar, wol da bolsa yelege deyin M.Ni'zanovti'n' do'retiwshiligine bag'i'shlang'an birde bir ko'lemli monografiyali'q ha'rakterdegi yamasa ilimiy-teoriyali'q bag'dardag'i' miynettin' jarq ko'rmewi.

Al yendi biz tikkeley wo'zimizdin' jumi'si'mi'zdi'n' temasi'na yag'ni'y M.Ni'zanovti'n' «Aqshagul» ha'm «Aqi'ret uyqi'si'» povestindegi qaharman obrazi' ha'm da'wir shi'nli'g'i' problemasi'na keletug'i'n bolsaq, wonda bul haqqi'nda joqari'da ati' atalg'an miynetlerde jol jo'nekey ayti'lg'an ani'q ha'm i'qsham pikirler ko'plep ushi'rasadi' da, birak bularg'a arnayi', ken'irek toqtag'an

---

[1] Уснатдинов Ш. Өз заманын терең уғынған жазыўшы. Кинодраматург М.Нызыновтың 60 жыллығына тойхат орнына. «Еркин Қарақалпақстан», 20-октябрь, 2011-ж, № 126.
[2] Базарбаев Ж. Ақырет уйқысы-хуждан есабаты. «Еркин Қарақалпақстан», 15-сентябрь, 2009-ж.
[3] Есенов Ж. Талантлың гейпара сырлары. «Қарақалпақстан жаслары», 2-июнь, 2011-ж.

avtor jok. Sonli’qtan da bul tema M.Ni’zanovti’n’ tvorchestvasi’nda wo’z u’yreniliwin kutip turg’an problemalardi’n’ biri boli’p qaladi’.

**Magistrli’q dissertaciyani’n’ maqset ha’m wazi’ypalari’.** Bizin’ dissertaciyami’zdi’n’ tiykarg’i’ maqseti M.Ni’zanovti’n’ «Aqshagul» ha’m «Aqi’ret uyqi’si’» povestlerindegi qaharman obrazi’ ha’m da’wir shi’nli’g’i’ arasi’ndag’i’ qatnasti’n’ tabiyati’n u’yreniw boli’p tabi’ladi’. Bul maqsetke yerisiw ushi’n biz to’mendegi wazi’ypalardi’ iske asi’ri’wdi’ na’zerde tutami’z:

-A’debiy qaharmanni’n’ ko’rkem a’debiyatta soni’n’ ishinde M.Ni’zanovti’n’ ati’ atalg’an povestlerindegi sa’wleleniw specifikasi’n ashi’p beriw;

-«Aqshagul» ha’m «Aqi’ret uyqi’si’» povestlerinin’ M.Ni’zanovti’n’ tvorchestvasi’ndag’i’, sonday-ak ha’zirgi da’wir qaraqalpaq prozasndag’i’ worni’n belgilew;

-Povestlerdin’ bas qaharmani’ Aqshagul ha’m Wo’temurat obrazlari’ni’n’ zamanago’yligin ko’rsetiw;

- Aqshagul ha’m Wo’temurat obrazlari’nda da’wir shi’nli’g’i’ ko’rinislerinin’ wo’zinshenligin ani’qlaw;

- Aqshagul ha’m Wo’temurat obrazlari’nda zaman ha’m ma’kan koncepciyasi’ni’n’ sa’wleleniwin ashi’p beriw;

-Aqshagul ha’m Wo’temurat obrazlari’n jarati’wda ko’rkem suwretlew usi’llari’ni’n’ ahmiyetin ashi’p beriw.

**Magistrlik dissertaciyani’n’ ilimiy jan’ali’g’i’.** Qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminde usi’ waqi’tqa deyin M.Ni’zanovti’n’ shi’g’armalari’n soni’n’ ishinde «Aqshagul» ha’m «Aqi’ret uyqi’si’» povestin wolardag’i’ qaharman obrazlari’ni’n’ jarati’li’w tabiyati’n izertlewge bag’i’shlang’an arnayi’ miynetleri jok. Soni’n’ ushi’n M.Ni’zanovti’n’ do’retiwshiligin ha’r ta’repleme, soni’n’ ishinde qaharman obrazi’n jarati’w bag’i’ti’nda da u’yreniw bu’gingi qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminin’ ku’n ta’rtibinde turg’an aktual wazi’ypalari’ni’n’ biri boli’p tabi’ladi’.

Bizin’ magistrlik jumi’si’mi’z bul bag’dardag’i’ birinshi talaplani’wlardan boli’p, usi’ wolqi’li’qti’ azda bolsa tolti’ri’ug’a arnalg’an. Biz wo’zimizdin’ mu’mkinshiliklerimizden kelip shi’g’i’p, qoli’mi’zdan kelgenshe izertlew bari’si’nda M.Ni’zanovti’n’ tiykari’nan yeki povestinin’ «Aqshagul» ha’m «Aqi’ret uyqi’si’» - mi’sali’ tiykari’nda wolarg’a ha’zirgi zaman qaharmanlari’ obrazlari’ni’n’ jarati’li’wi’ ha’m da’wir shi’nli’g’i’ni’n’ sa’wleleniw wo’zinsheliklerin, princplerin u’yreniwge umti’ldi’q. Usi’g’an baylani’sli’ qaharman obrazlari’nda wo’z sa’wlesin tabatug’i’n zaman ha’m ma’ka’n obrazlari’na ha’m wolardi’n’ arasi’ndag’i’ baylani’slarg’a xarakteristika beriwge talpi’ndi’q.. Sonday aq jazi’wshi’ni’n’ obraz do’retiw usi’llari’n, principlerin tali’qlawg’a umti’ldi’q. Usi’ u’yrenilgen bag’darlar boyi’nsha tiyisli juwmaqlar shi’g’ari’wg’a talpi’ndi’q.

**Magistrlik jumi’sti’n’ ilimiy-metodikali’q tiykarlari’.** Magistrlik izertlew jumi’si’mi’zdi’ iske asi’ri’w processinde ko’p a’sirler dawami’nda qa’liplesken a’debiy-estetikali’q, a’debiy-teoriyali’q, filosofiyali’q, etikali’q pikirler, juwmaqlar, ha’zirgi zaman milliy g’a’rezsizlik ideologiyasi’ ko’rinisleri bolg’an jan’a gumanistlik, demokratiyali’q ideyalar tiykarg’i’ metodogiyali’q bag’dar boli’p xi’zmet yetti. Sonday aq Wo’zbekstan Respublikasi’ Prezidenti I.Karimovti’n’ «Joqari’ ma’nawiyat-jen’ilmes ku’sh», «A’debiyatqa itibar-ma’nawiyatqa, keleshekke itibar» miynetlerinde millettin’, xali’qti’n’ ruwxi’y rawjlani’wi’nda ka’mil insandi’ tarbiyalaw joli’nda a’debiyatti’n’, jazi’wshi’ shayi’rlardi’n’ u’lesinin’ ju’da’ salmaqli’ yekeni tuwrali’ bahali’ woy-pikirleri, ko’rsetpeleri bul jumi’sti’ ali’p bari’wda programmali’q da’stu’r wazi’ypasi’n atqaradi’. Izertlew jumi’si’mi’zdi’n’ teoriyali’q tiykarlari’ si’pati’nda XX-a’sir a’debiyattani’w iliminin’ ko’rnekli wa’killeri yesaplnatug’i’n G.I.Pospelovti’n’, V.Xalizovti’n’, M.M.Baxtinnin’, Izzat Sultanni’n’, Wo.Sharofutdin’ovti’n’, M.Nurmuxammedovti’n’ ha’m basqada bir qatar ali’mlardi’n’ miynetlerinen paydalandi’q.

**Magistrlik dissertaciyani’n’ izertlew obekti.** M.Ni’zanovti’n’ baspadan shi’qqan kitaplari’na kirgen gu’rrin’, povestleri, jazi’wshi’ni’n’ baspa so’z betinde

jari'q ko'rgen intervyu, maqalalari' bizin' jumi'si'mi'zdi' izertlew obekti boli'p yesaplanadi'.

**Magistrlik jumi'sti'n' a'meliy ahmiyeti.** Izertlew jumi'si'mi'zdi'n' na'tiyjeleri qarakalpaq prozasi'nda ha'm sonday aq M.Ni'zanovti'n' do'retiwshiliginde qaharman problemasi'n u'yrengende mektep, kolledj, licey ha'm joqari' woqi'w wori'nlari'nda qarakalpaq a'debiyati' pa'nin woqi'ti'wda paydalani'w mu'mkin.

**Magistrlik jumi'si'ni'n' strukturasi'**. Izertleu jumi'si'mi'z «Kirisiw», «Juwmaq» ha'm «Paydalani'lg'an a'debiyatlar» dan baska u'sh baptan turadi'.

Birinshi bap «G'a'rezsizlik da'wiri qaraqalpaq a'debiyati'nda qaharman obrazi' ha'm da'wir talabi'» dep atali'p wol yeki paragraftan turadi'.

§ 1. «G'a'rezsizlik da'wiri qaraqalpaq a'debiyati'nda qaharman obrazi' ha'm da'wir problemasi' ha'm woni'n' a'debiyattani'w iliminde izertleniwi»

§ 2. «G'a'rezsizlik da'wiri qaraqalpaq a'debiyati'nda M.Ni'zanov do'retiwshiliginin' worni'»

Yekinshi bap «M.Ni'zanovti'n' «Aqshagul» ha'm «Aqi'ret uyqi'si'» povestlerinde zaman ha'm ma'kan koncepciyasi' ha'm qaharman obrazi'» dep ataladi', wol yeki paragraftan turadi'.

§ 1. «Ko'rkem a'debiyatta ma'kan ha'm zaman koncepciyasi'ni'n' worni' ha'm a'hmiyeti».

§ 2. «M.Ni'zanovti'n' «Aqshagul» ha'm «Aqi'ret uyqi'si'» povestlerinde zaman ha'm ma'kan koncepciyasi' ha'm qaharman obrazi'».

Ushinshi bap «M.Ni'zanovti'n' «Aqshagul» ha'm «Aqi'ret uyqi'si'» povestlerinde qaharman obrazi'n jarati'w usi'llari'». Bul yeki paragraftan ibarat.

§ 1. Qaharman obrazi'n jarati'wda ko'rkem detallardi'n' a'hmiyeti

§ 2. Qaharman obrazi'n jarati'wda dialog, monolog, poliloglardi'n' a'hmiyeti

Jumi'si'mi'zdi'n' juwmaqlaushi' bo'liminde biz «Aqshagul» ha'm «Aqi'ret uyqi'si'» povestlerindegi qaharman obrazlari' ha'm da'wir shi'nli'g'i'ni'n'

sa’wleleniwi boyi’nsha wo’z bahlawlari’mi’zdi’ juwmaqlasti’ri’p, wolar haqqi’ndag’i’ woy-pikirlerimizdi ta’rtiplestiriwge ha’m qa’liplestiriuge umti’ldi’q.

# I-BAP: G'A'REZSIZLIK DA'WIRI QARAQALPAQ A'DEBIYATINDA QAHARMAN OBRAZI HA'M DA'WIR TALABI

## § 1. G`a`rezsizlik da`wiri qaraqalpaq a`debiyati'nda qaharman obrazi' ha`m da`wir problemasi' ha`m woni'n` a`debiyattani'w iliminde izertleniwi.

A`debiy qaharman, ko`rkem obraz adam wo`mirinin` ko`rkem shi'g`armadag`i' ko`rinsi. Bul tu`sinik derlik barli'q a`debiyattani'w so`zliklerinde tiykari'nan yeki ma`nige iye yekenligi ayti'ladi'. Birinshiden, wol ko`rkem shi'g`armada ha`reket yetetug`i'n adamni'n` personajg`a sali'sti'rg`anda basli' wori'ndi' iyeleytug`i'ni'n ko`rsetedi. Wol shi'g`armani'n` yen` tiykarg`i' problemali'q, temali'q mazmuni'n wo`z boyi'na ja`mlegen boladi'.

Bas qaharmanlarda, a`dette, jazi'wshi'ni'n` ko`rkem novatorli'q talpi'ni'slari' wo`zinin` ko`rinislerin tapqan boladi', al yekinshi da`rejeli qaharmanlar ko`binese tradiciyali'q usi'lda su`wretlenedi. Ayi'ri'm jag`daylardi' a`debiy qaharman termini shi'g`arma ishindegi qa`legen adamg`a tiyisli de qollani'ladi'. Yekinshiden, a`debiy qaharman degende biz adamni'n` bir pu`tin obrazi'n tu`sinemiz. Bunday obraz wo`z ishine adamni'n` pishin-kelbetin, woylaw qabletin, quli'q-ta`rtibin, ruwxi'y du`n`yasi'n wo`z ishine aladi'. Bul jag`i'nan a`debiy qaharman tu`sinigi xarakter tu`sinigine jaqi'n.

Yeger biz a`debiy qaharmanda waqi't, da`wir ag`i'mi'ni'n` belgilerin ko`rmekshi bolsaq wonda biz woni'n` rawajlani'wi'ni'n` tariyxi'y yevolyutciyasi'na di'qqat awdari'wi'mi'z kerek. Sonda biz a`iyemgi yeposti'n` ideal qaharmani'nan baslap bu`gingi ku`nnin` social-psixologiyali'q jaqtan yen` qospali' qaharmanlari'na deyingi arali'qti' basi'p wo`tkeninin` guwasi' bolami'z.

a`debiy qaharman ta`biyati' boyi'nsha wo`z qa`dir-qi'mbati'na iye, soni'n` ushi'n wol a`dette ya unamli', ya unamsi'z degen ani'qlamalar menen qatar qollani'ladi': unamli' qaharman, unamsi'z qaharman. a`debiy qaharmandi' bunday yetip sha`rtli tu`rde bo`liw jazi'wshi'ni'n` socialli'q, yetikali'q ideallari'nan kelip shi'g`adi'. Ko`p jag`dayda wo`z da`wirinin` istek-a`rmanlari'n boyi'na sin`irgen a`debiy qaharman a`debiyatti'n` ja`miyetlik wortali'qqa ta`sirin belgilep beredi.

Yelimiz g`a`rezsizlikke yerisken jigirma ji’l ishinde ja`miyetlik wo`mirdin` barli’q tarawlari’nda, soni’n` ishinde ma`deniy-ruwxi’y tarawlarda da aytarli’qtay wo`zgerisler iske asi’ri’ldi’. Hu`rmetli prezidentimiz I.Karimov «A`debiyatqa itibar-ruwxi’yli’qqa, keleshekke itibar» miynetinde millettin`, xali’qti’n` ruwxi’y rawajlani’wi’nda ha`r ta`repleme jetilisken, jetik, ka`mil insandi’ ta`rbiyalawda a`debiyatti’n` u`lesi wog`ada salmaqli’ yekenin to`mendegishe si’patlag`an yedi: «Ba`rimizge ayan bolg`ani’nday XXI-a`sir intellektual qa`bilet, pikirlew ha`m ruwxi’yli’q a`siri si’pati’nda adamzat aldi’nda jan`a-jan`a shekler ashi’w menen bir qatarda, biz buri’n ko`rmegen, dus bolmag`an keskin mashqalalardi’ keltirip shi’g`armaqta. Bu`gingi mashaqatli’ ha`m qa`wipli zamanda jazi’wshi’ni’n` insaniyatti’n` yerten`gi ku`nin woylap, adamlardi’ jaqsi’li’qqa, insap-diyanatqa, mehir-muxabbatqa ha`m bawi’rmanli’qqa shaqi’ri’wg`a qarati’lg`an jali’nli’ so`zi ha`r qashang`i’dan da u`lken a`himiyetke iye bolmaqta».[1]

Bul ayti’lg`an pikirler, a`lbette tikkeley qaraqalpaq a`debiyati’nada tiyisli. G`a`rezsizlik ji’llari’nda respublikami’zdi’n` jazi’wshi’-shayi’rlari’ ko`plegen shi’g`armalar do`retip, bu`gingi ku`ndegi sana-sezimi, an`i’, du`n`yatani’mi’ jetilisken, milliy-ruwxi’y qa`diriyatlari’mi’zdi’ qa`lbine sin`irgen jan`a a`sir, jan`a da`wir adamlari’ni’n` obrazlari’n I.Yusupovti’n`, T.Qayi’pbergenovti’n`, Sh.Seitovti’n`, Wo.Abdiraxmanovti’n`, K.Raxmanovti’n`. K.Dauletnazarovti’n`, A.Abdievtin`, S.Jumagulovti’n` ha`m Q.Matmuratovti’n` roman, povest`, gu`rrin`, qosi’q, poema, drama ha`m p`esalari’ mine usi’nday shi’g`armalardi’n` qatari’na kiredi. Bul shi’g`armalardi’n` arasi’nda belgili shayi’r, prozaik, dramaturg, publicist, kinocenarist M.Ni’zanovti’n` shi’g`armalari’ni’n` worni’ girewli.

Ha`zirgi da`wir qaraqalpaq a`debiyati’nda jarati’lg`an a`debiy qaharman obrazlari’ni’n` ta`biyati’n izertlewde belgili a`debiyachi’ ali’mlar Q. Worazi’mbetovti’n`, A.Abdievtin`, P.Nurjanovti’n`, J.Sag`i’ydullaevani’n`, Sh.Usnatdinovti’n` ha`m sonday-aq jazi’wshi’-shayi’rlari’mi’zdi’n` ku`ndelikli baspa so`zde jari’q ko`rgen woy-pikirleri u`lken a`himiyetke iye.

---

[1] Каримов И.А. Адабиётга эътибор-маънавиятга, келажакка эътибор. Тошкент, «Ўзбекистон», 2009.

«G`a`rezsizlik sharapati’ menen do`retiwshilerimiz kommunistlik idealogiyani’n` bas qurali’ bolg`an socializm iskenjesinen quti’li’p, ja`miyettegi turmi’s waqiyalari’n sol hali’nda, ren`-ba`ren` boyawlarda suwretlew imka`niyati’na iye boldi’, -dep jazadi’ a`debiyachi’ P.Nurjanov. Insan ruwxiyati’ni’n` qurama ta`biyati’n, umti’li’wlari’n, tuyg`i’lari’n, quwani’sh-qayg`i’lari’n, ko`terin`ki ha`m tu`skin keypiyati’n jarati’wda jazi’wshi’lar tek realizmnin` mu`mkinshiliklerinen paydalani’p qoymastan, modernistlik usi’llar, soni’n` ishinde, mifologik, mistikali’q, ila`hiyli’q, tu`sinik ha`m du`n`yatani’wlar imka`niyatlari’nan da paydalani’wg`a umti’lmaqta».[1]

Ali’mni’n` bull woy-pikirlerinin` baqlawlari’ni’n` jani’ bar, wolar konkret shi’g`armalardi’n` analizine tiykarlang`an. Usi’ ko`z-qarastan T.qayi’pbergenovti’n`, Sh.Seytovti’n`, Wo.Abdiraxmanovti’n`, M.Ni’zanovti’n`, A.Abdievti’n`, K.Allambergenovti’n` roman, povestlerine xarakteristika berdi. Maqala avtori’ni’n` juwmag`i’ woqi’wshi’larda isenim payda yetedi: «Uli’wma alg`anda, g`a`rezsizlik da`uirinde qaraqalpaq prozasi’nda buri’n qol uri’lmag`an temalar,idealar kirip keldi, xali’q turmi’si’nda a`himiyetli wori’ng`a iye bolg`an tariyxi’y shaxslardi’n` ko`rkem obrazlari’ jarati’ldi’. Qaharmanlar xarakterinin` jarati’li’wi’nda buri’ng`i’ qati’p qalg`an qag`i’ydalardan, stereotiplerden quti’ldi’, jan`a janr ha`m stillerdi mengeriwde belgili tabi’slarg`a yeristi», -dep ko`rsetedi P.Nurjanov.

P.Nurjanovti’n` bul pikirin jazi’wshi’ K.Allambergenov ta qollap quwatlaydi’: «Yen` basli’si’ –bul da`wirde qaraqalpaq a`debiyati’nda ko`rkem proza yen` aldi’ng`i’ sheklerge shi’g`i’p aldi’»,[2]-dep ko`rsetedi wol wo`zinin` «Qaraqalpaq a`debiyati’» gazetasi’ndag`i’ sa`wbetinde.

Bunday pikirlerdi yelede ko`plep keltiriwge boladi’. Biraq wol sapali’ shi’g`armalardi’n` sani’n ko`beytpedi. Soni’n` ushi’n biz song`i’ da`wirde payda boli’p ati’rg`an ayi’ri’m shi’g`armalardi’ qatan` si’ng`a alatug`i’n pikirlerge di’qqat bereyik.

---

[1] Нуржанов П. Мустақиллик даври қорақолпоқ насринг ривожланиш йуналишлари-«Шарх юлдизи», №1 2009й, 163-с

[2] «Қарақалпақ әдебияты», апрел, 2012ж. №4

Jazi’wshi’ A.Abdiev 2011ji’li’ shi’qqan gu`rrin`lerge xarakteristika bere woti’ri’p, wolardi’n` ko`pshiliginen wo`zinin` qanaatlanbaytug`i’ni’n bildiredi: «…ideyali’q mazmuni’ ku`shli, ko`rkemligi joqari’, yadta qalarli’qtay obrazg`a iye gu`rrin`ler az…Ko`plegen gu`rrin` dep baslag`an shi’g`armalar bolg`an waqi’ya, naturalistlik suwretlengen turmi’s g`alma-g`ali’ da`rejesinde qali’p ketken, ko`rkemligi to`men»[1] jarati’wda ayri’m jazi’wshi’lar ta`repinen ko`rsetilgen do`retiwshilikke qatnasi’ joq «erlikler» ha`m yetikali’q yerkinlikleri haqqi’nda Q.Worazi’mbetov penen J.Sagidullaevani’n` bati’l ha`m principial pikirleri di’qqatqa i’layi’q: «…uli’wma ko`rkem shi’g`armalardi’n` u`lgisine juwap bermeytug`i’n do`retpelerdin` ko`beyip baratqanli’g`i’ wog`ada ta`shwishli jag`day boli’p yesaplanadi’. Yeger jag`day usi’lay dawam yetip bara berse qaraqalpaq a`debiyati’ du`n`ya a`debiyati’ menen ten` qa`dem taslawi’ bi’lay tursi’n, wo`zinin` buri’ng`i’ rawajlang`an da`rejesinen de pa`ske tu`sip ketiwi hesh ga`p yemes».[2]

Avtorlardi’n` bul yeskertiwlerinde jan bar. Jazi’wshi’ A`.Atajanov bul yeskertiwlerdi a`bden teren`lestiredi: «…Son`g`i’ waqi’tta roman-esse dep at qoyi’p, qali’n`-qali’n` kitapti’ jazatug`i’nlardi’n` katari’ ko`beyse ko`beydi, sira` azaymaydi’. Shi’g`armalardi’n` avtorlari’ waqi’t penen ken`islik birligin saqlamaydi’, wo`z ara baylani’si’n umi’tadi’. Ayri’m shi’g`armalarda waqiyalar birden bir a`sirden yekinshi a`sirge zi’n`g`i’p wo`tedi. Bir qaharmani’ a`iyemde ha`reket yece, yekinshi qaharmanni’n` bu`gingi ku`nde jasap ati’rg`ani’n woqi’ymi’z. Bas qaharman joq, waqiyalar quraq-quraq… Waqi’t, da`wir, mezgil-ma`kan aralasi’p ketkenlikten, woqi’wshi’ hesh na`rsege tu`sinbeydi, aqi’ri’nda aljasadi’».[3]

Ko`rip turg`ani’mi’zday, A`.Atajanov ma`selege ju`da` teren` qaraydi’. Wol jazi’wshi’ si’pati’nda qaharman obrazi’n jasawdi’n` yen` basli’ princplerine di’qqat awdaradi’. Qa`legen qa`lem iyesi bul principlerdi aylani’p wo`te almaydi’.

---

[1] «Қарақалпақ әдебияты», март, 2012ж. №3
[2] Қ.Оразымбетов, Ж.Сагидуллаева. Бас қаҳарманның ерликлери. «Қарақалпақ әдебияты», январ, 2012ж. №1
[3] Ә.Атажанов. Салмақлы жанрға сын керек. «Қарақалпақ әдебияты», апрель, 2012ж. №4

Bu`gingi a`debiyattag`i’ qaharman problemasi’ wo`zbek a`debiyattani’w iliminde de ju`da` jedel talqi’lanbaqta. Bug`an «Sharq yulduzi», «Jahon adabiyoti», «Yoshlik» jurnallari’nda, «Wzbekiston adabiyoti va san`ati» gazetasi’nda jari’q ko`rip ati’rg`an maqalalar, sa`wbetler da`lil bola aladi’. Bul materiallardi’n` avtorlari’, birinshi gezekte, ha`zirgi zaman qaharmani’ qanday boli’wi’ kerek degen sawalg`a juwap izleydi ha`m wo`zleri juwap beriwge umti’ladi’. Umorali Normatov: «qosi’qta da, prozada da, dramaturgiyada da bu`gingi zamanlasi’mi’z ruwxi’n, keypiyati’n, arzi’w-a`rmanlari’n ko`rsetiwshi shi’g`armalar birtalay. Itimal, wolardi’n` arasi’nda jarq yetip ha`mmeni wo`zine tartatug`i’n ju`da` a`jayi’p ko`rkem do`retpeler joq shi’g`ar, biraq kishileri bar. Bug`anda shu`kir».[1]

Tani’mali’ a`debiyachi’ ali’mni’n` bul pikirleri «Jahon adabiyoti» jurnali’ni’n` 2012ji’lg`i’ aprel ayi’ndag`i’ sani’nda berilgen woni’n` a`debiyachi’ X.Boltaboev penen sa`wbetinde dawam yettiriledi.[2]

Bizdi qi’zi’qti’ri’p woti’rg`an temani’n` bag`dari’nda belgili wo`zbek ali’mi’ I.Solijanovti’n` to`mendegi pikirleri jazi’wshi’lardi’, kitap woqi’wshi’lari’n woylandi’rmay qalmasa kerek: «Bazar mu`na`sebetleri haqi’yqi’y do`retiwshilerdi de tan`lawg`a kiristi. Jazi’wshi’ bazar temasi’na qol urmastan buri’n teren` woyg`a batti’, wo`mir, woqi’wshi’, ja`miyet ha`m yel jurt aldi’ndag`i’ juwapkershilikti teren` sezindi… Duri’s, bazar tek bayli’qti’n` ka`ni yemes, wol pa`sliktin`, arsi’zli’qti’n`, wo`tiriktin`, urli’qti’n` da ma`kani… bul illetlerden ko`z jumi’w bir jaqlamali’qqa ali’p keledi. Biraq, arsi’zli’q, buzaqi’li’q, jinayachi’li’q qusag`an wo`tkinshi ha`diyselerdi qumar menen su`wretlewge umti’li’w a`debiyatti’n` ta`rbiyali’q wazi’ypasi’n ta`n almasli’qtan basqa na`rse yemes».[3]

Bazar qatnaslari’ adamlardi’ da tan`laydi’. Bul tan`law ha`mme waqi’tta da unamli’ na`tiyjeler bermewi mu`mkin. Woni’n` da wo`zine jarasa talaplari’, sha`rtleri, qi’yi’nshi’li’qlari’ bar. Wog`an beyimlese almag`an adam qatardan shi’g`i’p qaladi’. XXI a`sirdin` da`slepki won ji’li’nda jarati’lg`an

---

[1] Уморали Норматов. Янгиланиш аийёми. Сухбат. «Ўзбекистон адабиёти ва санъати», июн, 2011й. №23
[2] Бугунги адабиётда эстетик идеал ва қаҳармон муаммоси. «Жаҳон адабиёти», 2012й. №4
[3] И.Солижанов. XXI аср насри манзаралари. –«Шарқ юлдузи», 2011й. №4

shi'g`armalardi'n` wo`zine ta`n paziyleti sonnan ibarat, wolarda a`ne sol processte jaqsi'li'q ha`m jamanli'q polyuslari'na aji'rali'p ati'rg`an adamlar obrazi' du`n`yag`a keldi. Bunday qaharmanlar arasi'nda, a`sirese xarakterinin` wo`zine ta`n talqi'ni' u`lken a`hmiyetke iye bolmaqta. Sebebi, bazar yekonomikasi' basqari'wi' qa`liplesip ati'rg`an paytta, hayallar iskerlik yete baslag`ani' si'r yemes. Bir qansha jazi'wshi'lar, soni'n` ishinde M.Ni'zanov ta`repinen jarati'lg`an bazar ha`m insan tag`dirine bag`i'shlang`an ko`rkemligi jag`i'nan joqari', ideyali'q tamani'nan jetik gu`rrin`, povest` ha`m romanlardag`i' personajlar ha`zirgi a`debiyati'mi'z ushi'n xarakterli qubi'li's.

## §2. G'a'rezsizlik da'wiri qaraqalpaq a'debiyati'nda M.Ni'zanov do'retiwshiliginin' worni'

G'a'rezsizlikke yerisken jigirma ji'l ishinde ja'miyetlik wo'mirdin' barli'q tarawlari'ndag'i'day, ma'deniy – ruwxi'y tarawda da ju'da' u'lken wo'zgerisler iske asi'ri'ldi'. Hu'rmetli Prezidentimiz Islam Karimov «A'debiyatqa itibar – ruwhi'yli'qqa, keleshekke itibar» miynetinde millettin', xali'qti'n' ruwhi'y rawajlani'wi'nda, ha'rta'repleme rawajlang'an, jetik, ka'mil insandi' ta'rbiyalawda a'debiyatti'n' u'lesi wog'ada salmaqli' yekenin to'mendegishe ashi'p beredi: «Ba'rimizge ayan bolg'ani'nday, XXI a'sir intellektual qa'bilet, pikirlew ha'm ruwhi'yli'q a'siri si'pati'nda adamzat aldi'nda jan'a-jan'a shekler ashi'w menen birge, biz buri'n ko'rmegen, dus kelmegen keskin mashqalalardi' da keltirip shi'g'armaqta. Bu'gingi qi'yi'n ha'm qa'wipli zamanda jazi'wshi'ni'n' adamzatti'n' yerten'gi ku'nin woylap, adamlardi' jaqsi'li'qqa, insap-diyanatqa, mehir-muxabbatqa ha'm bawi'rmanli'qqa shaqi'ri'wg'a qarati'lg'an jali'nli' so'zi ha'r qashang'i'dan da u'lken a'hmiyetke iye bolmaqta».[1]

Islam Karimovti'n' usi' pikirlerinen kelip shi'g'atug'i'n bolsaq wonda biz ruwhi'yli'qti' ha'm woni'n' aji'ralmas bo'legi bolg'an a'debiyatti' adamdi' tu'rli aljas jollardan, jawi'zli'qtan, jaman niyetlerden saqlawshi' qu'diretli ku'sh dep

---

[1] Ислом Каримов «Адабиётга этибор –манавиятга, келажакга этибор».-( Ислом Каримов Ватанимизнинг босқичма-босқич ва барқорор ривожланишини таъминлаш-бизнинг олий мақсадимиз. Тошкент 2009й. 17 ж. 247с. )

aycaq boladi'. Yeger Watan menen xali'q bir tutas ta'n bolsa, ruwhi'yli'q woni'n' Jani'. Adamlardi' jaqsi'li'qqa, insap-diyanatqa, mehir – muxabatqa ha'm bawi'rmanli'qqa shaqi'ratug'i'n do'retiwshilik mine usi' ruwhi'yli'qti' jetilistiriwge ha'm qorg'awg'a xi'zmet yetedi. Wo'ytkeni adamg'a adamgershilikti nusqap turatug'i'n, woni' ja'miyet ha'm adamlar ushi'n kerekli insan yetip ta'rbiyalaytug'i'n yen' a'hmiyetli qurallar – bul ruwhi'yli'q ha'm a'debiyat boli'p yesaplanadi'.

Bul ayti'lg'an pikirler, a'lbette, tikkeley qaraqalpaq a'debiyati'na da tiyisli. G'a'rezsizlik ji'llari'nda qaraqalpaq jazi'wshi'-shayi'rlari' ko'plegen shi'g'armalar do'retip, bu'gingi ku'ndegi sana-sezimlik, an'i', du'nyatani'mi' wo'zgergen, milliy-ruwhi'yli'q qa'diriyatlari'mi'zdi' qa'lbine sin'irgen jan'a a'sir, jan'a da'wir adamlari'ni'n' obrazlari'n jarati'wda a'dewir tabi'slarg'a yeristi. I.Yusupovti'n', T.Qayi'pbergenovti'n', Sh.Seyitovti'n', Wo.Abdiraxmanovti'n', K.Allambergenovti'n', A'.Atajanovti'n, K.Dawletnazarovti'n', A.Abdievtin', S.Jumag'ulovti'n', Q.Ma'tmuratovti'n' roman, povest, gu'rrin', qosi'q, poema, dramalardi' mine usi'nday shi'g'armalardi'n' arasi'nda M.Ni'zanovti'n' tutqan worni' girewli. Woni'n' do'retiwshiliginin' gu'rlep rawajlang'an da'wiri de usi' g'a'rezsizlik ji'llari'na tuwra keledi. M.Ni'zamov bul ji'llari' shayi'r, prozaik, dramaturg, kinoscenarist, publicist telejurnalist si'pati'nda ja'miyechilikke ken'nen tani'ldi'. Woni'n' do'retpelerinin' janrli'q ko'rinisi de a'lwan tu'rli qosi'q, poema, gu'rrin', povest, roman, drama, komediya, intermediya, kinoscenariy…

Jazi'wshi'ni'n' wo'zi ko'plep terbetken bul janrlardi'n' ba'rinde de tabi'slari' yelewli. Ko'rip turg'ani'mi'zday M.Ni'zanov ko'p qi'rli' talant iyesi. Usi'ni'n' na'tiyjesi shi'g'ar, wol bu'gingi ku'nde qaraqalpaq a'debiyati'nda yen' wo'nimli islep ati'rg'an jazi'wshi'lardi'n' biri. M.Ni'zanov wo'zinin' do'retiwshiligi tuwrali' «O'zbekiston adabiyoti va sanati» gazetasi'nda bi'lay dep jazg'an yedi: «… wo'zimnin' qi'rq ji'lli'q do'retiwshiligim dawami'nda jigirma bes kitap baspadan shi'g'ari'ppan. Solardi'n' won tog'i'zi' g'a'rezsizlik ji'llari'nda du'nyag'a kelgen. Yag'ni'y won tog'i'z ji'lda won tog'i'z kitap. Jazi'wshi' ushi'n kitabi'n basti'ri'wdan, shi'g'armasi'n xali'qqa inam yetiwden u'lkenirek baxi't

joq. Qaran’, sovet da’wirindegi jigirma bir ji’lli’q do’retiwshiligim dawami’nda bar bolg’ani’ alti’ dana kitap shi’g’arg’an bolsam won tog’i’z kitabi’m g’a’rezsizlik da’wirinde woqi’wshi’ qoli’na jetip bari’pti’. G’a’rezsizlik da’wirinde tag’i’ to’rt ko’rkem filmim yekrang’a shi’qti’,… birinshi komediyam Wo’zbek milliy akademik teatri’ni’n’ saxnasi’nda qoyi’ldi’. G’a’rezsizlik mag’an so’z yerkinligin, yerkin pikirlew imka’niyati’n berdi, men bolsam g’a’rezsizligimiz shu’kiranasi’ si’pati’nda kitap woqi’wshi’lari’ma wonlap shi’g’armalari’mdi’ ina’m yetip ati’rman»[1]

Mine usi’ shi’g’armalari’ni’n’ ishinde «Aqshagu’l» ha’m «Aqi’ret uyqi’si’» povestlerinin’ worni’ bo’lek. Bul povestler jazi’wshi’ni’n’ son’g’i’ ji’llari’ baspadan shi’qqan prozali’q do’retpelerinin’ arasi’ndag’i’ yen’ ko’lemlilerinen boli’p, wolarda ko’terilgen ma’selelerdin’ zamanago’yligi, jazi’wshi’ni’n’ sheberligi, ja’miyetlik shi’nli’qti’n’ qarama-qarsi’li’qlari’n ashi’p beriwdegi sezgirligi, shi’nli’qti’n’ bati’lli’g’i’, psixologizmnin’ teren’ligi, bayanlaw ha’m su’wretlew usi’llari’ni’n’ ra’n’ba’ren’ligi menen ja’miyechilik, kitap woqi’wshi’lar ha’m a’debiy – kritikali’q wortali’qti’ a’dewir qozg’ati’wg’a keltirgen shi’g’armalardi’n’ qatari’nda tilge ali’ndi’. Moyi’nlawi’m kerek, - dep jazadi’ a’debiyachi’ ali’m K. Worazi’mbetov, - qaraqalpaq a’debiyati’nda son’g’i’ ji’llarda qa’ha’rmanni’n’ ti’ni’shsi’z ruwhi’y tolg’ani’slari’n sa’wlelendiriw arqali’ insan ruwhi’yatani’ ku’shli ta’sir jasaytug’i’n, kewil du’nyami’zg’a hu’jim yetetug’i’n bunday shi’g’arma woqi’madi’m».[2]

Yendi filosof – ali’m, akademik J.Bazarbaevti’n’ pikirine qulaq qoyayi’q: «… hu’jdan yesabati’na arnalg’an, wo’mirdin’ ma’nisi haqqi’nda teren’ woy-pikir galereyasi’n do’retken ha’m qaraqalpaq prozasi’ni’n’ tariyxi’nda birinshi ret ayri’qsha shi’g’arma bolg’an «Aqi’ret uyqi’si’» degen at penen belgili jazi’wshi’ M. Ni’zanovti’n’ povesti woqi’rmanlarg’a usi’ni’ladi’»,[3] -dep jazg’an yedi wol wo’zinin’ usi’ povestke arnalg’an recenziyasi’nda.

---

[1] Ўзбек адабиети ва санъати; 3-сентябрь, 2010 ж. №36
[2] К.Оразымбетов. Инсанның руўҳый кеширмелери. «Еркин Қарақалпақстан». 14-май 2011 ж. №58
[3] Базарбаев Ж. Ақырет уйқысы-ҳүждан есабаты. «Еркин Қарақалпақстан». 15- октиябрь 2009 ж

Bul povestler haqqi’nda belgili jurnalist, jazi’wshi’ Sh.Usnatdinovti’n’ aytqan mi’na pikirleride di’qqatqa i’layi’q: «… M.Ni’zanov «Aqshagu’l», «Aqi’ret uyqi’si’» ha’m «Dushpan» shi’g’armalari’nda insan psixologiyasi’n ken’, ha’r ta’repleme ha’m teren’ u’yreniwi insandi’ tu’siniwde, woni’n’ kewil keshirmelerin seze biliwde u’lken tabi’sqa yeristi – dep juwmaqlaydi’ wol jazi’wshi’ni’n’ do’retiwshiligine arnag’an maqalasi’n.

Bul povestler haqqi’nda belgili jurnalist, jazi’wshi’ Sh. Usnatdinovti’n’ aytqan mi’na pikirleride di’qqatqa i’layi’q: «Muratbay Ni’zanov «Aqshagu’l», «Aqi’ret uyqi’si’» ha’m «Dushpan» shi’g’armalari’nda insan psixologiyasi’n ken’, ha’r ta’repleme ha’m teren’ u’yreniwi, insandi’ tu’siniwde, woni’n’ kewil keshirmelerin seze biliwde u’lken tabi’sqa yeristi,[1]-dep juwmaqlaydi’ wol jazi’wshi’ni’n’ do’retiwshiligine arnag’an maqalasi’n.

A’lbette, bul berilgen bahalardi’ povestlerdi da’slepki woqi’g’annan keyingi yele qi’zi’wi’ basi’lmag’an yemocional ta’sirlerdin’ asti’nda ayti’lg’an asi’ra maqtawlar ko’termelewler yemespe dep te woylap qali’wi’mi’z mu’mkin. Biraq bir na’rsenin’ haqi’yqatli’q yekenin moyi’nlawi’mi’z sha’rt. Wol da bolsa M.Ni’zanovti’n’ povestlerinin’ haqi’yqi’y talant iyesi ta’repinen jazi’lg’an talantli’ shi’g’armalar yekeni. Bul povestler, so’zsiz, qaraqalpaq prozasi’ni’n’ jan’a betin, jan’a bag’dari’n ashti’. Buni’ biz psixologiyali’q proza dep aytpasaqta boladi’. «Aqshagu’l» ha’m «Aqi’ret uyqi’si’» povestlerinin’ tez waqi’tti’n’ ishinde wo’zbek tiline awdari’li’p basi’li’wi’ da tosi’nnan yemes. Wolarda bir na’rseni sezse kerek.

«Aqshagu’l»(2004 j) povestinin’ bas qa’ha’rmani’ biz ku’nde jolda, awi’lda, qalada, bazarda, ko’shede ko’rip ju’rgen wo’z g’almag’ali’ menen ba’nt a’piwayi’ ko’p hayal-kelinsheklerdin’ biri. Woni’n’ wo’miri, turmi’si’ belgili waqi’tlarg’a deyin aytarli’qtay wo’zgerissiz, buri’li’ssi’z wo’z soqpag’i’, wo’z bag’dari’ menen asa ketken wayi’m qayg’i’si’, ta’sirshen’ wo’te berdi. Ha’mmesi wo’z jayi’nda: u’yide bar, yeride bar, bala, qi’zi’da bar, jumi’si’da bar. Wo’zlerine say awi’lda abi’roy-atag’i’da bar. Yendi mine tu’rli wobyektiv ha’m subyektiv faktorlardi’n’

---

[1] Уснатдинов Ш. Өз заманын терең уғынған жазыўшы. «Еркин Қарақалпағыстан». 20-октиябрь 2009 ж.

bir waqi’tta, bir jerde soqli’g’i’si’wlari’ni’n’ na’tiyjesinde Aqshagu’ldin’ wo’mir joli’, turmi’si’ birden buri’li’s jasap ketti. Ku’tilmegende woni’n’ basi’na yesap-sanaqsi’z sheshiliwi mu’shkil bolg’an ta’shiwshler tu’sti. Ne qi’li’w kerek? Bul ta’shwishlerdin’ asti’nda qali’w kerekpe, ya bir ilaji’n qarasti’ri’w kerek pe? Mine usi’ jerden haqi’yqi’y Aqshagu’l baslanadi’. Wol qasari’sqan turmi’sqa qaysarli’q penen qarsi’ turi’p aldi’, ku’ndi ku’n demey, tu’ndi tu’n demey xojali’g’i’ni’n’ ku’ndelikli napaqasi’ ushi’n yesikten yesikke, bazardan bazarg’a juwi’radi’. A’lbette, bul jag’dayda Aqshagu’l asqan qa’ha’rmanli’q ko’rsetti dep aycaq wori’nsi’z bolar. Degen menen woni’n’ qaladag’i’ ku’n ko’risi, turmi’si’ yesap-sansi’z ko’zge ko’rinbeytug’i’n mayda-shu’yde qa’ha’rmanli’qlardan ibarat yedi. Neshshe qorlani’wlardi’, kemsitiwlerdi ishine juti’p Aqshagu’l bulardi’n’ ba’rine shi’dam berdi.

Mine usi’ndy bir qarag’anda ko’zge taslanabermeytug’i’n, biraq bar ku’sh – jigerdi sori’p ketetug’i’n ku’n ko’ristin’ ha’r ku’ngi ta’shiwshlerinde Aqshagu’ldin’ haqi’yqi’y insaniyli’q pazi’yletleri ko’rinedi. Wolardi’n’ ati’ – pidayi’li’q, pa’rwanali’q, to’zimlilik, ken’ peyillik, sabi’r – taqatli’li’q, miynetkeshlik, beglik, sadi’qli’q, hadalli’q. Bulardi’n’ ba’rin wol ku’n ko’riske, ul-qi’zlari’na, yerine, qon’si’ –qobalari’na, tuwi’sqan-tuwg’anlari’na, dos-yaranlari’na ayamay sarpladi’. Biraq axi’ri’nda wo’zi si’ndi’. Yegerde woni’n’ do’gereginde wo’zindey adamlar az bolmag’anda, si’nbawi’ da mu’mkin yedi. Heshkim wog’an shi’ntlap qoli’n sozbadi’, ha’tteki u’y-ishindegilerde woni’n’ hal-jag’dayi’n tu’sine bermedi. Bul waqi’tta birewler jeter-jetpesinliktin’ saldari’nan, birewler aqshani’n’ joli’nda, aqshani’n’ qoli’nda, jeke ma’ptin’, jeke ha’zliktin’ jeteginde shawi’p, qulqi’n, na’psi degen na’rselerdin’ quli’na aylani’p wo’zimshillik, biypa’rwali’q degen keselge shati’lg’an yedi.

Solay yetip Aqshagu’l, bir jag’i’nan, wo’z aq ko’kirekliginin’ ha’m ju’zege keliwine wo’zi sebepshi qolaysi’z shariyatti’n’, yekinshi jag’i’nan, adamlardi’n’ ma’kkarli’g’i’ni’n’ qurbani’ boldi’. Wol na’haqli’q ta’kappi’rli’q, wo’zimshillik atli’ zuli’mli’qqa qarsi’ tura almay si’ndi’, qurban boldi’. A’lbette, bunday insanni’n’ ta’g’dirinin’ usi’lay tamam boli’wi’.

Ha’r bir kitap woqi’wshi’si’nda woyati’p sezimlerin woyatpay qoymaydi’ ha’m bul a’dalaci’zli’qtan yekenin de uqti’radi’. Mine usi’ haqi’yqi’y insani’yli’q sezimlerdi woyata bilgen jazi’wshi’ni’n’ sezimtal talanti’na, kewilge qoni’mli’ so’z tan’law, zerlew sheberligine qayi’l qalmastan basqa ilaji’mi’z joq. Jazi’wshi’ni’n’ aldi’na qoyg’an maqsetide sol g’oy. Al shi’g’armani’ shi’g’arma yetip qatarg’a qosatug’i’n basqa irili-maydali’ ko’rkemlik, funkciyali’q, yestetikali’q belgileri usi’lardan do’rendiler.

Solay yetip Aqshagu’l si’ng’an menen birotala jen’ilgen joq, wol ba’ribir ruwhi’y jaqtan ba’rinen u’stin yedi. Hesh kimnin’ tili barmasa kerek, woni’ buzi’q, wopasi’z dewge. Qanday hu’kim shi’g’ari’lsa da, bug’an woni’n’ tek wo’zi g’ana huqi’qli’, wo’zi g’ana haqli’ yedi. Buni’ iske asi’rdi’ da wo’zi basqa hesh Kim yemes. Bul yen’ qatal hu’kim yedi. Wonda keyinge qayti’wg’a, jen’illik sorawg’a, amnistiyag’a iliniwge hesh mu’mkinshilik joq. Bul hu’jdan hu’kimi yedi wonnan qashi’p quti’li’w joq, wol du’nyadag’i’ barli’q sotlardi’n’ hu’kiminen qatal.

Bala-shag’ani’n’ g’ami’nda ku’ni-tu’ni wommaqazan ati’p ju’rgen usi’ Aqshagu’l atli’ na’zik janli’ nashardi’n’ men degen yerkeklerdin’ qoli’nan kelebermeytug’i’n hu’jdan yerliginin’ aldi’nda dize bu’gip ta’slim bolmastan basqa sharan’ joq. Jazi’wshi’ usi’g’an yerise bilgen. Aqshagu’ldi niyetinen qaytarg’anday birde yerkektin’ shi’qpag’ani’na, wog’an kireg’oy dep ashi’lg’an qapi’lardi’n’ ju’da’ az ha’m azarli’ bolg’ani’na nali’ysan’.

Mine ko’rip turg’ani’mi’zday jazi’wshi’ bul jerde de wo’zinin’ diydine jete bilgen. Woqi’wshi’ biyparq qala almaydi’. Aqshagu’ldin’ wo’zinin’ bii’qti’yar islegen aljasi’g’i’na sonshelli mawasi’zli’g’i’, yendi ha’tteki wo’z jani’n qi’yi’w arqali’ bolsada pa’kleniwge yerkin, sanali’ qa’dem qoyi’wi’ woqi’wshi’ni’ tan’landi’rmayda, tolg’andi’rmayda qoymaydi’. A’lbette, bul bati’l sheshimnin’ quni’ ju’da’ asi’p ketken joqpa yeken degen woy da payda boli’wi’ mu’mkin birewlerde. «Yaq» dep juwap beredi jazi’wshi’, «yaq» dep wog’an qosi’latug’i’n woqi’wshi’lar da tawi’li’p qalar. Jazi’wshi’ bizdi bug’an isendiriwge umti’ladi’, isenbegenlerdi woylani’wg’a shaqi’radi’, wolardi’ ma’jbu’rlewden de qaytpaydi’. Sebebi hu’jdan, ar-nami’s ma’selesinde a’zelden sawdalaspaydi’, wol bazar

narxi’na bag’i’nbaydi’, wonda «tu’sin’kire», «qosi’n’qi’ra», ya «Kim ziyat» degen tu’siniklerge wori’n joq. Qi’ya basti’n’ba, wo’zin’ zawali’n Bere Ber. Ko’teresen’ be, qaytarasan’ba ya kelisimge kelesen’be, ba’ri wo’z yerkin’de.

Jazi’wshi’ wo’zine jen’illik izlep, bii’qti’yar bolsa da kelisimge keliwshiliktin’ aqi’beti nelerge a’kelip soqti’ratug’i’ni’n Aqshagu’ldin’ ta’g’diri arqali’ yeskertedi ha’m bul tuwrali’ wo’zinin’ keskin moralli’q yetikali’q poziciyani’ bildiredi. Hesh waqi’tta hadalli’qti’n’, tuwri’li’qti’n’ quni’ tu’spewi kerek. Usi’ moralli’q – yetikali’q koncepciya povestte wo’z ko’rkem sheshimin tapqan. Wolay bolmag’anda shi’g’arma qurg’aq didaktikani’n’ shen’berinen shi’g’a almag’an bolar yedi ha’m bizdi bunday tolg’ani’slarg’a salmas yedi.

Povestin’ Ayshani’n’ son’g’i’ ku’nlerine arnalg’an betleri kompoziciyali’q jaqtan da, til bayli’g’i’ jag’i’nan da ju’da’ ji’ynaqli’ ha’m ta’sirli jazi’lg’an. Jazi’wshi’ Aqshagu’ldin’ is-ha’reketlerin, tolg’ani’slari’n, a’were-arsan’li’g’i’n, ruwhi’y azapli’ halati’n woqi’wshi’g’a jetkerip beriwde su’wretlew ha’m bayanlaw usi’llari’nan ju’da’ u’nemli ha’m uti’mli’ paydalanadi’, bizin’ sezimlerimizge qozg’aw sali’p, yeste qalg’anday, ko’zge birden taslanatug’i’n psixologizmge bay so’zlerdi boyawlar taba biledi. Bul jazi’wshi’ni’n’ qi’sqa su’wretlewlerinde, bayanlawlari’nda, Aqshagu’ldin’ ishki ha’m si’rtqi’ dialog-monologlari’nda, tolg’ani’slari’nda ayqi’n ko’rinedi. Bug’an isenim payda yetiw ushi’n to’mendegi mi’sallarg’a serlen’kirep di’qqat qoyi’wdi’n’ wo’zi jeterli dep woylaymi’z: «Wol (Aqshagu’l) gewgim arada Saqbaydi’n’ mashinasi’na shashlari’ uypa-juypa boli’p minip ati’ri’p, birinshi ma’rte yesten ayri’li’p qali’p yerine islegen qi’yaneti ushi’n ishinen qan ji’ladi’»(87-bet); «Wol (Aqshagu’l) wo’zin gilti jog’alg’an sandi’qqa megzetti. Bul sandi’q hesh waqi’tta ashi’lmawi’ kerek. Bul sandi’qti’n’ qashandur sol ku’yinde tun’g’i’yi’qqa ketetug’i’n ku’ni bar. Qa’nekey, sol ku’n tezirek kelse yedi. Bir wo’mirlik azabi’ bar, bir demlik la’zzet Aqshagu’ldi toyi’ndi’ri’p jibermey turi’p kelsin usi’ qarali’ ku’n» (88-bet); «Wol (Aqshagu’l) awi’r tartqan denesin zorg’a ko’terip, jumi’sqa ketti. Ku’n boyi’ hesh kim menen ashi’li’si’p so’ylese almadi’. Tu’ste hayallardi’n’ shay du’kani’na da qosi’la almadi’. Bir wo’zi ishten ilip woti’ri’p teren’ woyg’a shu’mdi. Bul woydan wol wo’zin jag’ag’a

ali’p shi’qqanday mi’qli’ qol taba almadi’. Qansha woylag’an sayi’n sonshelli tun’g’i’yi’qqa shu’me berdi, shu’me berdi»(89-b); «Nawri’zdan keyingi u’shinshi tan’da wol ku’ndegiden yerte woyandi’. U’ydegi ha’mme na’rseni yadlap alatug’i’nday di’qqat penen telmiredi. Wo’zi ku’nde uslap tutqan qazan-tabaqti’ man’layi’na tiygizdi, qumandi’, sha’ynek keselerdi ha’tte sipsege deyin bir qatar si’ypalap qaytari’p worni’na qoydi’. Keyninen xannan qatersiz uyi’qlap ati’rg’an ballari’ni’n’ bas ushi’na kelip biraz woti’rdi’. Wol Quwatqa, Yesenge ko’zleri toymay qaradi’… Keyin Nurjanni’n’ qasi’na kelip saqqa ju’gindi: - keshir meni, ko’z ashi’p ko’rgen qostari’m, - dep yegitildi ishinen…

Wol ku’yewinin’ g’awajaqlang’an yerninen son’g’i’ ma’rte su’ydi de, yesik betke a’kelip qoyg’an kir jibin ali’p pitpey turg’an taza jayg’a kirip ketti.»(92-b).

Mine bul keltirilgen qi’sqa u’zindilerden ko’rip turg’ani’mi’zday Aqshagu’ldi ishten jegidey jegen hu’jdan azablari’ wog’an a’jelden basqa basqa imkaniyat qaldi’rmag’an yeken. A’jel woni’n’ ushi’n yendi hu’jdan azablari’nan, adamlardi’n’ tobalawlari’nan azat qi’latug’i’n jalg’i’z jol boli’p ko’rindi.

Aqshagu’ldin’ qa’lbinde keship ati’rg’an tragizmge toli’ psixologiyali’q drama woni’n’ moyni’na jip ildirmesten bir ku’n buri’n qi’zi’na jazg’an xati’n ha’m soni’n’ sa’l aldi’rag’i’nda Amerikada woqi’p ati’rg’an qi’zi’nan kelgen xati’ woqi’g’ani’mi’zda a’bden shiyelenisip, teren’lese tu’sedi ha’m bizdi wot penen suwdi’n’ arasi’nda qalg’anday bir hu’rey sezim biylep aladi’.

Annali’-qi’zli’ yekewinin’ jazi’sqan ha’m ali’sqan xatlari’ni’n’ mazmuni’ ha’m ishki terbenisleri bir-birine pu’tkilley diametral qarsi’. Yendi 16 jasi’n jan’a tolti’rg’an Arzayi’mni’n’ xati’ yele balag’a ta’n ashi’qli’g’i’, tuwri’li’g’i’, sadali’g’i’ menen su’ysindiredi. Arzayi’mni’n’ keleshekten u’miti zor, qa’lbi arzi’w-a’rmanlarg’a toli’ ha’m bulardi’n’ iske asatug’i’ni’na isenimi mol. Wo’zinin’ u’kelerinin’, ag’asi’ni’n’ biytalapli’g’i’ ha’m yendigiden bi’lay qalay islegende wo’zlerinin’ ha’m ma’mlekettin’ qurg’i’nlasi’p ketetug’i’ni’ tuwrali’ pikir ju’rgiziwleri de balag’a ta’n sadali’g’i’na qaramay yeriksiz mi’yi’q tartqi’zi’p adamda ji’lli’ sezimler woyatadi’. Arzayi’mni’n’ keleshekke talpi’ni’p, hallaslap turg’an jas ju’reginde ata-anasi’na degen minnetdarli’q ha’m mexribanli’q ta

tasqi’nlap tur. Wol ata-anasi’ni’n’ 90-100 jasaytug’i’ni’na ha’m wolarg’a wo’zlerinin’ ra’ha’t ko’rsetetug’i’ni’na isenedi. Jasli’qqa ta’n ne degeng pa’klik, ne degen isenim! Biraq xata Aqshagu’ldin’ ko’keyine qozday basi’latug’i’n bes-alti’ so’z bar. Wolar anasi’na ma’det, su’yenish bolsi’n dep ayti’lg’an yedi: «Sabi’rli’li’q penen ku’tesen’g’oy, apa, sen sabi’rli’ hayalsan’, ba’rine shi’daysan’!»(89-b).

Biraq wolay bolmay shi’qti’. Sebebi Arzayi’mni’n’ anasi’ Aqshagu’l ju’da’ pa’k, taza hayal yedi. Soni’n’ ushi’n wol takappi’rli’q penen ma’kkarli’qti’n’ aldi’nda a’zzilik yetti. Ku’shler ten’ yemes yedi. Bul Aqshagu’ldin’ qi’zi’ni’n’ xati’n woqi’g’annan keyingi halati’nda ju’da’ ani’q seziledi. Mi’na qatarlarg’a di’qqat awdarayi’q: «Bul xati’ woqi’p hesh kimge ko’rsetpey, bawi’ri’na basi’p ji’lap aldi’ «Biyshara balam-aw,»-dep qamsi’qti’ ishinen. Senin’ na’restedey pa’k ju’zin’e qalay qarayman. Samolettan tu’sip kelip «apa» dep juwrg’ani’n’da bile tura qiyanetke bi’lg’ang’an bu qushag’i’mdi’ qalay asharman sag’an. Ayt, qalay, qalay? sen meni yele sabi’rli’ hayal dep bilesen’, menin’ sabi’ri’mdi’ joyi’tqani’ma a’dewir boli’p qaldi’g’oy…» (89-b).

Al Aqshagu’ldin’ qi’zi’na jazg’an xati’na keletug’i’n bolsaq, wol, a’lbette, 16 jasar yele keleshekten u’miti zor qi’zdi’n’ xati’ yemes. Bunda qi’zi’ni’n’ xati’ndag’i’day ko’terin’ki Rux, ko’terin’ki so’zlerge wori’n joq. Bul Aqshagu’ldin’ qi’zi’ menen, wo’mir menen xoshlasi’p jazg’an axi’rg’i’ xati’ yedi. Sonda da wol tu’nsiz tu’skinlikke, sharasi’zli’qqa, aybaraqlap tal qarmawshi’li’qqa berilmeydi. Bul aldi’ yertetin qalg’an u’sh ul-qi’zdi’n’ anasi’, ko’pti ko’rgen ha’ywani’da’rejesine jetip qalg’an, biraq qa’lbin ha’siret biylegen hayaldi’n’ xati’.

Aqshagu’ldin’ ha’r so’zinde sabi’r – taqatti’n’, aqi’l parasatti’n’ izi bar. Woni’n’ qi’zi’na bolg’an yeljiregen mehri, sag’i’ni’shi’ ag’i’l-tegil boli’p qag’az betine de, qa’lbine de siyar yemes, asi’p-tasi’p yen’ biyik shi’n’i’na jetkendey. Bul uli’na-qi’zi’na ku’nde ayti’p ju’rgen a’piwayi’ su’yispenlik, yerkeletiw so’zleri yemes. Bunda armanda baratqan anani’n’ axi’rg’i’ qi’ymasli’q so’zleri bar. Bul jag’day Aqshagu’ldin’ xati’ndag’i’ ha’r bir so’zge basqasha salmaq, basqasha tu’s, basqasha ko’rinis bag’i’sh yetedi.

Ne bolg’anda da wol Aqshagu’l sheksiz uwayi’mni’n’ asti’nda qalmaydi’. Wol ali’p barati’ri’pta usi’ du’nyani’n’ g’almag’ali’ menen jasaydi’, wo’mirge de, wo’limge de tik qaraydi’. Bul ma’rtlik wog’an halqi’mi’zdi’n’, ata-analari’ni’n’, awi’llaslari’ni’n’ aqi’l-parasati’nan, danali’g’i’nan juqqan, qa’liplesken. Usi’ ma’rtlik woni’ yen’ son’g’i’ demlerine shekem ta’rk yetpeydi. Aqshagu’l yendi wo’zisiz keshetug’i’n keleshek wo’mirdin’ ko’rinislerin qi’yali’nan wo’tkere baslaydi’. Wonda wol ul-qi’zlari’ni’n’ ka’malg’a kelgen, yerinin’ aqsaqal-ata bolg’an payanli’ wo’mirin ko’z aldi’na keltiredi ha’m solay bolatug’i’ni’na isenedi. Yerinin’, ul-qi’zlari’ni’n’ awi’llaslari’ni’n’, yel-jurti’ni’n’ woni’ keshiretug’i’ni’na isenedi ha’m wolardi’n’ yadi’nda bir japakesh hayal, anna, qostar boli’p qali’p, sol wo’zinen keyin dawam yetip ati’rg’an wo’mirde wolar menen birge bolatug’i’ni’na isenedi.

Wol usi’nday insan si’pati’nda woqi’wshi’lardi’n’ da kewil sarayi’nan wori’n ali’p, wolardan wo’zine za’rre jumsag’i’raq, za’rre keshirimlirek boli’wg’a u’nsiz sorani’p turg’anday: - Men bar ku’sh-jigerimdi, nebir-nebir waqlarda ari’mdi’, begligimdi ishime ji’ynap qoyi’p, tisleniwim menen yerimnin’, ul-qi’zlari’mni’n’ ku’ndelikli napaqasi’, keleshek baxti’ ushi’n jumsadi’m. Ba’ri senin’ woylag’ani’n’day bola bermeydi yeken. Ne ila’j. Men baxi’ci’z nashar yemespen, tek baxti’m sa’l su’rinin’kirep qaldi’. Sizlerde wolay bolmag’ay…

Solay yetip, Aqshagu’ldin’ xati’ povestin’ mazmunli’q ha’m formali’q qurami’nda yen’ si’yi’mli’ ha’m uti’mli’ kompoziciyali’q, syujetlik, stilistikali’q ko’rkem yelementlerdin’ biri si’pati’nda wolardi’n’ ba’rin bir tu’yinge ji’ynag’an povestin’ syujetlik quri’li’si’ni’n’ kulminaciyasi’ boli’p tabi’ladi’.

Bul kulminaciyali’q yelementtin’ ku’shi sonnan ibarat, wol Arzayi’mni’n’ xati’ menen wo’z-ara baylani’sqa tu’sip, jaqi’nlasi’p ketkende yelektr zaryadlari’ jaqi’nlasqanda ushqi’n shi’g’aratug’i’nday birden jarq yetip, Aqshagu’ldin’ Jan – du’nyasi’ni’n’ ba’rshe quwi’s – qolti’qlari’n jan’tarti’p jiberedi. Bul jarqi’ldi’n’ ta’sirinen tu’sinimpaz ha’m ta’sirshen’ kitap woqi’wshi’lari’mi’zda si’rta qalalmasa kerek. Jaqti’ bar jerde jamanli’qti’n’ wo’risi tari’g’i’p baradi’.

Aqshagu'l qiyanet salmag'i'n ko'terealmay, yele betinin' qi'zi'li' ketpegen kelinshek waqti'nda nabi't bolg'an bolsa, «Aqi'ret wyqi'si'» povestinin' bas qa'ha'rmani' Wo'temurat, kerisinshe, jasari'n jasag'an, asari'n asag'an to'rinen go'ri jaqi'n 90 jasti' arti'na salg'an g'arri'. Wol ilim doktori', professor, u'lken abi'royg'a, hu'rmetke iye adam. Biz woni'n' menen povest betlerinde miyine qan ketip, yesinen ayri'li'p ji'g'i'lg'an waqlari'nda tani'sami'z. Bul jag'daydi' xali'q tilinde «aqi'ret uyqi'si'», al medicina tilinde «komag'a tu'sip kaldi'»deydi. Wo'temuratti'n' bul halati' bir neshe ku'nge sozi'ladi'. Woni'n' tirishilik belgileri ga' so'nip, ga' tami'p turg'an zaqi'mlang'an sanasi'nda woni'n' wo'tmish wo'mirinin' ko'rinisleri birinin' izinen biri wo'tip atadi'. Wo'temuratti'n' wo'mirinde de tu'rli tosqi'nli'qlar, jaramasli'qlar, qiyanetler ko'p bolg'an yeken. Wolda wo'mirden, adamlardan ko'p da'kkiler jegen. Biraq woni'n' wo'zi ju'da' hadal, taza, kisige ziyansi'z adam. Soni'n' ushi'nda wol usi'nday uzaq jasawg'a miyassar boli'p, wo'zinin' bala wag'i'nda «jazi'wshi'» ya «ali'm» bolaman degen a'rmani'na yerisedi. Ko'p ul-qi'zlardi'n', aqli'qlardi'n' atasi', ko'plegen sha'kirtlerdin' ustazi'. Qullasi' wo'zi aytkanday «awi'lg'a kerek bolmasa yelge kerek» u'lken adam boli'p jetisti. Biraqta Wo'temuratti'n' da aspani' girbin'siz yemes. Woni'n' wo'mirinde de bir-yeki gu'na' qiyanetlikler bolg'an. Wo'temuratti'n' ju'da' sezimtal ha'm saq hu'jdani' wolardi' umi'tti'rmaydi'. Wol solardi'n' ju'gin arqalap jasawg'a ma'jbu'r. Ba'lkim soni'n' ushi'nda woni'n' qartayg'an shag'i'ndag'i' ji'llari' su'yikli hayali' Rawshansi'z jekkesirewlikte wo'tken shi'g'ar. Yendi Wo'temuratti'n' hu'jdan dawi'si'na qulaq salayi'q. Birinshi islegen «gu'nasi'nan» keyin: «Wol awi'ldan tezirek uzaqlag'i'si', tezirek ha'mmesin umi'tqi'si' keldi. Qashan yedi, bayag'i'da ma, ya keshe me qi'yanet haqqi'nda woylag'anda usi' waqi'ya yesine kelmedi me? Yaq, woylag'an joq qi'yanet haqqi'nda. Miyi shati'si'p woti'r (84-b) Yekinshi qi'yanetten keyin: «Wol … wo'z hu'jdani' aldi'nda juwapker sezimdi. Hu'jdani' – sol qoli' qang'a bi'lg'ani'p kelgen ji'nayachi', lekin wo'mirinshe da'rti ishinde ju'retug'i'n biypush jigitti qatti' ayar yedi… A'ne, sag'an qi'yanet! – dedi Wo'temurat tislenip–nege woni' jasi'rdi'n'? Demek, men de sol qi'lmi'sqa sherik bolg'ani'm

yemespe? Wo'temuratti'n' wonnan basqa da bir ma'rte islegen qi'yaneti bar yedi. Negedur, wol yesime tu'spedi. Yesinde sol ji'nayachi'ni' jasi'rg'an qi'yaneti mo'rletip qaldi'.

-Wot! wot! – men de Bekniyaz doktor qusap wotqa tu'sip jani'wi'm kerek. Jani'wi'm kerek! (65-b)

Mine ko'rip turg'ani'mi'zday «Aqshagu'l» povestindegi moralli'q – yetikali'q koncepciya «Aqi'ret uyqi'si'» povestinde de basli' wori'ng'a shi'g'i'p, Wo'temurat ha'm basqa yekinshi da'rejeli qa'ha'rmanlardi'n' obrazlari'n da wo'zinin' ko'rkemlik sheshimin tapqan. Buni' Bekniyaz doktordi'n', Yerimbet qoti'rdi'n', ilimiy xi'zmetker Jumabaydi'n', awi'l mu'g'allimi Yernazardi'n', Wo'temuratti'n' anasi' A'njimnin' obrazlari' tasti'yi'qlaydi'.

# II BAP. KO’RKEM MA’KA’N HA’M ZAMAN KONCEPCIYASI’ HA’M A’DEBIY QAHARMAN

## §1. Ko’rkem a’debiyatta ma’ka’n ha’m zaman koncepciyasi’ni’n’ orni’ ha’m a’hmiyeti.

Adamni’n’ yestetikali’q du’nyasi’ woni’n’ seziw qa’bileti menen ti’g’i’z baylani’sli’. Sonli’qtan da, wol wo’zi jasap ati’rg’an ma’ka’n ha’m zamang’a, do’geregindegi zat-predmetlerge waqi’ya-ha’diyselerge, qubi’li’slarg’a qansha serlirek boli’p qatnas jasasa, wolardi’n’ mazmun-ma’nisin teren’irek tu’siniwge umti’lsa, woni’n’ du’nya tani’mi’ teren’lesip, aynalasi’nda ju’z berip ati’rg’an waqi’ya-ha’diyselerdin’ tu’p ma’nisin ug’i’ni’w ha’m wolarg’a baha beriw, wo’z mu’na’sibetin bildiriw uqi’bi’ arti’p baradi’.

Aynala-do’geregimizde keship ati’rg’an ha’r bir waqi’ya-ha’diysenin’, qubi’li’sti’n’ sebepshileri, qatnasi’wshi’lari’, baqlawshi’lari’ bolg’an adamlar bar. Mine, usi’ adamlardi’n’ ku’ndelikli turmi’si’, is-ha’reketleri, wo’mir ta’shiwishlerin biliw arqali’ biz wolar jasap ati’rg’an zaman haqqi’nda, ma’kan haqqi’nda, wo’zleri haqqi’nda tu’sinikke iye bolami’z. Ja’miyechilik wo’mirdin’ usi’ ta’repin u’yreniwde, ta’jiriybe artti’ri’wda, sabaq ali’wda ko’rkem a’debiyatti’n’ worni’ wo’z aldi’na. Bul jag’i’nan yepikali’q shi’g’armalardi’n’, soni’n’ ishinde roman, povest, gu’rrin’lerdin’ worni’ bir bo’lek. Wo’ytkeni wolardi’n’ basli’ temasi’ adam ha’m ja’miyettin’ qari’m-qatnasi’. Bizdi bul jerde wo’zimizdin’ jumi’si’mi’zdi’n’ temasi’na baylani’sli’ povest janri’ ko’birek qi’zi’qti’radi’.

Povest romannan keyingi ko’lemli janrlardi’n’ biri. Sonli’qtan da bul janrda da zaman qaharmanlari’ni’n’ obrazlari’n, wolar jasap ati’rg’an ma’kan ha’m zamanda ju’z berip ati’rg’an waqi’ya-ha’diyselerdin’ rawajlani’w processin ra’n’-ba’ren’ boyawlarda su’wretlep beriw mu’mkin. Povestte wori’n alg’an qaharmanlardi’n’, personajlardi’n’ qa’lbi, woy-pikirleri, sezimleri wo’zleri jasap ati’rg’an ma’kan ha’m zaman shegarasi’nda qa’liplesken boli’p ha’m solarg’a bag’darlang’an boladi’. Woni’si’z jazi’wshi’g’a qaharmanni’n’ ishki du’nyasi’n

ko'rsetiw ju'da' qi'yi'n bolg'an bolar yedi. Demek, povestte, bir ta'repten, qaharman qa'lbinde yekinshi ta'repten, ma'kan ha'm zamanda ju'z berip ati'rg'an waqi'ya-ha'diyselerdin' qarama-qarsi'li'qlari', wolardi'n' shiyelenisiwleri ha'm sheginiwleri wo'zlerinin' ko'rkem sa'wleleniwin tabadi'. Janrli'q principtin' bul talaplari'na M.Ni'zanovti'n' povestleri toli'q juwap beredi. A'debiy shi'g'armada woni'n' syujetlik strukturasi' payda yetetug'i'n waqi'ya-ha'diyseler belgili bir ma'kanda ha'm zamanda ju'z beretug'i'ni' ani'q. Bul wo'mir ha'm a'debiyat ni'zami'. Mine, usi' ni'zamshi'li'qqa tayani'p jazi'lg'an ko'rkem shi'g'armalar ha'm wolardi'n' syujetleri ju'da' puxta boladi'.

Biz ma'kan ha'm zaman degende to'mendegilerdi tu'sinemiz.

«Ma'kan» - bul ko'rkem shi'g'armani'n' mazmuni'n quraytug'i'n waqi'ya-ha'diyseler ju'z bergen belgili ma'kan, jer (sha'ha'r, awi'l, dala, ko'she, u'y ha'm t.b.), al «zaman» - bul shi'g'arma waqi'yalari' boli'p wo'tken waqi't-da'wir, tariyxti'n' bir bo'legin, ji'l ma'wsimleri, aylar, ha'pteler, ku'nler ha'm t.b). Mi'sali', I.Yusupovti'n' «Aktirasi'ni'n' i'g'bali'» poemasi'ndag'i' waqi'ya-ha'diyseleri tariyxi'mi'zdi'n' belgili bir ma'nzilinde ha'm da'wirinde ju'z bergen. Poemani'n' bas qaharmanlari' Abdiraxman ha'm Ari'wxanni'n' is-ha'reketleri menen baylani'sli' waqi'yalar konkret ma'kanda (Qon'i'rat, Tu'rtku'l, No'kis ha'm usi' do'gerektegi awi'llar) da ha'm da'wirde XX a'sirdin' 30-shi' ji'llari'nda ju'z bergen. Abdiraman ha'm Ari'wxanlar XX a'sirdin' 30-shi' ji'llari'ndag'i' jan'a wo'mirge, ma'deniyatqa umti'lg'an qaraqalpaq jaslari'ni'n' aldi'n'g'i' qatardag'i' tipik wa'killeri. Bul faktor poema syujetinin' wo'mirshen'ligin, haqi'yqatli'g'i'n ta'miynleydi.

T.Qayi'pbergenovti'n' «Mug'allimge rahmet» povestinin' waqi'yalari' da usi' da'wirge tuwra keledi. Povestin' bas qaharmani' awi'l balasi' Turdi'murat ha'm Men'limurat mug'allim. Men'limurat qaraqalpaq awi'llari'na ilim-bilim a'kelgen birinshi intelligenciyani'n' wa'kili, al Turdi'murat ha'm woni'n' awi'llas ballari' jan'a mektepke birinshi qa'dem qoyg'an ilimge-bilimge umti'lg'an, qaraqalpaq jaslari'. Povesttegi so'z bolg'an waqi'ya-ha'diyseler do'n'gelek ko'l

awi’li’nda ha’m woni’n’ a’tirapi’nda ju’z beredi. Bul jag’daylardi’n’ ba’ri povest syujetinin’ qi’zi’qli’ ha’m tarti’mli’ boli’wi’na imkaniyat jaratadi’.

Qi’sqasi’, ha’r bir realistlik do’retpenin’ waqi’ya-ha’diyseleri belgili bir ma’kanda ha’m zamanda boli’p wo’tiwi, ko’rkem syujettin’ yen’ za’ru’rli sha’rtlerinin’ biri, woni’si’z ko’rkem shi’g’armani’n’ wo’zi joq. Ma’kan ha’m zaman syujetti ha’reketke keltiredi, ta’sirshen’ligin artti’radi’, mazmuni’n bayi’tadi’.

Ma’kan ha’m zaman haqqi’nda so’z qozg’ani’mi’zda mi’na na’rseni de yesten shi’g’armag’ani’mi’z maqul: shi’g’armag’a wo’zek bolg’an waqi’ya-ha’diyseler ju’z bergen yamasa ju’z beriwi mu’mkin bolg’an ma’kan (jer) tariyxi’y ani’q, konkret (No’kis, Kegeyli, Moynaq, To’rtku’l) boli’wi’, ayri’m waqi’tlari’ toqi’ma, yadtan shi’g’ari’lg’an boli’wi’ da mu’mkin, biraq wog’an ba’ri bir konkret ma’kani’ni’n’ berilgen boladi’.

Tag’i’ bir aytatug’i’n na’rse. Realistlik shi’g’armada waqi’ya-ha’diyseler bir ma’kanda boli’p wo’tiwi de, ha’r qi’yli’ jerlerde de ju’z beriwi de mu’mkin. Mi’sali’, T.Qayi’pbergenovti’n’ «Mug’allimge raxmet» povestinin’ waqi’yalari’ tiykari’nan Do’n’gelek ko’l awi’li’nda ha’m woni’n’ a’tirapi’nda boli’p wo’tken bolsa, al woni’n’ «Qaraqalpaq da’stani’» cikline kirgen romanlardi’n’ waqi’yalari’ qaraqalpaq jerinde, Worta Aziyani’n’ Qazaqstanni’n’, Rossiyani’n’ sha’ha’rlerinde boli’p wo’tedi.

Tag’i’ da ko’rkem shi’g’arma waqi’yalari’ bir yaki bir neshe ji’llar, bir yamasa bir neshe ku’nlerde ju’z beriwi mu’mkin. Mi’sali’, Ch.Aytmatovti’n’ «a’sirge tati’rli’q ku’n» romani’nda bas qaharman wo’mirinin’ tiykari’nan, bir ku’ninde boli’wi’ mu’mkin bolg’an waqi’ya-ha’diyseler qa’lemge ali’ng’an. Sh.Seytovti’n’ «Shi’rashi’lar» romani’ni’n’ syujeti tuwrali’ da usi’ni’ ayti’wg’a boladi’. Shi’g’armani’n’ ishki betinde ati’nan keyin «Wo’mirdin’ bir aqshami’ haqqi’nda» roman dep kishi at penen ani’qlama beriliwi bug’an da’lil.

Ha’r bir ko’rkem shi’g’arma ma’kan ha’m zaman haqqi’ndag’i’ yesap-sansi’z teren’ ma’nili tu’siniklerdi wo’z boyi’na ja’mlegen boladi’.

Bul jerde insan wo'miri da'wirlerinin' (balami'z, jasli'q, yer jetkenlik, g'arri'li'q) tariyxi'y da'wirlerdin' (da'wir ha'm a'wladlardi'n' wori'n almasi'wi', ja'miyetlik wo'mirdegi iri waqi'yalar), kalendarli'q (ji'l ma'wsimlerinin', jumi's ku'nleri menen bayramlardi'n' almasi'wi'), sutkali'q (ku'n ha'm tu'n, azan ha'm kesh) waqi'tlardi'n' obrazlari', sonday-aq ha'reket ha'm qi'ymi'lsi'zli'q, haqqi'nda wo'tmishtin', ha'zirginin', keleshektin' wo'z-ara qatnasi' haqi'nda tu'sinikler wori'n alg'an boladi'. D.S.Lixachevti'n' ayti'wi'nsha, du'nyani'n' wo'zgermeliligi haqqi'nda adamlardi'n' tu'sinigi da'wirden da'wirge ken'eygen ha'm teren'legen sayi'n waqi'tti'n' obrazi' ko'rkem a'debiyatta u'lken a'hmiyetke iye bola baslaydi'. Jazi'wshi'lar shi'nli'qti', woni'n' ma'kanli'q ha'm waqi'tli'q wo'lsheminde su'wretlewge umti'lmaqta.[1]

Ko'rkem a'debiyatta wori'n alg'an ma'kan obrazlari' da ha'r qi'yli'. Wolar ashi'q ha'm jabi'q, jergilikli ha'm kosmosli'q, real ko'rinetug'i'n ha'm qi'yali'y, jaqi'n ha'm ali's ma'kanlar boli'wi' mu'mkin. Ko'rkem a'debiyat ha'r qi'yli' ma'kanlardi' jaqi'nlati'w ha'm bir-birine aralsati'ri'p jiberiw imka'niyati'na iye. Mi'sali', «Aqshagu'l» povestinde No'kis penen Amerika obrazi'.

Ko'rkem shi'g'armada wori'n alg'an ma'kan ha'm zaman tu'sinikleri wo'z-ara qatnasqa kirip pu'tinlikti quraydi'. Buni' M.M.Baxtin-xronotop dep atag'an yedi (a'yyemgi grekshe Chromos-waqi't ha'm topos – wori'n, ma'kan). «Xronotop, - dep» jazg'an yedi ali'm, - a'debiy shi'g'armani'n' ko'rkem bir pu'tinligin belgileydi. < > Ma'kan ha'm zaman ani'qlamalari' ko'rkem wo'nerde ha'm a'debiyatta ba'rhama yemocional-qa'dir-qi'mbatqa iye».[2] M.Baxtin idealli'q, misteriyali'q karnavalli'q xronotoplardi' izertleydi ha'm sonday-aq joldi'n', bir haldan yekinshi jag'dayi' halg'a wo'tiwdin' awdari'spaqlardi'n', saray, miymanxana, solay, kishkene sha'ha'rlerdin' xronotoplari'n u'yrenip shi'g'adi'. Ali'm Xronotopti'n' shi'g'armadag'i' tutqan worni'ni'n' bahali'li'g'i'n, qa'dir-qi'mbati' haqqi'nda so'z ju'ritedi ha'm woni' forma menen mazmuni'ni'n' kategoriyasi' dep ataydi'. Wol shi'g'arma-mazmuni'ni'n' ma'nisin ashi'p beriwge

[1] Лихачев Д.С. Поэтика древнерусской литературы. М. 1980, С.209.
[2] Бахтин М.М. Вопросы литературы и эстетики. М., 1980, с.399.

bolg'an ha'r qanday umti'li'slari' tek xronotop arqali' iske asi'ri'latug'i'ni'n atap ko'rsetedi.

A'debiy shi'g'armalardi'n' xronotopli'q mazmuni' wolarg'a filosofiyali'q tu's, ma'ni bag'i'shlaydi', woni'n' so'z benen toqi'lg'an obrazlari'n bolmi'sti'n', a'lemnin' bir pu'tin obrazi'na ushlasti'radi'.

Ma'kan ha'm zaman a'debiy shi'g'armalarda wolardi'n' syujetlerinin' tiykari'n quraydi'.

## §2 M.Ni'zanovti'n' «Aqshagu'l» ha'm «Aqi'ret uyqi'si'» povestlerinde ma'kan ha'm zaman koncepciyasi' ha'm qaharman obrazi'

Qaraqalpaq a'debiyati' tariyxi'nda ko'rkem shi'g'armag'a wo'zek bolg'an waqi'ya-ha'diyselerdi jan'a da'wir realistlik a'debiyati' da'stu'rlerinen kelip shi'g'i'p ma'kan ha'm zaman koncepciyasi' poziciyasi'nan su'wretlew wo'tken a'sirdin' 20-30 ji'llari'nda baslani'p 40-50 ji'llarg'a kelip a'dewir ta'jiriybe toplag'an yedi. Ko'rkem a'debiyatta da'wir qaharmanlari'ni'n', tariyxi'y tulg'alardi'n' obrazlari', milliy xarakterleri jarati'ldi'. Yepos, drama, lirika janrlari'nda payda bolg'an bunday qaharmanlardi'n' obrazlari'nda sol da'wirdin' siyasiy-ja'miyetlik problemalari', xalqi'mi'zdi'n' milliy u'rp-a'detleri, da'stu'rleri wo'z ko'rinisin tapqan yedi. Bunday shi'g'armalardi'n' qatari'na S.Ma'jitovti'n', A.Musaevti'n', Q.Awezovti'n', A'.WO'tepovti'n', M.Da'ribaevti'n', N. Da'wqaraevti'n', A.Dabi'lovti'n', J.Aymurzaevti'n' bir qatar do'retpelerin kirgizsek boladi'. Bul shi'g'armalar sol da'wirde Qaraqalpaqstanda ju'z bergen waqi'ya-ha'diyselerdin' ko'rkem ji'lnamasi' si'pati'nda bu'ginde wo'z a'hmiyetin jog'altqan joq.

Qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' jan'a betin ashqan bul jazi'wshi'lardi'n' da'stu'rleri kelesi a'wlad I.Yusupovti'n', T.Qayi'pbergenovti'n', K.Sultanovti'n', Sh.Seytovti'n' do'retpelerinde dawam yetilip jan'a basqi'shqa ko'terildi.

Al qaraqalpaq a'debiyati'n do'retiwshi – keyingi a'wlad jazi'wshi'lari'ni'n' ishinen Wo.Abdiraxmanovti'n', K.Allambergenovti'n', A'.Atajanovti'n',

A.Sadi’qovti’n’, M.Ni’zanovti’n’ ismlerin atap wo’tkenimiz wori’nli’ boladi’. Wolardi’n’ shi’g’armalari’ menen bu’gingi a’debiyati’mi’zdi’n’ tabi’slari’ belgilenedi. Respublikami’zda son’g’i’ da’wirde ju’z berip ati’rg’an ja’miyetlik wo’mirdin’ ku’ndelikli turmi’stag’i’ ruwxi’y du’nyami’zdag’i’ wo’zgerisler mine usi’ jazi’wshi’lardi’n’ do’retpelerinde ko’rkemlik sheshimin tappaqta ha’m a’debiy kritikani’n’, kitap woqi’wshi’lari’ni’n’ di’qqati’n wo’zine qaratpaqta. Bulardi’n’ ishinde M.Ni’zanovti’n’ «Aqshagu’l», «Aqi’ret uyqi’si’» povestleri ayri’qsha atap ko’rsetiwge i’layi’q. Baspaso’zge yen’ ko’p recenziyalar da usi’ povestler haqki’nda basi’ldi’. Biz wolar tuwrali’ joqari’da ayti’p wo’ttik.

Bul shi’g’armalar bizin’ magistrlik jumi’si’mi’zdi’n’ temasi’ bag’dari’nan da u’lken qi’zi’g’i’wshi’li’q tuwdi’radi’. Sebebi wolardi’n’ bas qaharmanlari’ bu’gingi ku’nnin’ adamlari’ bizin’ zamanlaslari’mi’z. Al shi’g’armalarg’a wo’zek bolg’an waqi’yalar bizin’ respublikami’zda boli’p wo’tken.

Solay yetip, povestte so’z bolatug’i’n waqi’ya-ha’diyselerdin’ boli’p wo’tken ani’q waqti’ ko’rsetilmese de, No’kistin’ ati’ atalmasa da, biz wolardi’n’ wo’tken a’sirdin’ 90 ha’m jan’a a’sirdin’ baslari’nda No’kis bolmag’an menen No’kis qusag’an sha’ha’rdin’ territoriyasi’nda (keyninde bul No’kistin’ wo’zi boli’p shi’qti’) ju’z bergen dep shamalaymi’z. Buni’ biz povesttin’ birinshi betin woqi’g’annan-aq sezemiz. Tap solay, sezemiz, al woqi’p bilip almaymi’z. Biz bul obrazli’ informaciya menen duslasami’z. Wobrazli’ informaciyani’n’ jay informaciyadan parqi’, wol yemocional, individual, uli’wmali’q, ko’rkem toqi’mali’q ha’m yestetik ta’sirshen’lik qa’siyetlerge iye. Mine usi’ obrazli’ informaciyalardi’n’ arqasi’nda bizin’ qi’yali’mi’zda waqi’ya ju’z bergen waqi’tti’n’ (zamanni’n’), jerdin’ (maqanni’n’) obrazlari’ sa’wlelene baslaydi’. Bul obrazlarda, a’lbette zamanni’n’, ma’kanni’n’ janli’, tani’mali’ belgileri ja’mlengen boladi’. Mine usi’ belgiler bizge wolar haqqi’nda wo’z pikirimizge, tu’sinigimizge iye boli’wg’a mu’mkinshilik jaratadi’.

Ma’lim bolg’ani’nday, yepik shi’g’armalardi’n’ mazmun, tema, ideya-estetikali’q koncepciyalari’n ju’zege shi’g’ari’wda syujet basli’ wori’ndi’ iyeleydi. Wo’ytkeni syujet ko’rkem shi’g’arma ko’lemindegi waqi’yalardi’n’ belgili ta’rtipte

su'wretleniwi, bayanlani'wi'. Bul da wo'z-o'zinen payda bolmaydi', ba'lki qaharman, personajlardi'n' is-ha'reketleri, wolardi'n' bari's-kelis qatnaslari', ju'risleri, sayaxatlari' arqali' ju'zege shi'g'adi'. Sol sebepli syujettin' ha'reketke keliwi ushi'n ma'kan ha'm zamanni'n' a'hmiyeti u'lken. Buni' biz M.Ni'zanovti'n' «Aqshagu'l» povesti mi'sali'nda ani'q ko'remiz.

Povesttin' waqi'yalari' qala marshrutli' taksidin' ishindegi bir ko'rinisti su'wretlewden baslanadi'. Bul ko'rinis syujettin' bir yelementi yekspoziciya xi'zmetin atqaradi'. Woqi'p baslaymi'z: « - Aqshagu'l sen usi' jerde tu'speytug'i'n ba yedin'? –dedi marshrutli' taksidin' aydawshi'si' mashinasi'n u'sh kabat u'lken imaratti'n' aldi'nda irkip.

- So'ytip, kishe, mi'na kastryuli'n' jambasi'mi'zdi' shala pisirdi g'o, -dep ku'ldi wori'nli'qta bir qi'yalap zorg'a si'yi'p woti'rg'an jas jigit murti'nan ku'lip.

Mashinadag'i'lar jen'il ku'listi. Al, Aqshagu'ldin' bolsa qi'si'ng'ani'nan yeki beti qi'p-qi'zi'l boli'p, u'ndemesten tu'siw menen boldi'. Ha'r sapari' wol usi' jerden tu'sip qalg'anda basi'n tik ko'terip, aydawshi'g'a:

- Raxmet, ayday berin', -dep qapi'ni' isenimli jawi'p ketetug'i'n yedi. Bul iret arti'na buri'li'p qaramadi'. Taksidin' qapi'si'ni'n' wonlag'an adi'm ari' barg'annan keyin tars yetip jabi'lg'ani' yesitildi.

«Ati'ma deyin bilip alg'ani'n qarashi'», -dep yernin tisledi qi'si'ni'p. Aqshagu'l bir-yeki sapari' usi' ken'sede isleytug'i'n kelinshekler menen birge mashinag'a minip, tu'sip qalg'ansha so'ylesip kelip yedi. Ati'ni'n' kim yekenin sonda yesitken da'. Shofërlardi'n' ko'zi jolda bolg'ani' menen qulag'i' izge tu'riwli ju'redi yeken-aw. So'yce de bug'an hesh qaysi'si' bu'gingidey yerkinsip, ho'ktemsip so'ylemeytug'i'n yedi. Bu'gin bolsa wo'zinin' bala ku'nnen birge wo'sken qurdasi'nday …

Adamlar u'sti-basi'n'a, tu'r-tu'sin'e qarap so'yleydi. Bunnan basqa basi' qaqshan'lag'an birew bolg'anda so'yterme yedi.

- He, ati'mdi' qulag'i'ma azan aytti'ri'p qoyi'ppa yedin'?! –dep awzi'n juli'p alg'anday yecin.

Aqshagu’l bolsa wonday yete almadi’. To’menshik boli’p qalg’an»[1].

Ko’rip turg’ani’nday, bul ko’rinis janli’ boyawlarda ju’da’ ani’q ha’m da’l su’wretlengen. Soni’n’ ushi’n da biz bul jerde jazi’wshi’ni’n’ qa’lemine ilingen barli’q detallardi’ (adamlardan baslap zatlarg’a deyin) ha’rekette ko’remiz. Bular wo’z gezeginde tek taksidin’ yemes, al syujettin’ ha’rekechen’ligin de ta’miyinleydi.

Shi’ni’nda da bizin’ ko’z aldi’mi’zda sha’ha’rdin’ ko’shesi menen ba’ndirgilerde tez toqtap, tez qozg’ali’p barati’rg’an marshrutli’ taksidin’ ko’rinisi payda boladi’. Bul ko’rinis son’g’i’ waqi’tlari’ qalalari’mi’zdi’n’ ko’shelerinin’ kelbetin belgileytug’i’n yen’ tani’mali’ qubi’li’slardi’n’ birine aynaldi’. Bul son’g’i’ waqi’tlarda payda bolg’an ha’diyse. Buri’n basqashalaw boldi’. Ko’shelerdin’ sa’ni u’lken avtobuslar yedi. Mine usi’ fakttin’ wo’zinde-aq zamanni’n’, ma’kanni’n’ belgileri ani’q ko’rinip tur.

Uli’wma avtomobil, povesttin’ syujetinde marshrutli’ taksi, ko’p ma’nige iye ko’lik. Birinshiden, wol ha’zirgi tezlik ha’m informaciyali’q da’wirimizdin’ simvoli’. Yekinshiden, avtomobil ha’zirgi da’wirde ko’pshilik adamlardi’n’ wo’mirinin’, ku’ndelikli turmi’si’ni’n’ aji’ralmas bir bo’legi. U’shinshiden, wol aynala–wortali’qtan bo’leklengen wo’z maydani’na iye ayri’qsha u’skenelengen territoriya. Bul territoriyani’n’ ayri’qshali’g’i’ sonnan ibarat, wol qorshag’an wortali’qtan kabina, kuzov, ayna, qapi’lar menen sheklengen. Bul kishkene territoriyani’n’ wo’zine ta’n qa’siyetleri bar. Usi’ territoriyag’a ayaq qoyg’an adam kim boli’wi’na qaramastan sol zamatta jolawshi’g’a aynaladi’. Taksidin’ tar territoriyasi’nda (yag’ni’y saloni’n’da) ha’r ku’ni yesap-sansi’z tani’s, biytani’s jolawshi’lar bir-biri menen ushi’rasadi’, ayri’li’sadi’. Qarap tursaq adamlardi’n’ wo’mirinin’ belgili bir waqi’tlari’ avtomobil saloni’ni’n’ ishinde wo’tedi yeken. Solay yetip, avtomobil saloni’ da bizin’ jasap ati’rg’an ma’kani’mi’zdi’n’ bir bo’legin quraydi’ yeken. Bul ma’kan wo’zine ta’n wo’zgeshelikke iye. Wonda jolawshi’lar bir-biri menen ju’da’ jaqi’n woti’radi’, tez-tezden biri tu’sip, biri

[1] Нызанов М. «Ақшагүл». Повесть, Нөкис, «Қарақалпақстан». 2004, 3-бет. Ескертиў: Ендигиден былай усы басылымнан алынған көширмелердиң силтемеси текст ишинде қаўыста бериледи.

minip wori'n almasi'p turadi'. Wog'an qosi'msha avtomobildin' ti'ni'msi'z tez ha'reketi jolawshi'lardi'n' bir-biri menen tez tabi'si'p jaqi'nlasi'wi'na yamasa kerisinshe, kelispey ali'slasi'wi'na imkaniyat jarati'p beredi. Bul jag'dayda M.Ni'zanov povesttin' yekspoziciyasi'n da ju'da' uti'mli' paydalang'ani'ni'n' gu'wasi' bolami'z.

Jazi'wshi'ni'n' qa'leminin' asti'nda a'jayi'p avtomobil saloni' ha'm woni'n' ishinde boli'p wo'tken yelespesizlew ko'ringen mayda bir ha'diyseler uli'wma biz jasap ati'rg'an jer (ma'kan) ha'm waqi't (zaman) belgilerin, adamlardi'n' psixologiyali'q jag'daylari'n ju'zege shi'g'aratug'i'n ko'p funkciyali' obrazlarg'a aynaladi', yag'ni'y ma'kan ha'm zaman konceptual a'debiy ko'rkemlew faktori'na aynaladi'.

Biz taksi saloni' ishindegi ha'r bir adamni'n' socialli'q ha'm psixologiyali'q jag'daylari'nan xabardar bolami'z. Jazi'wshi' bug'an sheberlik penen yerisedi. Wol uzaq bayanlawdi'n' worni'na qi'sqa ha'm ani'q detal, dialog, monologtan sheber paydalanadi' ha'm wo'z diydine jetedi. Wobrazlar janli', ta'sirli ha'm individuallasqan.

Aydawshi' ushi'n Aqshagu'l biytani's, ku'ndegi ko'p jolawshi'lardi'n' biri. Biraq woni'n' ati'n tek jol haqi' to'leytug'i'n jolawshi' si'pati'nda yadi'nda saqlap qalg'an ha'm yeski tani'si'nday yerkinsip tu'setug'i'n jerin yeskertedi. Aydawshi'ni'n' bul ha'reketinde wo'z yesap-maqseti bar. Wog'an yendigi minetug'i'n jolawshi'g'a wori'nni'n' tezirek bosag'ani' jaqsi'. Aqshagu'lge buni'si' batpaydi', al woni'n' turayi'li'g'i' batadi', i'zasi'n keltiredi. Shofёr Aqshagu'lde adamdi' yemes, tek jolawshi'ni' ko'redi. Aqshagu'ldi mine usi' qi'ynaydi'. Adamlardi'n' peyli wo'zgerip barati'r, payda bar jerde si'payi'li'qqa wori'n joq. Bul da bizin' da'wirimizge ta'n wo'rship barati'rg'an jaman illetlerdin' biri.

Al da'lkekleskisi kelgen jigitti de tu'siniwge boladi'. Uti'mli' so'zdin' worni' kelse, bu'gip qalmaytug'i'n xalqi'mi'zdi'n' mentalitetine say dilwar jigitlerden bolsa kerek. Biraq woni'kide wori'nsi'zlaw bolg'an qusaydi', mashi'ndag'i'lar tek jen'il ku'lisip qoyadi'.

So’ylemegen de, ku’lmegen de tek Aqshagu’l. Yendi mashinada wog’an wori’n joq yeken, wo’zin zorli’q penen tu’sirip jiberip ati’rg’anday sezedi. Bu’gin wog’an taksidin’ saloni’ da jat yeken. Aqshagu’ldin’ bul halati’ mashinadan tu’skennen keyin qayi’ri’li’p qapi’ni’ jappay ketiwi ha’m wonlag’an adi’m qashi’qlag’annan son’ arti’nan qapi’ni’n’ tars yetip jabi’li’wi’nan ani’q ko’rinedi. Buri’n wolay bolmaytug’i’n yedi. Bu’gin Aqshagu’ldin’ ha’m aldi’nan ha’m arti’nan neshshe qapi’lar usi’lay tarsi’ldap jabi’lg’an yedi.

Bul ki’sqa yepizodta uli’wma massali’q psixologiyani’n’ ko’rinislerine de wori’n tabi’lg’an. (Qaran’: «Shofërlardi’n’ ko’zi jolda bolg’ani’ menen qulag’i’ izge tu’riwli ju’redi yeken-aw»; «Adamlar u’sti-basi’n’a, tu’r-tu’sin’e qarap so’yleydi»).

Solay yetip, biz Aqshagu’ldin’ qorlang’ani’ni’n’ gu’wasi’ bolg’an murshrut taksidin’ tap-tar saloni’ni’n’ su’wretleniwi arqali’ woni’n’ ishinde woti’ri’p qalg’an adamlardi’n’ psixologiyasi’, turmi’s ta’rizi, ku’n ko’ris joli’, wolar jasap ati’rg’an ma’kan, zaman haqqi’nda da’slepki mag’li’wmatlarg’a iye bolami’z. Bul mag’li’wmatlardi’n’ ko’pshiligi bizin’ ku’ndelikli turmi’si’mi’zdi’n’ bir tani’mali’ bo’legine aynali’p ketken. Mi’sali’, anaw bir jigittin’ jambasi’n shala pisirgen manti’ kastryuldin’ wo’zi-aq ko’p na’rselerden derek beredi.

Mine usi’ social-psixologiyali’q, turmi’sli’q mag’li’wmatlar povesttin’ uli’wma syujetlik jemisinde ha’m syujetti ha’reketke keltiretug’i’n bas qaxarman Aqshagu’ldin’ ta’g’dirinde ko’zge taslana baslaydi’, al ayi’ri’mlari’ basli’ wori’ng’a shi’g’adi’. Bul, birinshi gezekte, a’lbette, kem-kemnen Aqshagu’ldi biylep kiyati’rg’an jaci’ni’w, yag’ni’y wo’zin hesh kimge kereksiz dep tu’siniw sezimlerine tiyisli. Povestten belgili bolg’ani’nday, sha’ha’r Aqshagu’ldi ha’m woni’n’ shan’arag’i’n a’welden-aq jaci’ni’p qarsi’ aldi’. (Woqi’n’: «Qala Nurjang’a mu’ta’j yemes yeken» 62-bet).

Bul tuyg’i’lar a’lle qashan umi’ti’li’p, qaladag’i’ turmi’s jo’nlesip ketkendey yedi. Biraq son’g’i’ waqlari’ ju’z bergen social-ekonomikali’q wo’zgerisler ha’m sonday-aq shan’araqti’n’ basi’na tu’sken tu’rli sa’cizlikler bul tuyg’i’ni’n’ qaytadan janlani’wi’na ali’p kelgen yedi. Aqshagu’ldin’ wo’zi de, ku’yewi de

jumi’ssi’z qaladi’. Yendi tabi’lg’an talap benen shug’i’llani’p bala-shag’ani’ asi’raw kerek boldi’. Wolar ju’da’ ko’p tosqi’nli’qlarg’a gezlesti. Bul a’sirese Aqshagu’lge qatti’ batti’. Solay bolsa da tiykarg’i’ ju’kti Aqshagu’l wo’z iynine alg’an yedi. Bala-shag’ani’n’ napaqasi’ ushi’n ku’ndegi tabi’slar, tu’rli adamlardan jegen da’kkileri, ko’rgen qorli’qlari’, u’yinde ku’yewinin’ biyparwali’g’i’, ballari’ni’n’ iltimas talaplari’ Aqshagu’ldi a’bden sharshati’p shalg’i’tqan yedi. Wonda tu’n’iliw, jekkesirew sezimleri ku’sheye baslaydi’. Biraq Aqshagu’l bul sezimlerge jen’islik bermewge ti’ri’sadi’.

Marshrut taksiyinin’ saloni’nda bolg’an ha’diyse povesttin’ syujetlik waqti’ni’n’ birinshi ku’ninin’ aqi’ri’nda ju’z bergen yedi. Aqshagu’l biz gu’wasi’ bolg’ani’mi’zday usi’ sezim menen u’yine jol aladi’. U’yinde woni’n’ wo’zin ballari’ni’n’, ku’yewinin’ qanday ku’tip alatug’i’ni’nan xabardar: ballari’ni’n’ anani’ a’keldin’ be, mi’nani’ a’keldin’ be degen gu’w-gu’w dawi’si’ ku’yewinin’ ton’qi’ldi’si’… Aqshagu’l wolardi’n’ ha’mmesinin’ kewlinen shi’g’a almaydi’. Ba’rine jetpesinlik sebepshi.

Ku’nnin’-ku’ni kelgende Aqshagu’l ul-ki’zlari’nan da, yerinen de biyzar boli’p turadi’. Ba’rin sileytip qarg’ap ta aladi’. Soni’n’ ushi’n da wol ayi’ri’m waqlari’ wo’z u’yinen «bir qolti’g’i’na manti’ qazani’n, bir qolti’g’i’na somsa tabag’i’n qolti’qlawi’ menen julqi’ni’p shi’g’i’p ketedi. Bir zaman bolsa da qulag’i’ ti’ni’sh boladi’… »(6-bet). Aqshagu’l i’rastan solay woylamaydi’, tek tilinin’ ushi’ menen g’ana aytadi’. Wol ju’da’ qayti’mi’ tez, ju’da’ ken’ peyil, shan’araq ag’zarlari’ni’n’ aldi’nda wo’zinin’ hayalli’q, anali’q, qostarli’q borshi’n ju’da’ teren’ tu’sinetug’i’n nashar. Tek jetpesinlik yen’sesin basi’p barati’rg’an waqi’tlari’ ishindegi da’rtin so’ytip si’rtqa shi’g’ari’p aladi’. Wol da adam.

Degen menen u’y taksidin’ saloni’ yemes, wonnan birotala shi’g’i’p qapi’ni’ tars jawi’p kete almaysan’. Taksiden, shofërdan bezsen’de, u’yin’nen, shan’araq ag’zalari’n’nan beziw joq. Wolar menen kindigin’nen baylang’ansan’. Wo’mirdin’ ko’pshilik bo’legi u’yde ha’m u’y menen baylani’sli’ wo’tedi. U’y du’nyani’n’, ja’miyettin’ aji’ralmas bir bo’legi. Wonnan qala berse u’y du’nyani’n’ ishindegi wo’z aldi’na bir du’nya. Wol u’lken du’nyadan, sha’ha’rden, awi’ldan, ko’sheden

wo’zinin’ diywallari’, yeden-to’beleri, a’ynek-qapi’lari’ menen shegeralani’p dara bir du’nyani’ payda yetedi. Biraq usi’ a’lemde (ma’kanda) boli’p ati’rg’an ba’rshe qubi’li’slar, is-ha’reketler, wo’zgerisler u’ydin’ ishki ha’m si’rtqi’ sa’ninde, u’y ag’zalari’ni’n’ qulqi’nda, wolardi’n’ bir-birine, basqalarg’a, ja’miyetke, ta’biyatqa qatnasi’nda wo’z ko’rinisin tabadi’. Aqshagu’ldin’ u’yi de bulardan biyg’a’rez yemes. Soni’n’ ushi’n da si’rtqa qorshag’an wortali’qta ne isler, ne ha’diyse-waqi’yalar, ne qubi’li’slar bolg’an bolsa, wolardi’n’ ba’rii derlik Aqshagu’ldin’ de u’yine ta’sirin wo’tkeredi. Aqshagu’ldin’ u’yinin’ tariyxi’ bug’an toli’q gu’wali’q beredi. Povestti woqi’w arqali’ wog’an ha’r bir kitap woqi’wshi’ni’n’ da ko’zi jetedi.

Soni’n’ ushi’n da marshrut taksidin’ saloni’nda ushli’g’i’ ko’ringen social-ekonomikali’q, yetikali’q, turmi’sli’q mashqalalar u’y sharayati’na kelip buri’ng’i’dan go’ri a’dewir teren’lesedi, konkretlesedi, shiyelenisedi ha’m adamlardi’n’ real is-ha’reketlerinde ayqi’nlasadi’, janlanadi’. Biz buni’ to’mendegi u’zindilerde ko’remiz: «Geyde tu’ni menen to’rt-bes ma’rte ayani’p, yen’ keyninde azang’a deyin uyqi’lamay shi’g’atug’i’n waqi’tlari’ boldi’. Qulag’i’ni’n’ tusi’nda balalari’ni’n’ dawi’si’ gu’w-gu’w … Birinen son’ biri:

- Apa, tuwi’lg’an, ku’nimdi bereyin.

- Apa mag’an a’kelip keti berse, mug’a’llim baqi’ri’p ati’r.

- Qara shay joq, u’sh ku’n boldi’ g’o, mama, ishpegenimizge!

Aqshagu’l ba’rin de biledi. U’sh ku’nnen beri qarashaydi’n’ jog’i’nda ko’rip tur. Yesen jaqi’nda tog’i’zg’a shi’g’adi’, tuwi’lg’an ku’nin berse qa’nekey. Balasi’ni’n’ bir quwang’ani’na jeteme! Kewli qurg’i’r ku’sedi. biraq xop dep jiberiwge da’rman joq. Balasi’ni’n’ doslari’ klassi’ menen japi’ri’li’p kelip qalsa, aldi’lari’na ne qoyadi’. Uzi’n da’sturxang’a wonlag’an sho’rek taslawi’ mu’mkin… Qalaberdi, qasi’nda mug’allimi keledi. Dasturxandi’ mensinbey murni’n ji’yi’ri’p woti’rsa… Tag’i’, mug’allimnin’ basi’na woramal sali’p jiberiw kerek degen da’stu’ri de bar. Adamlar ishpey-jemey qalsa da da’stu’rdi bilgish. Soni’n’ ushi’n ha’r sapar balasi’ i’n’g’i’ri’wlag’anda:

- Qoyi’p tur, balam, shi’day tur won alti’g’a shi’g’i’p pasport alg’ani’n’da u’lken yetip toy beremen, -dep aldarqatadi’, bolg’ani’. Yeskirip qalg’an bala teginlikte aldanag’oyama. Kitaplari’n anda zi’n’g’i’tadi’ mi’nda zi’n’g’i’tadi’. Yen’ keyninde anasi’ bayg’us ku’yip ketip awzi’na tu’skenin irikpeydi:

- Beralmayman tuwi’lg’an ku’nin’di! Yetimnen yet kesip alsan’-a’m! Bildin’ be? Ha’, jani’mni’n’ jawlari’ tu’we! Sizlerdi tuwg’ansha tasbaqa tuwsam boladi’g’o!

Bunnan keyin Yesen bir mu’yeshke ji’g’i’li’p, pi’rq-pi’rq ji’laydi’ da … uyqi’lap qaladi’.

… Bu’gin azanda jolg’a shi’g’arda da, u’yrenshikli qosi’g’i’n baslap kiyati’r yedi, Aqshagu’l jerkip tasladi’.

- Woti’r ju’wernemek, aldi’mdi’ kespe! Sag’an tuwi’lg’an ku’n uwayi’m, mag’an sizlerdin’ keshki tamag’i’n’i’z…

Usi’ni’ aytari’n ayca da, ishinen «tilim awzi’m tasqa, ne qusap barati’rman» dep jag’asi’na tu’pirdi. Qi’yali’na ras-aq balasi’ ju’wernemek boli’p qalatug’i’nday qorqi’p ketti. (4-bet);

«… Ba’ri bir, ne shara ku’n ko’ris woni’n’ boyi’ndag’i’ jilwa nazdi’, si’n-si’mbatti’ yerterek ala basladi’. Wol ku’n demey, tu’n demey mudami’ bawi’ri’na basi’p u’yrenip ketken i’ssi’ manti’ qazan menen bir tabaq somsani’n’ tileginde. Suyi’q awqatti’ shalpi’ldati’p ali’p juriwge qi’ynaladi’. Lekin, wol da ha’mme waqi’t Aqshagu’ldin’ diydindegidey bola bermeydi. Soni’n’ ushi’n da ha’r ku’ni azanda bosag’adan atlarda da’slep won’ ayag’i’n qoyi’p, «ya Alla, talabi’m ju’rissin» dep u’yden shi’g’adi’. Gey ku’nleri buni’n’ manti’lari’ menen somsalari’ talampay boli’p ketedi. Al, geyde … Keshte balalari’ qayti’p kelgen awqatlardi’ i’si’ti’p jegenine ma’s. Lekin, wolar woylamaydi’, birewine noski, birewine kolgotki, birewine keti, ag’asi’na sigaret … Sol waqi’tlari’ azg’ana umi’tadi’ da, azanda mektepke baratug’i’n waqi’tta yesine tu’sinedi.

- Apa, noski!

- Apa, kolgotki!

- Apa, keti!

- Ha’y, mamasi’, keshte sag’an sigaret a’kel dep yedim g’o!

- Meni pushtarlap g’ana alag’oyi’n’! –dep jekirinedi wol yen’ son’i’nda. Ha’m bir qolti’g’i’na manti’ kazani’n, bir qolti’g’i’na somsa tabag’i’n qolti’qlawi’ menen shi’g’i’p ketedi. Bir zamanda bolsa qulag’i’ ti’ni’sh boladi’, biraq. (5-bet)»

Mine usi’ keltirilgen mi’sallardan ko’rip turg’ani’mi’zday, Aqshagu’l menen Nurjanni’n’ shan’arag’i’ni’n’ basi’na tu’sken mashqalalar belgili bir waqi’tqa, belgili bir jerge tiyisli. A’lbette, basqa jerde, basqa waqi’tlarda basqa u’yler boladi’, basqa problemalar ju’zege keledi. Bul problemalardi’n’ ko’pshiligi waqi’cha, wo’tkinshi xarakterge iye. Sebebi du’nyada qati’p qalg’an na’rse joq, ha’mme rawajlani’p wo’zgerip baradi’. Zaman wo’zgeredi, jer-ma’kanni’n’ kelbeti wo’zgeredi ha’m solar menen birge u’ydin’, shanaraqti’n’ da kelbeti wo’zgeredi. Mi’sali’, u’yge, jayg’a, wonda jasawshi’ shan’araq ag’zalari’ni’n’ wo’mirine, turmi’si’na baylani’sli’ ha’r bir xali’qta ju’da’ ko’p da’stu’r, u’rp-a’detler, i’ri’mlar bar. Bular qaraqalpaq xalqi’nda da bar. Wolarda wo’zgerissiz qalmaydi’. Go’neleri ketip, jan’alari’ payda boladi’. A’lbette, soni’ yeste tuti’wi’mi’z kerek, go’nelerinin’ ba’ri tozi’q, al jan’alari’ni’n’ ba’ri wozi’q bola bermeydi. Mi’sali’, son’g’i’ waqi’tlarda ayi’ri’m yerkek adamlardi’n’ psixologiyasi’nda ju’z bergen biyparwali’q, biytalapli’q Aqshagu’ldi qatti’ woylandi’radi’. «Ku’yewi Nurjanni’n’ pa’rwayi’-pa’lek. «Aldi’n’da azamati’n’ saw tursa ashtan wo’ltirmeydi» deytug’i’n yedi bayag’i’da. Ha’zir zaman wo’zgerdime, Aqshagu’lge anaw-mi’naw is boli’p kalsa, bul shanaraqti’n’ woti’n so’ndirmeyin dep jan-iynine wot tu’sip juwi’ratug’i’n Nurjan joq. Ya bug’an arqa su’yep jaman u’yrenip ketken be? Ku’yip ketken waqi’tta si’rti’nan uli’-ton’qi’ldi’ boladi’, izinshe jag’asi’na tu’kiredi». (5-bet)

Ko’rip turg’ani’mi’zday, ha’zirgi da’wirde u’y-shan’araqti’n’ da’stu’rleri de u’lken si’naqlarg’a dus kelmekte. Jazi’wshi’ bul ma’selenin’ usi’ ta’repine de di’qqat awdaradi’. Jazi’wshi’ni’n’ mi’na so’zlerinde zamanlaslari’ni’n’ is-ha’reketlerinen narazi’li’q sezimleri bar yekeni ko’rinedi: «Tag’i’, mug’a’llimnin’ basi’na woramal sali’p jiberiw kerek degen da’stu’ri bar. Adamlar ishpey-jemey qalsa da da’stu’rdi bilgish».

Aqshagu’l jaslayi’nan baslap da’slep wo’z u’yinin’ bereketi, ti’ni’shli’g’i’, pa’rawanli’g’i’ ushi’n, keyin Nurjanni’n’ shan’arag’i’ni’n’ woti’ so’nbewi ushi’n, son’ wo’z u’yin tiklew ushi’n ne degen ku’sh-g’ayrati’n jumsadi’, ne degen azaplardi’ ko’rdi. Sog’an qaramastan Aqshagu’l ushi’n u’y yen’ muqaddes, yen’ ardakli’ jer. Wol u’yge baylani’sli’ xalqi’mi’zdi’n’ i’ri’mlari’n u’rp-a’detlerin ju’da’ hu’rmetleydi, wolarg’a wo’zinin’ ha’r adi’mi’nda a’mel ki’ladi’, basshi’li’qqa aladi’. Bul woni’n’ mi’na so’zlerinde, is-ha’reketlerinde ko’rinedi: Aqshagu’l «Soni’n’ ushi’n da ha’r ku’ni azanda bosag’adan atlarda da’slep won’ ayag’i’n qoyi’p, «Ya Alla, talabi’m ju’rissin» dep u’yden shi’g’adi’»; «- Tu’p-tu’p, til-awzi’m tasqa! Tappasa tappasi’n, bosag’adan jo’tkirinip kirip-shi’g’i’p ju’rse bolar» (bul yerinin’ biytalapli’g’i’ haqqi’nda); «Bizlerdin’ denimiz saw. Sen arsi’ni’p ju’rer dep quyi’wli’ turg’an ti’rnaqqa bes qabat jay tikeytip, u’stin basti’ri’p qoydi’q. Paqsani’ ag’an’ni’n’ tabi’si’ menen tikeyttik. Imaratti’ yerkek adam kuri’w kerek, i’ri’mg’a jaqsi’».

Aqshagu’l bul minezinde qaraqalpaq xalqi’ni’n’ sonday-aq qaraqalpaq hayal-qi’zlari’ni’n’ hasi’l pazi’yletlerin ko’remiz. Soni’n’ menen bir qatarda bul pazi’yletler Aqshagu’ldin’ obrazi’na, xarakterine teren’ milliylik bag’i’sh yetedi. Wol haqi’yqat qaraqalpaq hayali’. Si’rtqi’ pishini, kiyim-kenshegi menen yemes, al seziw, woylaw qa’biletinin’ is-ha’reketinin’ milliyligi menen solay.

Mine ko’rip turg’ani’mi’zday, jazi’wshi’ ta’repinen povesttin’ waqi’ya-ha’diyseleri boli’p wo’tetug’i’n ma’kanlardi’n’ biri si’pati’nda u’ydin’ tan’lap ali’ni’w ha’r ta’repleme wori’nli’ bolg’an. Wol jazi’wshi’ aldi’na qoyg’an ideya-estetikali’q maqsetlerdi iske asi’ri’wda basli’ ko’rkem faktorlardi’n’ biri boli’p xi’zmet atqaradi’. Jazi’wshi’ u’y obrazi’n jarati’wda ma’kan ha’m zamanni’n’ bir pu’tinligine yerise bilgen.

Qa’legen a’debiy shi’g’arma real materialli’q ha’m ruwxi’y a’lemdi-ta’biyatti’, zat-predmetlerdi, waqi’ya-ha’diyselerdi, adamlardi’n’ ishki ha’m si’rtqi’ wo’mirin sa’wlelendiredi. A’lbette, bul a’lemde wori’n alg’an ba’rshe janli’ ha’m jansi’z na’rselerdin’ jasaw sharayati’ belgili bir jerdin’ (ma’kanni’n’) ha’m

waqi'tti'n' (zamanni'n' shegarasi'nda wo'tedi. Ta'biyiy, ko'rkem shi'g'arma real a'lemnin' wo'zi yemes, al woni'n' sha'rtli qabi'l yetilgen bir sa'wlesi, obraz.

Soni'n' ushi'n biz ko'rkem a'debiyattag'i' ma'kan ha'm zaman haqqi'nda ga'p qozg'ani'mi'zda wolardi'n' belgili da'rejede sha'rtlilikten kelip shi'g'atug'i'ni'n yesten shi'g'armawi'mi'z kerek. Soni'n' ushi'nda a'debiyat ma'kan ha'm zamanni'n' wo'z-ara qari'm-qatnasi'n su'wretlegende bir qansha yerkinliklerge iye. Wol bir jerden yekinshi jerge, bir waqi'ttan yekinshi waqi'tqa hesh irkinishsiz wo'tip kete beredi. Mi'sali', jerden aspang'a, suwdan qurg'aqshi'li'qqa, bu'gingiden wo'tmishke, wo'tmishten keleshekke ha'm t.b.

A'debiyattan wori'n alg'an ko'rkem ma'kan ha'm zamanni'n' tag'i' bir qa'siyeti wolardi'n' sheklengenligi, tuyi'qli'g'i' boli'p yesaplanadi'. Ko'rkem shi'g'arma toqtawsi'z waqi't ag'i'mi'n yamasa turmi's bir ma'kandi' toli'q su'wretley almaydi', al wolardi'n' wo'zi ushi'n yen' a'hmiyetli, yen' ma'nili, yen' kerekli degen bo'leklerin tan'lap aladi'. Shi'g'armani'n' maqsetine muwapi'q kelmeytug'i'n ma'kandag'i' ha'm zamandag'i' «bosli'qlar» tu'sip qaldi'ri'ladi'. Qashannan a'debiyatqa ta'n bul usi'l ko'rkem shi'g'armani'n' syujet jemisinin', psixologizmnin' ha'rekechen'ligin ku'sheytiwge xi'zmet yetedi. Bul usi'ldi'n' M.Nzanovti'n' «Aqshagu'l» povestinde de uti'mli' paydalang'ani'n ko'remiz. Povestte bir ma'kannan yekinshi ma'kang'a, bir zamanni'n yekinshi zamang'a wo'tiw ju'da' yerkin, zorli'qsi'z iske asi'ri'ladi'. Jazi'wshi' kerek jerinde waqi'tti' «qi'sadi'» ya kerisinshe «sozadi'» ya, «toqtati'p» qoyadi'. Ma'kan ha'm zamanni'n' tu'rli qubi'li'si' ra'n'-ba'ren' ko'rinislerin biz «Aqshagu'l» povesti mi'sali'nda ko'remiz. «Aqshagu'l» povestinin' ma'kan ha'm zamang'a baylani'sli' obrazlari' konkret xarakterge iye. Povesttegi ko'rkem ma'kan shi'g'armani'n' obrazlar du'nyasi'n belgili bir jerge bekitip qoyi'w menen sheklenbeydi, wolarg'a aktiv ta'sir jasaydi'. Mi'sali', povesttegi awi'l, sha'ha'r, ko'she, bazar, u'y, mekeme, ken'seleri, qonaq jay, marshrut taksi saloni' ko'rkem obrazlar da'rejesine ko'terilgen obektiv A'jiniyaz bo'lekleri. Bul obrazlar belgili da'rejede belgili bir da'rejede usi' ma'kanlarg'a qatnasi' bar, adamlardi'n' turmi's ta'rizinen psixologiyasi'nan da'rek beredi, wolarg'a belgili da'rejede wo'zlerinin' ta'siyirin

wo'tkergen boladi'. Bul yeki jaqli' qubi'li's. Wo'ytkeni adamlarda ma'kang'a belgili da'rejede ta'sir ko'rsetedi. Povestte sha'ha'r haqqi'nda (No'kis), woni'n' ko'sheleri, ma'keme, ken'seleri, bazari', turg'i'nlari' haqqi'nda ko'p so'z boladi'. Mine, usi' konkret ma'kanlar arqali' jazi'wshi' sha'ha'rdin' ha'm sha'ha'r turg'i'nlari'ni'n' povestin, ideya, yestetikali'q maqsetlerinen kelip shi'qqan halda sha'ha'rdin' ha'm sha'ha'r turg'i'nlari'ni'n' uli'wmalasqan ha'm konkret portretlerin jasaydi'. Tilekke qarsi' sha'ha'rde Aqshagu'l menen Nurjan ushi'n jaqsi'lardan go're jamanlari', jawlari' ko'p ma'kan jer boli'p shi'qti'. Da'slepki waqi'tta wolardi'n' sha'ha'rden ku'tkeni pu'tkilley basqasha yedi. Wolardi'n' sha'ha'rge degen mu'na'sibeti de jaqsi' yedi. Wolar Awi'ldan No'kiske ko'shiwge ma'jbu'r bolg'an waqti'ndag'i' yepizodti' jazi'wshi' to'mendegishe su'wretleydi. «Adamlar aqi'ri', sog'anaq qayi'l boldi'. Miliciya Nurjanni'n' tilxati'n ali'p shi'g'ardi'. Aqshagu'l menen Nurjan No'kiske ko'shetug'i'n boldi'. Nurjan yeki ku'n ju'rip qalani'n' bir shetinen kireyge jay tawi'p keldi. So'ytip, noyabrdin' aqi'ri'nda bir palas, to'rt-bes ko'rpe-to'sek ha'm jeter-jetpes qazan tabaq penen jolshi'bay mashi'n uslap No'kiske ko'ship keldi.

Hesh na'rsege tu'sinbegen qi'zi' Arzayi'm ushi'p-ushi'p quwandi'.

-Wa'rra, bizler qi'di'ri'p barati'rmi'z.

- Yele ko'rersen', - degen yedi. Sonda Nurjan A'jibay brigadti'n' si'rti'nan gijinip. - No'kiste mine degen gu'rlegen xojali'q bolaman. Sonda ishin' jani'p pushayman bolasan'.

-Qayda ag'an'! So'ytip gijingen azamat bu'ginligi Toqtashqa «alti'n-gu'mis» tawi'p beremen, namay aqsha berejaq dep ju'regi sha'wkildep woti'r. Wa'y, jazmi'sh degen-a'!

Ali's-ali'slardan shaqi'rg'an qorazdi'n' dawi'si' yestildi. Aqshagu'ldin' ko'zi ilinip ketti». (60-bet).

Keyingi qatarlarda Aqshagu'ldin' tolg'ani'slari' menen jazi'wshi'-bayanlawi'shi'ni'n' ayani'shli' sezimleri birigip ketken. Bul jerde jazi'wshi' menen Aqshagu'ldin' pikirleri birigip ketken. Mine, yendi Nurjanni'n' jaqsi' a'rman-niyetleri qala pushqa shi'g'ardi'. Woni'n' «alti'n-gu'mis» degenleri de

shi’n ma’nisinde go’ne ren’li matellardi’n’ tat basqan, shirigen qaldi’qlari’ yedi. Solay yetip, ti’rnaqshadag’i’ alti’n gu’mis obrazi’ u’lken ma’nige iye boli’p, Nurjan ha’m Aqshagu’ldin’ obrazlari’na qosi’msha shtrixlar beredi. Wonnan qalaberse qala ha’m awi’l turmi’si’nan ali’ng’an faktler bu’gingi ku’nnin’ turmi’s shi’nli’g’i’nan xabar beredi. Bunday jag’daylarda bir Nurjanni’n’ basi’nda yemes yedi. Wol g’alabali’q xarakterge iye boli’p ko’pshiliktin’ basi’na tu’sken jag’day boldi’. Solay yetip, Nurjan menen sha’ha’r arasi’ndag’i’ qarama-qarsi’li’q barg’an sayi’n ku’sheyip sha’ha’r wo’zinin’ tu’rli qi’lwalari’ menen Nurjandi’ pu’tkilley wo’zgertip jibergen yedi. To’mendegi qatarlarg’a di’qqat awdarayi’q: «Qalag’a kelgen ku’nleri woni’n’ kewil xoshi’ qanday yedi deysen’? Wol qaladan shi’lt jan’a to’rt do’n’gelekli traktor tawi’p aydayman, woni’n’ telejkalari’ni’n’ aldi’-arti’nda svetleri jarqi’rap ju’redi, kabinasi’ ji’lli’, ishinde perde tuti’lg’an, ba’lkim radiosi’nda boli’wi’ mu’mkin, al signali’ «volga»nikinen kem bolmaydi’ dep qi’yal yeter yedi. Lekin, hesh biri woni’n’ woylag’ani’nday boli’p shi’qpadi’. Qala Nurjang’a mu’ta’j yemes yeken. Woni’n’ dan’qi’-abi’royi’ awi’l menen qosi’li’p sol jaqta qali’p ketkenligin keyin bildi. Biraq, woni’ tiklew mu’mkin yemes yedi. Buni’ qaladag’i’ hesh bir mekeme basshi’lari’ tani’madi’, hesh kim «haw Nureke, keldin’be?» dep aldi’nan ku’lip shi’qpadi’. Ba’ri bug’an salqi’n qanli’ qaraytug’i’n yedi. Ilaj qansha, jedebellenip barg’an ken’seden wol iyni tu’sip, salpawsi’p shi’g’atug’i’n boldi’. Barab-abara buni’ ha’r kimnen da’kki-jep ko’zi qorqi’p qalg’an jetim baladay jasqanshaqli’q biylep aldi’». (62-b). Mine, ko’rip turg’ani’mi’zday qala Nurjandi’ jaci’ndi’, qabi’l yetkisi kelmedi. Yendi woni’ neshe mi’n’ adam jasap ha’m jumi’s isleytug’i’n qalada jekkelik sezimleri biyley baslaydi’. Woni’ heshkim tani’maydi’, wol hesh kimge kerek yemes. Sha’ha’r Nurjanni’n’ ruwxi’n tu’sirip jiberedi. Ha’tteki, woni’ jasi’nan buri’n qartayti’p jiberedi. Yen’ jaman jeri Nurjanda wo’zine ha’m basqalarg’a biypa’rwali’q sezimi ku’sheyedi: «woni’n’ qalag’a kelip sin’ise almay a’were-sarsan’ boli’p ko’p ju’riwi, qala berdi Turdi’murat ag’ani’n’ joq jerden bahani’ tawi’p wo’gey balasi’na baqi’rg’anday azap beriwleri kem-kemnen ruwxi’n si’ndi’ra basladi’. Buni’ wol waqi’tlari’ Aqshagu’l de, Nurjanni’n’ wo’zi de sezbedi. Mine, yendi jas

jetpey urti’ woyi’li’p, tisleri tu’sip qalg’anda bildi. Bilgende de woni’ aqshagu’l sezdi. Nurjan wo’zinin’ bul awi’li’na wo’kinip te, tan’lani’p ta qaramaydi’. Wol ta’g’dirdin’ isine ko’nip, ko’mpis boli’p qalg’an» (63-bet.).

Al Aqshagu’ldin’ qalag’a kelgennen keyingi halati’ haqqi’nda to’mendegilerdi woqi’ymi’z. «Wol hesh waqi’tta awi’ldan ketpeytug’i’ni’na isener yedi…

Jazmi’shti’n’ jeteliwi menen qalag’a keldi, yendi qoli’nda yeki yeli qag’azi’ joq, qay jerge barsa «ne pitirdin’» dep soraydi’. Da’slepki waqi’tta ha’r jumi’sti’ bir arsi’ni’p, barmay ju’r yedi, tamaq jaman yeken, keyninde awqat pisirgizip ken’seme kirip ju’riwge deyin u’yretti. Ju’ris turi’si’da buri’ng’i’g’a qarag’anda sa’l wolpi’-solpi’lanayi’n dedi» (33-bet): «Keshe ko’kiregi qayti’p qalg’anli’qtan, bu’gingi ju’regi dawamag’an yedi. Woni’n’ u’stine keshegi ken’sedegi kewani’ hayaldi’n’ «sawati’n bizlerden ta’wir-g’o, yerten’ kel, birewge joli’qti’raman» degeni kewlinde az da bolsa u’mit ushqi’nlari’n jag’ayi’n dedi…

No’kiske kelgennen keyin bul da jumi’s isledi… Tek keyin ala jetispewshilik ju’ylesin quri’ti’p, «qi’ymas jerden shaqi’rti’wshi’ kelmegey-da’ «dep tileytug’i’n boldi’. Bir-wekewine ayti’p kelsede barmay qaldi’. Ilaj qansha? Joqqa ju’yrik jetpeydi» (29-bet); «Aqshagu’l tu’sin suwi’ti’p, indemey qaldi’… Ba’lkim, yerten’nen baslap ti’m-ti’ri’s kelmey qalag’oysamba yeken? Wo’yce ballari’ ne iship jeydi? Nurjanni’n’ bolsa «xojali’qti’ wo’zim bag’ayi’n» dep qag’i’ni’p-silkinip shi’g’atug’i’n tu’ri joq.

Woni’n’ woyi’ da usi’ woylar menen ba’nt boldi’. Nege Nurjan salpawsi’g’an yerkekke aylani’p qaldi’. Awi’lda kimsen’ Nureke yedi g’o. Gazetler su’wretin talasi’p basti’. Da’slep rayong’a, son’ respublikag’a deputat boldi’. Bu’gin bulardi’n’ ha’mmesi yertektey. (48-bet). Mine, bul mi’sallardan ko’rip turg’ani’mi’zday sha’ha’r tek waqi’yani’n’ bolg’an jeri yemes yamasa Nurjan menen Aqshagu’ldin’ jasap ati’rg’an jerin de yemes, wol belgili da’rejede simvol. Biz sha’ha’rdin’ No’kis yekenin bilemiz, biraq woni’n’ birde bir ko’shesinin’, mekemesinin’, imaratlari’ni’n’, bazarlari’ni’n’, parklerinin’ real atlari’ ha’m ma’nzilleri-ma’kanlari’ ayti’lmaydi’. Biraq, sog’an qaramastan

wolardi'n' real obrazlari' jarati'ladi'. Usi'lardi'n' na'tiyjesinde, sha'ha'rdin' de real obrazi' do'retiledi. Bul obrazlar povesttin' problematikasi' ushi'n u'lken a'hmiyetke iye.

Ko'rkem a'debiyatta waqi'tti'n' (zamanni'n' yen' a'piwayi' ha'm ani'q ko'rinisi – bul shi'g'armag'a wo'zek bolg'an waqi'yalardi'n', qubi'li'slardi'n', qaharman wo'mirinin' gezen'lerinin' konkret na'pesin, ji'l ma'wsimlerin, woylari'n, ha'ptelerin, ku'nlerin, saatlari'n da'l ko'rsetip su'wretlew yamasa bayanlaw boli'p tabi'ladi'. Ta'biyatta ya ja'miyetlik wo'mirde ju'z bergen ha'diyseler belgili bir waqi'tti'n' shegarasi'nda boli'p wo'tedi. Woni'n' bas, aqi'ri' ha'm konkret mezgil-ma'kani' bar. Bul jag'dayda jazi'wshi'ni'n' wazi'ypasi' sol mezgil-ma'kanni'n' wo'zine ta'n kolari'ti'n, xarakterin, tani'mali' belgilerin obrazlarg'a sin'dirip jiberip su'wretlew boli'p tabi'ladi'.

«Aqshagu'l» povestinde waqi'yalar boli'p wo'tken waqi'tti'n' ani'q sa'nesi ko'rsetilmeydi, qaharmanlardi'n' jasi', tuwi'lg'an ji'llari', anaw ya mi'naw is-ha'reketlerinin' baslang'an ya taman bolg'an waqti' da da'l ayti'lmaydi'. Biz bulardi' janama, duspal joli' menen yesaplaymi'z. Yegerde biz usi' ko'rkem associativ qi'yali'y metodi'mi'zdi' iske salatug'i'n bolsaq, wonda poveste so'z bolatug'i'n waqi'yalar wo'tken XX a'sirdin' 90-shi' ha'm jan'a a'sirdin' baslari'nda ju'z bergen boladi'. Al qaharmanlar wo'mirinin' retrespektiv (wo'tmish) haqqi'nda woylar, yeske tu'siriwler su'wretlewlerin yesapqa alatug'i'n bolsaq, wonda (povesttin' waqi'yalari' son'g'i' 40-50 ji'l da'wirdi qamti'ydi'. Birinshi gezekte bas qaharmanni'n' ati'na di'qqat bereyik. Uli'wma qa'legen insanni'n' ati', a'sirese a'debiy qaharmanni'n' ati', u'lken ma'nige iye boladi'. Usi' jag'i'nan qarasaq Aqshagu'ldin' ati' da solay. Povesttin' bas qaharmani' ati' menen atali'wi' da biykardan-biykarg'a yemes.

Solay yetip, Aqshagu'l qashan tuwi'ldi' yeken? Yeger ati'na qarasaq, wol 1948-ji'li' yamasa 1959-ji'li' tuwi'lg'an. Sebebi, usi' ji'llari' buri'ng'i' soyuzda aqsha reformasi' wo'tkerilgen yedi. Mu'mkin Aqshagu'ldin' ata-anasi' ani'q ati'n usi' pu'tkil soyuzli'q waqi'yalardi'n' mu'na'sibetine qoyg'an shi'g'ar. Wolay

boli'wi' da itimal. Mu'mkin Aqshagu'ldin' ata-anasi'ni'n' turmi'si'na baylani'sli' basqa sebeplerde bolg'an shi'g'ar.

Yekinshi mi'sal. Nurjan jan'a jayi'n qashan baslag'an yedi? Woni'n' u'stine qashan ag'ash jaydi'? Povesti woqi'yi'q: «-Go'ne qalada kinoteatr buzi'li'p ati'r yeken, ag'ashlari'n, tas gerbishlerin basi'ndag'i'lar arzan girew pullap ati'rg'an qusaydi'», - degen xabar shi'qti'. (83-bet).

Ko'pshilikke belgili, go'ne qalani'n' ba'ndirgisinin' qubla ta'repinde «Vostok» atli' kinoteatrdi'n' na'ha'n ima'rati' bar yedi. Wol wo'tken a'sirdin' 90-shi' ji'llari'nda buzi'ldi'. Woni'n' ani'q sa'nesin de ani'qlaw qi'yi'n yemes.

Degen menen, povesttin' syujetlik waqti'nda da'wirler, ji'llar yemes, al ku'nler u'lken a'debiy-ko'rkemlik a'hmiyetke iye.

Povesttin' waqi'yasi' bir yari'm ji'lg'a jeter jetpes waqi'tti' wo'z ishine aladi'. Biraq shi'g'armag'a tiykar bolg'an ha'm syujetlik-kompoziciyali'q strukturasi'nda sheshiwshi a'hmiyetke iye bolg'an waqi'yalar birinshi to'rt ku'ni ishinde, wonnan keyin won birinshi aydi'n' aqi'rg'i' ku'nlerinin' birinde ha'm aqi'rg'i' Nawri'z bayrami'nan keyingi to'rt ku'ninde boli'p wo'tedi.

Mifologiyada folklorda ku'n-tu'n, azan-kesh tu'sinikleri yemocional-simvolikali'q ma'niske iye. Ku'n-miynet, jumi's waqti', kesh-dem ali's waqti', tu'n-ti'ni'sh dem ali's ha'm uyqi' waqti', azan jan'a ku'nnin' baslani'wi', woyani'w ha'm jaqti'li'q waqti'.

Bul a'debiy poetikali'q da'stu'r jan'a da'wir a'debiyati'na da wo'tedi ha'm a'debiy qaharmanlardi'n', personajlardi'n' is-ha'reketine baylani'sli' su'wretlewlerde, bayanlawlarda konkret individual xarakterge iye bola baslaydi'. Bul jan'a da'stu'r qaraqalpaq jazi'wshi'lari' ushi'n da qolay keldi. A'debiyat tariyxi'nan ko'plep mi'sallar keltiriwge boladi'. Buni' M.Ni'zanovti'n' da ju'da' puxtali'q penen men'gergenin ko'remiz. Mi'sali', povesttin' basi'ndag'i' to'rt ku'nnin' yekinshi ku'ni haqqi'nda to'mendegilerdi woqi'ymi'z:

«-Baybuw, yesimnen shi'g'i'pti'-aw, - dep yernin tisledi hayal. Wol ku'yewine sigaret ali'wdi' umi'ti'p ketken yedi. Negizigde bu'gin sigaretke qaraytug'i'n ku'n boldi' ma. Azan menen anaw bolg'an awhal, shoférdi'n' wo'zi

tu’sirmegende vokzaldan bir shi’g’ayi’n dep tur. Wonnan qalsa, «wo’letug’i’n yeshki shopanni’n’ qolti’qlap ministr menen du’gisip qalayi’n dedi. Wonnan keyin buri’n izep baspag’an ken’sege barg’andag’i’ awhali’, bazardag’i’ jag’day, qullasi’, aytpasa da boladi’. Bu’gin mi’rri’q ku’n boldi’ buni’n’ ushi’n. Yele de bir jigit «ken’sede tuwi’lg’an ku’nimdi belgileytug’i’n yedim» dep birden qi’ri’q somsani’ ali’p ketti. Bolmag’anda Quwatqa ketti qayda, u’yge yari’m kilo go’sh qayda, bir stakan shay qayda, maliki yawmiddin qayda! Yele de bug’an quday qarasi’p. Somsasi’n sati’p jamanlasqanda, «keti, futbolka» dep baqi’ri’p, bir kisi qatardan wo’te qoydi’. Bolmasa tarsa yesimnen shi’g’i’p barati’r yeken. Izinshe «semiz qashardi’n’ go’shi» dep kelinshek kele ketti. Reti tabi’la qoydi’ so’ytip yesheyinde bazarg’a kirgennen «sigaret, shi’rpi’, tarakan da’ri… dep dawsi’ qarli’g’i’p ju’retug’i’n bir jigitti ko’p ko’retug’i’n yedi, bu’gin sol dus kelmedi. Dus kelmegenin de jan’a qon’si’lar «Nurjan, tanawi’n’ bati’p ketpeytug’i’n boldi’» degennen keyin yeslep ati’r. Yadi’nda bolg’anda arnap bari’p-aq aladi’. Sonsha ji’l qoslas boli’p, hesh zeynine tiyip ko’rmegenge me, ku’yewinin’ qapa bolg’ani’ qatti’ batadi’ bug’an». (43-bet).

«Mama, bu’gin bizler ushi’n sa’tli ku’n boli’pti’, - dedi Arzayi’m awqat toli’ tabaqti’ wortag’a qoyi’p.

- Sen jumi’sqa wo’ttin’, men anglichan tilin u’yreniwim boyi’nsha repititor japti’m.

- Wog’an neshe som beredi yekenbiz?

Aqshagu’l to’lenetug’i’n pul ko’z aldi’na kelip shorshi’p ketti. Lekin, qi’zi’na bildirmewge ti’ri’sti’.

- Hesh na’rse to’lemeymiz.

- Wol qanday saqi’y ag’ay. Izinde qon’i’rawi’ joqpa yeken a’ytewir?» (51-bet);

«Aqshagu’ldin’ ju’zine mayda-mayda tari’ni’n’ qabi’g’i’nday sepkil tu’se basladi’. Awqatqa ishteyi jog’aldi’. Qullasi’, baxi’ci’zli’q ali’p keletug’i’n sol qapali’ ku’nler aysi’z tu’ndegi qorqi’ni’shli’ yelestey, kem-kem jaqi’nlap kiyati’r yedi» (90-bet);

«So'ytip, menin' qa'wetersiz ha'm qorg'awsi'z qalg'an sada kewlim jaraqati'ni'n' men ushi'n jan'i'li'si' bir ku'ninde qaqpang'a tu'sti… Menin' matam ku'nlerim sonnan baslandi'». (99-bet).

Bul mi'sallardag'i' «mi'rri'q ku'n», «sa'tli ku'n», «qarali' ku'nler», «matam ku'nlerim» degen so'z dizbeklerine di'qqat awdarayi'q. Tiykari'nda bolmi'sti'n' yesap sansi'z ku'nleri «mi'rri'qti'», «atli de», «qarali' da», «matam ku'nleri de» bolmaydi'. Ku'n batadi', ku'n shi'g'adi'. Waqi't wo'zinin' toqtawsi'z ag'i'mi' menen wo'te beredi. Ku'nler arti'nan ku'nler keledi. Bul ku'nler aspan asti'ndag'i' barli'q janzatlar ushi'n birdey. Biraq, ha'r bir tiri jan ushi'n ha'r ku'ni wo'z mazmuni'na iye boladi' yeken. Soni'n' ushi'n da ha'r bir adam ha'r bir ku'ndi woni'n' wo'z ta'g'dirinde tutqan worni'na qarap bergen ya alg'an g'a'niymet pursatlari' ushi'n wo'zinshe qabi'l yetedi. Soni'n' ushi'n da ku'nler birew ushi'n «mi'rri'q», birew ushi'n «sa'tli» birew ushi'n «qarali'» boli'p qabi'l yetiledi. Sebebi, adam wo'zine berilgen ku'nlerdi wo'zinshe ishki yemocional sezimlerinen kelip shi'g'i'p bahalaydi'.

Bul mi'sallardi'n' tiykari'nda biz tag'i' da to'mendegishe juwmaqlarg'a keliwimiz mu'mkin. Biz moyi'nlawi'mi'z kerek, ko'rkem a'debiyatta zaman da, ma'kan da taza hali'nda ushi'raspaydi'. Soni'n' ushi'n ku'nler «mi'rri'q» ya «sa'tli» boli'wi' mu'mkin, ji'llar «qutli'» ya «quci'z» boli'wi' mu'mkin, jollar «aydi'n» ya «mashaqatli'» boli'wi' mu'mkin, u'yler «kiyeli» ya «berekeciz» boli'wi' mu'mkin. Bul jerde ku'nler de, ji'llar da, jollar da, u'yler de turg'an ga'p joq. Wolardi'n' bunday yemocional baha ali'wi'na adamlardi'n' ruwxi'y psixologiyali'q, yemocionalli'q jag'daylari' sebepshi boladi'.

Solay yetip, biz ma'kan ha'm zaman haqqi'nda ga'p qozg'ag'anda wolardi' «tolti'ri'p» turg'an zat ha'm tu'sinikleri boyi'nsha pikir ju'rgizemiz. Mi'sali' ushi'n, ma'kan haqqi'nda ga'p qozg'asaq birinshi gezekte wonda jaylasqan na'rselerge zatlarg'a di'qqat awdarami'z. Wolardi'n' qay da'rejede ti'g'i'z yaki siyrek jaylasqani'na itibar beremiz. Al, zaman haqqi'nda ga'p ketkende, biz wonda keship ati'rg'an waqi'yalar, qubi'li'slar boyi'nsha pikir ju'rgizemiz. Sonli'qtan da, ko'rkem shi'g'armani' woqi'g'ani'mi'zda ha'm analizlegenimizde wondag'i'

ma’kan ha’m zamanni’n’ qay da’rejede obrazlar menen tolti’ri’lg’anli’g’i’n ani’qlaw u’lken a’hmiyetke iye.

Wo’ytkeni, bul ko’rsetkishler ko’p jag’dayda shi’g’armani’n’ qunli’g’i’nan ha’m jazi’wshi’ni’n’ sheberliginen, stilinen derek beredi. Mi’sal ushi’n, taza sali’ng’an mekeme ken’senin’ bina’sinin’ wofeysi to’mendegishe su’wretlenedi. «bu’gin birinshi qa’dem qoyi’p ati’rg’an jan’a imaratti’n’ si’rti’na deyin murni’ni’n’ qani’nday qi’zi’l gilem to’selgen yeken. Ayag’i’n’a bir na’zer taslamay basi’p wo’te beriwge tarti’nasan’ kisi. Aqshagu’l tekshege ayaq salmay turi’p to’mendegi shalqasi’na jatqari’lg’an qatari’ shetkag’a ayag’i’n qayta-qayta i’sqi’lap si’pi’rdi’. Son’ a’ste joqari’ qaray wori’nlay basladi’. Wol teksheden joqari’ shi’g’i’p bolg’anshi’ basi’n ko’termedi. Tu’rli qi’yallarg’a berildi. «Birewdin’ betine telmirip, alarma yeken dep ne azap? Buni’n’ worni’na jurtti’n’ qati’nlari’ qusap, bes-alti’ ju’z kilo geshir-piyaz, ali’p-bo’ten jaqlarg’a apari’p sati’p qaytqanda qayter yedi? Qudayg’a shu’kir, won yeki mu’shesi pu’tin. Qi’ri’q-yeliw kiloli’q qaltani’ iynine qag’i’p salg’anday qari’wi’ da bar? Yelde bir wo’zi yemes qo. Baylari’ musallat bolg’an qati’nlardi’n’ ko’bisi so’ytip bala-shag’a bag’i’p ati’r. Qundi’z degen hayal 6 ay bir fermerdin’ shoshqasi’n bag’i’p qayti’p kelip, kelininin’ qali’n’ mali’n to’ledi, toy berdi, quda shaqi’rdi’. Sen usi’ yeki tabaq awqati’n’ menen bina’yi wo’mirin’e xali’q qatari’na qosi’la alarma yekensen’? Tek, bir wo’lmes awqat demesen’…» (98-bet.)

«Aradan u’sh-to’rt ji’l wo’tti. Aqshagu’l az-azlap traktordan tapqan ku’eywinin’ ayli’g’i’n ji’ynay basladi’. Wog’an ruwi’zgershilikten awi’sqan wo’zinin’ tabi’si’nda qosent qi’ldi’. Jurt sari’may jese, bular margaringe qa’na’a’t qi’ldi’. Sol ji’llari’ qi’si’-jazi’ bazarda kapusta ko’p bolatug’i’n yedi. Bular ushi’n yen’ arzan awqat go’shsiz pisirilgen sup boldi’. Ne bolsa da i’ssi’ awqat, nan basi’p jese a’p-a’nedey tamaq boladi’. So’ytip ti’yi’nlap ji’ynamasa qashang’i’ kisinin’ quwi’si’nda woti’radi’. «Tarti’p ishsen’ tay qaladi’, qorqi’p ishsen’ qoy qaladi’» dep ata-baba biykarg’a aytpag’an.

Lekin, bul ku’nlerdin’ de aqi’ri’n bermedi. Bir ku’ni Nurjan tan’ atqansha u’yge kelmedi. Aqshagu’l uzaq tan’g’a kirpigi ilinbedi. Wol buni’n’ menen qoslas

bolg'ani' du'zde qong'ani'n ko'rgen joq yedi. Marg'ilonda bolsa da keler yedi. Ba'lkim traktori'na bir na'rse bolg'an shi'g'ar? – dep woylaydi' ishinen». (63-bet).

Bul keltirilgen u'zindilerden ko'rip turg'ani'mi'zday jazi'wshi'ni'n' qa'lemine ilingen ma'kan ha'm zaman ju'da' ti'g'i'z «toli'qti'ri'lg'an» dep ayta almaymi'z. Bunday stil jazi'wshi'g'a ta'n yemes. Birinshi mi'salda da, yekinshi mi'salda da jazi'wshi' tek syujet ushi'n ha'm qaharmanni'n' ishki du'nyasi'n su'wretlewge qatnasi', bir zatlar, predmetler, ha'diyse-qubi'li'slar wori'n alg'an.

Povestte mayda-shu'ydelerine deyin su'wretlengen interverler, wo'jireler, u'yler, ko'sheler, dala, ati'z, maydanlar joq. Tek waqi'yag'a qatnasi' bar bolg'an zatlar g'ana qaldi'ri'lg'an.

Sonday-aq, yekinshi mi'saldag'i' su'wretlengen ji'llar ha'm ku'nler de qaharman wo'mirinin', turmi'si'ni'n', psixologiyali'q jag'dayi'ni'n' yen' sheshiwshi payi'tlari' menen tolti'ri'lg'an. Bul jerde de mayda detallarg'a wori'n joq.

Buni' M.Ni'zanovti'n' stillik wo'zgesheliklerinin' biri dep yesaplasaq boladi'. Wonda uzaq bayanlawlar joqti'n' qasi'nda. Tiykari'nan qi'sqa ha'm da'l su'wretlewler. Bul jazi'wshi'ni'n' bayanlaw ha'm su'wretlew stilinin' ha'rekechen'ligin yemocionalli'g'i'n ta'miyinleydi. Basli' bag'dardan buri'n a'ketetug'i'n qosi'msha ani'qlamalar toli'qti'ri'wlar joqti'n' qasi'nda. Jazi'wshi'ni'n' ha'r bir so'zi wo'z worni'nda, tek basli' ideyani', basli' pikirdi ashi'p beriwge xi'zmet qi'ladi'. Soni'n' ushi'n jazi'wshi'ni'n' ha'r bir so'zi, ha'r bir na'pi stilistikali'q bezewlersiz-aq do'nip turadi', wolar ba'rha'ma ha'rekette. Jen'il woqi'ladi', jen'il qabi'l yetiledi, woqi'wshi'ni'n' sanasi'na tez jetip baradi', biraq ta'sirshen'ligi mi'n' ha'm uzaq. Bug'an to'mendegi qatarlar da'lil bolmasa kerek. «Son' Aqshagu'l bolar-bolmas na'rseni woylay bermey, kewlin shalg'i'ti'w ushi'n na'zerin pa'tikke burdi'. Bi'lti'r ba'ha'r de jawi'n wo'tip si'bawi' tu'sken pa'tin yele solayi' menen tur yedi. «A'sta'pi'ri'lla, sira' yerkegi bar u'yge usamas, ku'ni menen soxta woynag'ansha yari'm shelek i'lay iylep si'bap taslag'anda pa'tiktin' qami'si' salbi'rap turmas yedi». Wol ku'yewine bir tu'rli qaras penen na'zer sali'p yedi, ju'zindegi uaqti'nan buri'n tu'sken qat-qat a'jimlerdi, a'sirese,

aldi’n’g’i’ tisleri wopi’ri’li’p qalg’anli’qtan, ishke kirip ketpen yerinlerin ko’rip, qatti’ ayap ketti. Wol bayag’i’ Nurjang’a sira’ da’ uqsamas yedi Nurjan! Woni’n’ u’stine duwpiyaz!» (61-bet);

«Aqshagu’l ilaji’ bari’nsha sharbaq betke shi’qqi’si’ kelmeydi. Shi’qti’ boldi’, woni’n’ No’kiske kelip a’biger tarti’p ju’rgen ku’nleri yesime tu’sedi. Bu’gin shi’g’i’wg’a na’ila’j ma’jbu’r boldi’. Shi’qti’ da ja’ne soleski lenta ko’z aldi’na birme-bir wo’te basladi’.

Bul jerden tap ka’ris a’wliyege deyin tarti’lg’an jin’ishke ko’she bar yedi. Wol waqi’tlari’ bul ministrliktin’ worni’ taslandi’g’a toli’p atatug’i’n shuqi’r boldi’. Ha’zirgi ken’senin’ aldi’ndag’i’ dan’g’i’l ko’she de keyin sali’ndi’. Sol tar ko’she menen wolar kireyge woti’ratug’i’n u’yime baratug’i’n yedi. A’jibay brigadti’n’ su’rgini menen ko’ship kelgen jas xojali’q da’slebinde qatti’ albi’radi’. Bul u’yge shi’rpi’ da, duz da, tutqi’sh ta, qullasi’ kirdika’rli’ xojali’qqa ne kerek bolsa ha’mmesi bug’an da za’ru’r yeken. Lekin, bular biri bolsa, biri joq». (69-bet); «Jumi’s azda bolsa Aqshagu’ldin’ ko’zin ashayi’n dedi. A’sirese, yesap-sanaq, qag’az jumi’si’ bolg’annan keyin mektep partasi’nan alg’an bilimi qayta janlang’anday boldi’. Qalag’a kelgennen keyingi shi’bi’n-shirkey da’rileytug’i’n jumi’si’nda bul na’rselerdin’ keregi joq yedi. Wonda tek jumi’s bar, aqsha bar, qati’q-su’t, qullasi’, ruzgershilikti terbetiwge boladi’». (77-bet).

Mine, keltirilgen u’zindilerde biz ko’rkem su’wretlew qurallari’ni’n’ ju’da’ kem mug’darda qollang’ani’n ko’remiz. Tap qaldi’rg’anday yepitetler, metaforalar joqti’n’ qasi’nda. Biraq, sog’an qaramastan bul haqi’yqi’y proza.

Birinshi u’zindidegi wo’jirenin’ intereri, Nurjanni’n’ portreti, yekinshi u’zindidegi jin’ishke tar ko’shenin’ ko’rinisi, u’y buyi’mlari’, u’shinshi u’zindidegi shi’bi’n-shirkey da’rileytug’i’n ma’kemenin’ xarakteristikasi’ shi’rayli’ boyawlarsi’z, qosi’mtasi’z, quri’ fakt-detallardi’n’ ja’rdeminde su’wretlengen. Wolardi’n’ yen’ basli’, yen’ kerekli belgileri ko’rsetilgen. Yen’ basli’si’, bul belgiler sol ma’kanni’n’, sol waqi’tti’n’ ruwxi’n boyi’na sin’irgen, soni’n’ ushi’n da wolar wo’zi menen wo’zi qala almaydi’, ba’lkim wolar wo’tmishten bu’ginge, bu’ginnen yerten’ge, predmetlerdin’ xarakteristikasi’nan

personajlardi'n' psixologiyasi'na u'yden ko'shege, qaladan awi'lg'a ko'pir tas taslaydi' ha'm wolardi'n' bir pu'tinliginen da'lalat beredi.

Solay yetip, «Aqshagu'l» povestindegi jazi'wshi' yerisken ma'kan ha'm zaman birligi, shi'g'armani'n' tek stillik birligin ta'miyinlep qoymastan woni'n' ideya-estetikali'q, syujet-kompoziciyali'q birligin de ta'miyinleydi.

Waqi'tti'n' tarli'g'i' ha'm tezligi woni'n' shegarasi'nda ju'z berip ati'rg'an waqi'yalardi'n' ko'p ya azli'g'i'nan g'a'rezli. Sonli'qtanda, waqi't ag'i'mi'ni'n' tezligi ya barg'an sayi'n ku'sheyip, ya pa'seyip bari'wi' mu'mkin. Bul yeki jag'daydi'n' da ko'rinisin, yag'ni'y waqi'tti'n' sozi'li'wi'n ha'm qi'sqari'wi'n «Aqshagu'l» povestinde ushi'ratami'z. Povesttin' syujetlik bir yari'm ji'lg'a shamalas waqti'ni'n' tek birinshi u'sh-to'rt ku'ni ha'm aqi'rg'i' u'sh-to'rt ku'ni waqi'yalarg'a bayli'g'i' menen basqa ku'nlerden ayi'ri'li'p turadi'. Soni'n' ushi'nda, bul ku'nlerdin' waqi'yasi' povest ko'leminin' basi'm bo'legin quraydi'. Bul demek, usi' waqi'yalardi' su'wretlewge jazi'wshi' ken'nen toqtaladi'. Syujettin' tiykarg'i' yelementleri – yekspoziciya, rawajlani'w, shiyeleniw, kulminaciya ha'm sheshim – usi' ku'nlerdin' waqi'yalari'nda wori'n alg'an. Al, qalg'an waqi'yalar ani'q ha'm ken' tu'rde su'wretleme bermeydi. Wolar haqqi'nda qi'sqa informaciyali'q bayanlamalar ha'm su'wretlemeler beriledi. Wolar to'mendegishe:

«Aqshagu'l bir-yeki aydi'n' ishinde-aq wo'zin ji'ynap aldi'. Hayallardi'n' shay du'ka'ni'na qosi'ldi'». (67-bet); Da'slepki waqi'tlari' wonnan qashi'qlap ju'rgen Aqshagu'l keyin ala woni' si'rti'nan gu'zetip turatug'i'n boldi'. (67-bet); «Gu'zdin' birinshi ayi' ayaqlana kele Nurjan jayg'a aylani'sti'» (83-bet); «Nurjan bir yari'm ayda qayti'p keldi» (88-bet);

Bul mi'sallardag'i' ko'rsetilgen waqi't shegaralari' bir-yeki waqi'ya menen g'ana sheklengen ha'm bul waqi'yalardi'n' ju'zege keliw processii bir neshe aydi'n' u'sh-to'rt ji'lg'a sozi'lg'an. Bul mi'sallardan to'mendegi juwmaqqa keliwge boladi'. Waqi'tti'n' ha'diyseler menen bay boli'wi', woni'n' tezligine ali'p keledi ha'm kerisinshe waqi'tti'n' ha'diyselerge jarli' boli'wi' woni'n' wo'tiwinin' tezlesiwine ali'p keledi. Al, ma'kan haqqi'nda to'mendegishe

ayti’wi’mi’z mu’mkin. Ma’kanni’n’ wonda jaylasqan zat-predmetlerdin’, ha’diyselerdin’ ti’g’i’z yemesligi waqi’tti’n’ waqi’yalar menen ti’g’i’zlani’wi’na ali’p keledi. Al, Ni’zanov ko’rkem shi’g’armadag’i’ ma’kan ha’m zaman qatnasi’ni’n’ yekinshi tipine beyimli jazi’wshi’ yekenin ko’remiz. Jazi’w ushi’n yen’ basli’si’–waqi’yalar.

Ko’rkem shi’g’armada real waqi’t (zaman), yag’ni’y syujetlik waqi’t penen qa’lemge ali’ng’an ko’rkem waqi’tti’n’ (zamanni’n’) bir-birine qatnasi’ quramali’ xarakterge iye. Real waqi’tti’n’ ko’lemi, mi’sal ushi’n, ju’da’ qi’sqa boli’wi’ mu’mkin. Bunday waqi’tta ha’diysesiz waqi’t dep ataymi’z. Bul jag’day shi’g’armada ushi’rasatug’i’n ha’r qi’yli’ formadag’i’ bayanlawlar berilgende gezlesedi. Mi’sali’, jazi’wshi’ni’n’ «Aqshagu’l» bir yeki aydi’n’ ishinde wo’zin ji’ynap aldi’» dep baslanatug’i’n Aqshagu’ldin’ jan’a jumi’s worni’ndag’i’ jag’dayi’na tiyisli bayanlamasi’ usi’lardi’n’ qatari’na kiredi. Bunda jazi’wi’ bir qatar waqi’yalardi’ ataydi’. Biraq, wolardi’ ha’r qaysi’si’n ayi’ri’p su’wretlemeydi, tek wolardi’n’ uli’wma na’tiyjeleri haqqi’nda mag’li’wmat beriw menen sheklenedi.

Al, ha’diyseni dep atalatug’i’n waqi’tta (zaman) ishki, mazmuni’ boyi’nsha ha’r qi’yli’ boli’wi’ mu’mkin. Ayi’ri’m jag’daylarda shi’g’armada birde adamni’n’ wo’zin, birde adamlardi’n’ qari’m-qatnaslari’n, birde uli’wma jag’dayi’ pu’tkilley wo’zgertip jiberetug’i’n ha’reket ha’diyseler wori’n ali’wi’ mu’mkin. Buni’ a’dette syujetlik yamasa fabulali’q waqi’t deymiz. Fabula (lati’nsha «ti’msal, gu’rrin’» degendi bildiredi) ko’rkem syujettin’ tiykari’n quraytug’i’n skleti negizi. Syujet ushi’n materiallar wazi’ypasi’n wo’teytug’i’n waqi’ya, ha’diyseler sistemasi’, syujettin’ izbe-izligin, logikasi’n saqlap ayti’p beriwge bolatug’i’n wo’zegi. Qi’sqasha aytqanda, fabula – bul qanday da bir waqi’ya-ha’diysenin’ ha’r qi’yli’ qosi’msha su’wretlewlerden azat qi’sqasha bayanlama. Jazi’wshi’ syujet shen’berinde fabulani’ qayta isleydi. Wol waqi’yalar ta’rtibin sol hali’nda qaldi’ri’wda, wo’zgertiwi de, buzi’wi’ da mu’mkin.

Aqshagu’l povestinde syujet penen fabulani’n’ derlik birdey yekenin ko’remiz. Wolar to’mendegishe:

Aqshagu’ldin’ jumi’ssi’z qali’wi’, manti’-somsa pisirip sati’w menen shug’i’llani’wi’, jumi’s tabi’wi’, Saqbay menen ushi’rasi’wi’, yeki qabat boli’p qali’wi’ ha’m wo’limi. Mine usi’ waqi’yalar dizbegi povesttin’ syujetinde, fabulasi’n da quraydi’. Wolar birin-biri tabadi’. Bul jerde jazi’wshi’ni’n’ sheberligi sonnan ibarat, wol woqi’wshi’ni’ qi’zi’qti’ratug’i’n ha’r qi’yli’ syujetlik ta’sillerdi qollanbay-aq woqi’wshi’ni’n’ di’qqati’n povesttin’ aqi’ri’na deyin ba’nt yetip woti’ra aladi’, woni’ Aqshagu’ldin’ ta’g’dirine ha’m na’pse boli’wg’a ma’jbu’rleydi. Bul, a’lbette, jazi’wshi’ni’n’ povesttegi ma’kan ha’m zaman qatnaslari’n ju’da’ aqi’lana, ko’rkem ha’m puqta su’wretlep shi’qqani’ni’n’ yesabi’nan desek wori’nli’ boladi’. Povestte ma’kan ha’m zaman ju’da’ jupkerlesip bir-birine wo’tisip ketken. Soni’n’ ushi’n da, ma’kan waqi’tti’, zamandi’ tu’siniwge, al zaman ma’kandi’ tu’siniwge ja’rdem beredi.

Demek, wolar biri-biri toli’qti’ri’p aydi’nlasti’ri’p woti’radi’.

Povesttin’ syujetlik waqti’ni’n’ da’slepki to’rt ku’ni waqi’yalarg’a ju’da’ bay. Birinshi ku’n: Keshtegi marshrut taksidegi ha’diyse, Aqshagu’ldin’ u’ydegi woylari’ ha’m ballari’na mu’na’sibeti. Yekinshi ku’n: Aqshagu’l manti’ sati’w ushi’n ma’kan ken’sesine keledi, qarawi’l menen ushi’rasadi’, keyninen ministrdin’ wo’zi menen duslasadi’, yeki xi’zmetker qi’z Aqshagu’lge yeskertiw beredi, Aqshagu’l yekinshi ken’sege awqat aparadi’, woni’ qarawi’l quwi’p jiberedi, manti’ kastryuli to’gilip qaladi’, yeki hayal ja’rdemge keledi, wolardi’n’ birewi Aqshagu’ldi jumi’sqa wornalasti’ri’wg’a ara tu’sedi. Aqshagu’l manti’si’n sati’wg’a bazarg’a baradi’, keshte u’yine qaytadi’ ha’m marshrut taksi jolda tu’sirip ketedi, u’yine keledi, ku’yewi menen uri’sadi’, balasi’ menen du’ka’ng’a ketedi, du’ka’nda un tu’siredi, du’ka’nshi un beredi, Nurjan Toqtashti’n’ u’yine ketedi, keshki awqat pisiredi, da’sturxan basi’nda ballari’ menen awqatlanadi’.

Bul Aqshagu’l ushi’n «mi’rji’q» ku’n boldi’.

U’shinshi ku’n: Aymereke Aqshagu’ldi Saqbayg’a aparadi’, Aqshagu’l jumi’sqa ali’nadi’, jumi’s worni’ menen tani’sadi’, ki’zi’ repititor tabadi’, Nurjan talap tabadi’.

Bul Aqshagu’l ushi’n sa’tli ku’n boldi’.

To’rtinshi ku’n: Aqshagu’l jumi’sqa bari’wg’a yekilenedi. Jumi’s islewge bel baylaydi’. Basqa ila’j joq.

Mine, usi’nnan keyin Aqshagu’l ushi’n birgelkili ku’nler, aylar wo’te baslaydi’. Wol jumi’sqa baradi’, u’ydin’ g’alma-g’ali’ menen ba’nt boladi’. Waqi’yalardi’n’ ju’z beriwi ha’m rawajlani’wi’ biraz pa’sen’leydi. Bul arali’q shama menen won bes ayg’a barabar. Usi’ da’wir ishinde Aqshagu’lge turmi’si’nda, mekemesinde 2-3 iri waqi’ya ju’z beredi. 2-3 ma’rte ken’senin’ perdelerin palas, gilemlerin, mebellerin yesaptan shi’g’ari’p tazalari’ menen awmasti’ri’ladi’ ha’m mekeme xi’zmetkerlerine bo’listirilip beriledi. Bunda Aqshagu’ldin’ de payi’ bar. So’ytip wol ku’tilmegende palasli’, gilemli boli’p qaladi’. Tag’i’ birde jumi’sqa kirgenine bir ji’lg’a shamalasqanda Saqbaydi’n’ usi’ni’si’ menen ken’senin’ qonaq jayi’nda wog’an miyman ku’tisedi ha’m shala ma’s hali’nda Saqbay menen qali’p qoyadi’. Bul waqi’yalar bir neshe aylardi’n’ ishinde boli’p wo’tedi ha’m wolardi’ woqi’wshi’g’a jetkeriw usi’li’nda su’wretlewden go’ri bayanlaw basi’m. Waqi’yalardi’n’ rawajlani’wi’nda a’welgi 3-4 ku’nlerdegidey ma’kan ha’m zamanni’n’ ishinde ti’g’i’zli’q ha’m tezlik joq. Biraq sog’an qaramastan bul waqi’yalar a’welgi waqi’yalardi’n’ logikali’q dawami’ boli’p, keyingi waqi’yalardi’n’ rawajlani’wi’na negiz boladi’. Bul jag’i’nan dramatizmge toli’ aqi’rg’i’ 4 ku’nnin’ waqi’yalari’ sol waqi’yalardi’n’ logikali’q dawami’ ha’m aqi’beti yedi. Sonli’qtan da wolardi’n’ povesttin’ syujetlik mezgil-ma’kani’ni’n’ ishinde shashi’randi’ jaylasti’ri’li’wi’ wori’nli’ ha’m tiykarli’ boli’p, wo’z ni’zamli’qlari’na iye. Sol sebepli bul waqi’yalardi’n’ Aqshagu’ldin’ Amerikada woqi’p ati’rg’an qi’zi’ Arzayi’mg’a jazg’an aqi’rg’i’ xati’nda yekinshi ma’rte yeske ali’ni’wi’ tosi’nnan yemes. Yendi wolar Aqshagu’ldin’ an’-seziminde bir jerge toplani’p woni’n’ pushaymang’a toli’ tolg’ani’slari’ni’n’ keshiw processinin’ tempik ha’m territoriyasi’n ju’da’ ti’g’i’zlandi’ri’p ha’m tezlestirip jiberedi ha’m Aqshagu’ldi yen’ aqi’rg’i’, yen’ qa’wipli sheshimge toqtawsi’z iytermeleydi. Yendi bul waqi’yalardi’n’ mezgil-ma’kani’ Aqshagu’ldin’ u’yi ha’m woni’n’ qa’lbi yedi. Mine, yendi usi’ tar jerdin’ «tamashasi’» tragediyag’a aynaladi’.

Soni’n’ ushi’n da yendi Aqshagu’ldin’ bayag’i’ «mi’rri’q» ku’nlerdi yeslep «qalag’a awqat tasi’p, birde tawi’p, birde tappay ju’rgen ku’nlerim baxi’tli’ demler yekenin men keyin bildim» (90-bet) degen wo’kinishinde teren’ ma’ni bar.

Solay yetip, keyingi ku’nlerdin’ ta’shwishleri, a’were-sarsan’li’qlari’ povesttin’ syujetlik waqti’ni’n’ aqi’rg’i’ u’sh ku’nin tolti’radi’. Bul ku’nler de waqi’yag’a bay ha’m wolar ha’r qi’yli’ jerlerde ju’z beredi. Waqi’yalardi’n’ boli’p wo’tken mezgil-ma’kanlari’ da Aqshagu’ldin’ dramasi’ni’n’ qay da’rejede awi’r yekeninen derek beredi. Bul jerde de uzaq bayanlawlarg’a wori’n joq, yekinshi da’rejeli detallar tu’sirip qaldi’ri’li’p tek syujetke isleytug’i’n, su’wretlew tempine irkinish bolmaytug’i’n mezgildin’ de ma’kanni’n’ da yen’ a’hmiyetli bo’lekleri ali’nadi’. Povesttin’ aqi’rg’i’ yepilogti’n’ worni’na berilgen yen’ qi’sqa babi’ni’n’ aldi’nda babi’nda Aqshagu’ldin’ wo’mirinin’ son’g’i’ u’sh ayg’a shamalas waqti’ bayan yetilgen. Bul arali’qta ku’yewi Nurjan talapqa ketken jag’i’nan qayti’p keledi, wo’zi jumi’sqa a’ytewir bari’p kelip ju’redi, ara-arasi’nda qi’zi’ Arzayi’mnan xat kelip turadi’. Biraq bul aylar, ku’nler Aqshagu’l ushi’n matam aylari’, matam ku’nleri yedi. Wol wo’zinin’ qi’yanetin hesh keshire almaydi’ ha’m sol awi’r ju’k penen jasawg’a ma’jbu’r. Bug’an qosi’msha woni’n’ yeki qabatli’g’i’ sezile baslaydi’. Bul Aqshagu’ldin’ qarali’ ku’nlerinin’ baslani’wi’ yedi. Usi’ aqi’rg’i’ ay-ku’nlerdin’ aqi’rg’i’ u’sh ku’ninin’ waki’yalari’ to’mendegi ta’rtipte keshedi.

Birinshi ku’n. Ba’ha’r bayrami’ – Nawri’z, bul ku’ni Aqshagu’l seyilge yeri ha’m ballari’n jiberip, wo’zi u’yde kaladi’ ha’m qi’zi’na xat jazadi’.

Yekinshi ku’n. Pochtag’a baradi’ ha’m qi’zi’na jazg’an xati’n jiberedi.

U’shinshi ku’n. Azanda ha’mmeden buri’n turadi’, uyi’qlap ati’rg’an yeri, ul-ki’zlari’, u’yi, u’yindegi wo’zi uslap-tutqan i’di’s-tabaqlari’ menen yeljirep xoshlasadi’ ha’m kelmeske qa’dem qoyadi’.

To’rtinshi ku’n. Yepilog worni’nda. Aqshagu’ldin’ yeri Nurjan ullari’ Quwat ham Yesen Amerikadan kanikulg’a kiyati’rg’an qi’zi’ Arzayi’mdi’ aeroportta ku’tip aladi’ ha’m aeroporttan tuwri’ a’wliye basi’na Aqshagu’ldin’ qa’birine zi’yaratqa ketedi.

Joqari’da ati’lg’an pikirdin’ ha’m sog’an baylani’sli’ keltirilgen waqi’yalardi’n’ ku’nlik xronikasi’ni’n’ tasti’yi’g’i’ si’pati’nda povestten qi’sqa u’zindiler keltiremiz: «Ba’ha’r samali’ Aqshagu’ldin’ boyi’nda biliner-bilinbes wo’zgeris ju’z bere basladi’». (89-bet); «Ba’ha’r bayrami’nda Aqshagu’l seyilge shi’qpadi’» (90-bet); «Yerten’ine pochtag’a bari’p xatti’ qi’zi’na jiberdi. Nawri’zdan keyingi u’shinshi tan’da wol ku’ndegiden yerte woyandi’. U’ydegi ha’mme na’rsege yadlap alatug’i’nday di’qqat penen telmirdi. Wo’zi ku’nde uslap tutqan qazan-tabaqti’ man’layi’na tiygizdi, qumandi’, sha’ynek-keselerdi, ha’tte sipsege deyin bir qatar si’ypalap qatari’p worni’na qoydi’» (92-bet); «Aqshagu’l ko’zinin’ jasi’ balalari’na tami’p ketiwden qorqi’p…»; «keyin Nurjanni’n’ qasi’na kelip saqqa ju’gindi» (92-bet); «ol (Aqshagu’l – T.B.) … yesik betke a’kelip qoyg’an kir jibin ali’p, pitpey turg’an taza jayg’a kirip ketti» (92-bet).

Ko’rip turg’ani’mi’zday aqi’rg’i’ to’rt ku’nde povesttin’ basi’ndag’i’ to’rt ku’ndey ha’diyseli ku’nler bolg’ani’n ko’remiz. Usi’ to’rt ku’n ishinde ju’z bergen waqi’yalardi’n’ waqti’ da (ba’ha’r aylari’, Nawri’z bayrami’ ku’nleri, keshki seyil waqti’, u’shinshi tan’, sa’ske waqti’) ma’nzili-ma’kani’ da (seyil maydani’, pochta, u’ydin’ ishi, pitpegen taza jay, ko’shenin’ yeki basi’, aeroport, qoyi’mshi’li’q) derlik su’wretlenbeydi, al tek atlari’ atali’p ketedi, ayi’ri’m jerlerde dizbeklenip te keltiriledi. Biraq, sog’an qaramastan wolar iri planda ko’rinedi ha’m woki’wshi’ni’n’ di’qqati’nan shette qalmaydi’. Sebebi wolar tek quri’ faktler atamasi’ yemes, al mini-obrazlar si’pati’nda ko’zge taslanadi’. Wo’ytkeni wolardi’n’ ha’r biri, ko’rip turg’ani’mi’zday, Aqshagu’ldin’ basi’nan keship ati’rg’an waqi’yalardi’n’ rawajlani’wi’ndag’i’ ha’r bir jan’a buri’li’si’n belgileydi ha’m sonday-aq, Aqshagu’ldin’ qa’lbinde keship ati’rg’an sezimler ayqasi’ni’n’ gu’walari’.

Mine, bizde gu’wasi’ bolg’ani’mi’zday, povesttin’ keyingi betlerinde ha’diyseli waqi’t wo’zinin’ aqi’rg’i’ shegine qaray ju’risin tezletkende ma’kan da wonnan qali’spay yen’ son’g’i’ shegine woni’ gu’zetken yeken.

Solay yetip, biz povesttin’ finali’nda woni’n’ syujetlik ko’rkem mezgil ma’kani’ni’n’ tuwra da, qi’ya da ma’nisinde tuyi’qlang’ani’n, yag’ni’y tamam

bolg'ani'n ko'remiz. Buni' tu'siniw ushi'n qoyi'mshi'li'q obrazi'n yeske ali'w-aq jeterli.

Bul degenimiz syujettin' aqi'ri'na jetkeni, konflikttin' sheshilgeni boladi'. Biraq bul si'rttan u'stirtin, formal qarag'anda solay ko'rinedi. Al shi'n ma'nisinde povesttin' tamamlanbag'an ashi'q finalg'a iye yekenin ko'remiz. Bul povesttin' syujetlik-kompoziciyali'q du'zilisinin' wo'zgesheligi yesaplani'p, wol jazi'wshi'ni'n' wo'z shi'g'armasi'ni'n' mezgil-ma'kan (ma'kan ha'm zaman) wo'z-ara qatnaslari'n ta'rtiplestirgende woni'n' finali'na jan'asha tu's beriwge umti'lg'ani'ni'n' gu'wasi' bolami'z. Bul povesttin' yen' aqi'rg'i' abzaci'nda ko'rinedi: «Perzentleri suwi'q demin aldi'. Wolardi'n' usi' jerden baslap ko'kiregi qata basladi'. Wo'mir ashshi' shayqas yekenin tu'sinip ketkendey boldi'. Bul du'nyadan alasi'si' da, beresisi de ko'p yekenin an'g'ari'p bilgendey yedi wolar.

Aldi'nda aydi'n keleshek tur! Wo'zleri a'rman yetken keleshek tur! Anasi' ko'riwdi arzi'w yetken u'lken u'mitler jati'r bul jolda!» (94-bet)

Bunday ashi'q final principi, a'lbette, jan'a da'wir a'debiyati' da'stu'rine ta'n qubi'li's. Buni', ko'rip turg'ani'mi'zday, M.Ni'zanov ju'da' tabi'sli' iske asi'rg'an. Bas qaharmanni'n' wo'limi menen povesttin' syujetlik waqti' birotala jabi'q boli'p qalmaydi', al kerisinshe, wol keleshekke bari'nsha ashi'q. Bul jazi'wshi'ni'n' yestetikali'q principlerinin' biri desek boladi'. Soni'n' ushi'n da M.Ni'zanov ma'kan ha'm zaman kompoziciyali'q usi'li'n ju'da' uti'mli' ko'rkem usi'l si'pati'nda qollanadi'. Wol ma'kanlardi', zamanlardi' bir-biri menen yerkin jaqi'nlasti'radi', aralasti'radi', wori'nlari'nan ji'li'sti'radi', bir-birine qoyadi'.

Bundag'i' go'zlengen maqset-ma'kan ha'm zamanni'n' ha'r qi'yli' formalari'n sali'sti'ri'w ta'sirin ashi'p beriw menen bir qatarda, wolardi'n' shi'g'armani'n' ideyali'q-estetikali'q ma'nisin an'lawg'a jol ashatug'i'n yen' a'hmiyeti, yen' ma'nili, yen' ta'sirli belgilerin ashi'p beriw boli'p tabi'ladi'. Soni'n' ushi'n da povesttin' betlerinde, biz gu'wasi' bolg'ani'mi'zday «buri'n», «bayag'i' da», «bu'gin», «ha'zir», «woyaqta», «buyaqta», «awi'lda», «qalada» ha'm tag'i' da basqa usi'llarg'a qusag'an bir-birine qarsi' ug'i'm-tu'sinikler jiyi ushi'rasadi' ha'm wolar ma'kan ha'm zaman qatnaslari'ni'n' xarakterin belgileydi.

Wonnan qala berse povesttegi ma'kan ha'm zamanni'n' konkret belgilerinen basqa wolardi'n' uli'wma, universal ni'zamli'qlari'da jazi'wshi'ni'n' di'qqati'nan shette qalmaydi'. Bul pu'tkil a'lemdi ha'm woni'n' jasaw formalari' bolg'an ma'kan ha'm zamandi' ayi'rmay bir tutas pu'tkil halati'nda qabi'l yetiwge ha'm tu'siniwge iytermeleydi. Usi' filosofiyali'q-estetikali'q ideyani' jazi'wshi' Aqshagu'ldin' woyi' arqali' to'mendegishe beredi. «Aqshagu'l keshegi qalg'an unnan qami'r iylep woti'ri'p usi'nday azap ko'rip, jag'i' si'ni'p qalg'an ku'yewinin' bayag'i' wo'r minezlikti ku'tiwdin' yendi paydasi' joq yekenin tag'i' bir ma'rte abayladi'. A'tten', qoldan keler shara joq. Waqi't izge qayi'tpaydi'» (65-bet); Lekin, Aqshagu'ldin' ju'zine mayda-mayda tari'ni'n' qabi'g'i'nday sepkil tu'se basladi'. (90-bet).

Solay yetip, biz joqari'dag'i' analizlerden, woy-pikirlerden kelip shi'qqan halda «Aqshagu'l» povestindegi ma'kan ha'm zaman haqqi'nda to'mendegilerdi ayti'wi'mi'z mu'mkin. Bunda ma'kan ha'm zaman teren' konceptual mazmung'a iye ha'm wolar bu'gingi ku'nnin' problemalari' menen ti'g'i'z baylani'sqan. Sonli'qtan da biz ma'kan ha'm zamanni'n' povestin' syujetinde kompoziciyasi'nda, obrazlar sistemasi'n da personajlardi'n' xarakterlerinde turmi's ta'rizlerinde teren' iz qaldi'rg'anli'g'i'ni'n' gu'wasi' bolami'z. Wo'z gezeginde de povestin' qaharmanlari' da ma'kan ha'm zamanni'n' intasi'z baqlawshi'lari' boli'p qalmawg'a ti'ri'sadi', wolardi'n' qarsi'li'qlari'n jen'ip wolar menen ten' qa'dem taslawg'a umti'ldi'. Soni'n' ushi'nda poveste personajlar ma'kan ha'm zaman bir pu'tinlikti quraydi'. Bul povesttin' haqi'yqi'y zamanago'yliginin' da'lili.

XX a'sirdegi qaraqalpaq a'debiyati'nda prozada satira janri'ni'n' rawajlani'wi'nda Wo.Abdiraxmanovti'n', S.Jumag'ulovti'n', M.Ni'zanovti'n' 70-90 ji'llardag'i' gu'rrin'lerinin' a'hmiyeti ayri'qsha boldi'. Solardi'n' ishinde, a'sirese, M.Ni'zanov wo'zinin' bir neshe toplamlari'na kirgizilgen ha'm radio-televidenie, teatr saxnalari' arqali' aktërlari'mi'z, ko'rkem ha'weskerlerimiz ta'rpinen atqari'lg'an wog'ada ko'p sanli' realistlik prozali'q do'retpelerinde ja'miyetlik turmi'si'mi'zdi'n' a'hmiyetli ma'selelerin satirali'q ha'm yumorli'q usi'llar menen wortag'i' tasladi'. Wo'z sheberligi ha'm belsendiligi menen ko'zge

tu’sti. M.Ni’zanovti’n’ gu’rrin’leri menen povestleri wo’zinin’ haqi’yqachi’lli’g’i’, geyde jen’il yumor, geyde wog’ada wo’tkir, nishterli ku’lkisi–ironiyasi’ menen woqi’wshi’lar itibari’n wo’zine tartadi’. Jazi’wshi’ni’n’ satirali’q gu’rrin’lerinde ja’miyetlik turmi’sti’n’ konkret belgili bir ma’writlerindegi ashshi’ turmi’s shi’nli’g’i’n wori’nsi’z uzaq waqi’yalarg’a sozi’p woti’rmastan, qaharmanlardi’n’ ko’binese awi’zeki gu’rrin’leri, jazg’an xatlari’, yeske tu’siriwleri ha’m ko’z aldi’na yelestiriwleri, geyde qi’sqa-ki’sqa dialoglar arqali’ da sol obrazlardi’n’ ishki minez-kuli’q, a’dep-ikramli’q si’patlari’ ashi’p beriledi. Muratbay Ni’zanov do’retken ha’r bir shi’g’armada da’wirdin’ qi’yli’ ko’rinisleri ha’m qi’yi’nshi’li’qlari’ ani’q su’wretlenedi. Da’wirimizdin’ ha’m ja’miyettin’ ashshi’ haqi’yqatlari’ M.Ni’zanovti’n’ barli’q shi’g’armalari’nda wo’zgeshe sa’wleleniwin tapqan.

M.Ni’zanov qa’lemine tiyisl «Para», «Jat jurttag’i’ tag’i’ jeti ku’n», «Yeki qanxor», «Adam ku’ldirgeni ushi’n», «Wo’lim aldi’ndag’i’ iyt», «Aqshagu’l» povestleri woqi’wshi’lar ta’repinen joqari’ bahalanadi’. A’sirese, «Aqshagu’l» povesti realistlik prozadag’i’ jetiskenliklerinen biri boldi’. Bul wo’zbek tiline awdari’li’wi’ ha’m wog’an belgili wo’zbek a’debiyachi’lari’ni’n’ joqari’ baha beriwi a’debiyattani’w iliminde unamli’ qubi’li’slardan biri boldi’.

Ko’rkem a’debiyatta wo’mirdin’ ani’q ko’rinisin, adamlar, waqi’yalar, insani’yli’q qatnasi’qlar, pikir-sezimlerdi turmi’stag’i’day teren’, birigip ketken halda sa’wlelendiriw ushi’n ha’r qi’yli’ ko’rkemlew qurallari’nan ta’miynleytug’i’n bo’limi woni’n’ syujeti.

Syujet – francuzsha «syujet» - «na’rse», «tema», «mazmun» - degen ma’nilerdi an’latadi’. Ko’rkem shi’g’armada qaxarmanlardi’n’ xarakterinin’ rawajlani’w tariyxi’n ko’rsetetug’i’n waqi’yalar sistemasi’. Syujettin’ tiykarg’i’ negizi boli’p, sol jazi’wshi’ su’wretlep ati’rg’an ja’miyettin’ qarama-qarsi’li’qlari’ woni’n’ ha’r qi’yli’ konfliktleri jatadi’. Mine, usi’nday turmi’sli’q konfliktlerdi sa’wlelendiriwde ko’rkem shi’g’arma syujeti: yekspozicis, waqi’yani’n’ baslani’wi’, waqi’yani’n’ rawajlani’wi’, kulminaciya, waqi’yani’n’ sheshiliwi si’yaqli’ sha’rtli tu’rdegi bir neshe basqi’shlarg’a bo’linedi.

A’lbette, syujetlik rawajlani’wdi’n’ bunday ko’rinisleri jazi’wshi’ ta’repinen bir qa’lipte qollani’lmastan, ha’r bir shi’g’arma, ha’r bir janrg’a baylani’sli’ tu’rlishe tu’s ali’wi’ mu’mkin.

Syujet - ko’rkem shi’g’armani’n’ mazmuni’n ashi’p, mazmundi’ formag’a ko’shiriwdin’ negizgi joli’.

«Aqi’ret uyqi’si’» M.Ni’zanovti’n’ qa’lemine tiyisli ken’ ko’lemli povest. Bul do’retpe 2008-ji’li’ jazi’lg’an boli’p, 2009-ji’lda bolsa «Qaraqalpaqstan» baspasi’nan wo’z aldi’na kitap boli’p shi’qti’.

Bul povestte turmi’s shi’nli’g’i’ da’wirdin’ ashshi’ haqi’yqatlari’, insanni’n’ ruwxi’y xalatlari’ ashi’q ha’m ken’ ko’lemde su’wretlep beriledi. Ha’r qanday da’wirdegi ja’miyet adamlari’ arasi’nda tu’rli kelispewshilikler, qarama-qarsi’li’qlar boli’wi’ mu’mkin. Usi’nday adam ruwxi’yati’na ta’sir yetiwshi unamsi’z jag’daylardan shi’g’i’p ketiw, qi’yi’nshi’li’qlardi’ jen’iw ushi’n bekkem shi’dam boli’w kerek. Bul povesti psixologimzge quri’lg’apn shi’g’arma desek boladi’. Bul povestte bas qaharman Wo’temuratti’n’ ruwxi’y halati’ ken’ tu’rde ashi’p beriledi, yag’ni’y bul povestte insanni’n’ ruwxi’y halati’ birinshi wori’nda turadi’.

Klassikali’qt a’debiyatta ko’rkem shi’g’arma syujetin bayanlaw yaki tu’rli jol menen a’melge asi’ri’ladi’.

Bul povestte waqi’yalardi’n’ bayanlani’wi’ boyi’nsha syujettin’ klassikali’q yemes tu’rine kiredi, bunda tiykarg’i’ syujet yeske tu’siriwler formasi’nda waqi’yalar aqi’ri’nan baslani’p su’wretlenedi.

Povestte sa’l kem bir a’sirlik wo’mir tariyxi’na iye Wo’temurat g’arri’ yen’ son’g’i’ aqi’ret uyqi’si’nda jati’p wo’tken pu’tkil wo’mirin, basi’nan keshirgenlerin yeske tu’siredi. Qaharmanni’n’ ruwxi’y tolg’ani’slari’, wo’z wo’mirinin’ jag’i’mli’ ha’m jag’i’msi’z ma’writlerinen ti’ni’si’zlani’wlari’ ko’rkem psixologizmnin’ jan’asha formada beriliwi boli’p yesaplanadi’.

Povestte tiykarg’i’ syujet Wo’temurat g’arri’ni’n’ Nawri’zbay Kulenov degen ali’mni’n’ jetpis bes ji’lli’q merekesinen kiyati’ri’p u’yinin’ da’rwazasi’ni’n’ aldi’nda miyi aylani’p shi’g’i’li’wi’ ha’m qaharmanni’n’ yeki

du’nyani’n’ wortasi’na tu’sip qali’wi’ si’yaqli’ ruwxi’y jag’dayi’n su’wretlewden baslanadi’.

Miyine qan quyi’li’p, aqi’ret uyqi’si’nda jati’rg’an qaharmanni’n’ bir neshe ku’n ishindegi pu’tkil ruwxi’y jag’dayi’ avtor ta’repinen bas qaharmanni’n’ birese ken’ aspan a’lemine, birese ushi’-qayi’ri’ joq muzli’qlar ma’kani’na, birese jas tog’ayli’qlar ma’kani’na, birese jer asti’ndag’i’ a’psanawiy motorli’ qayi’qqa tu’sip qali’wlari’ si’yaqli’ ali’m sol waqi’ttag’i’ ruwxi’y wo’zgerisleri, tolg’ani’slari’ arqali’ ashi’p beriledi.

Qaharman yen’ da’slep aspan a’lemine ushi’p barg’ani’nda wol jerde a’lle qashan wo’lip ketken Bazar apasi’n, tirisinde wo’zine ko’p azap bergen qon’si’si’ Yembergen qoti’rdi’ ko’redi. Yembergen qoti’r ha’m woni’n’ a’kesi Wo’temurat ha’m woni’n’ anasi’ Anjimnin’ bulardan ko’rgen azaplari’n, a’sirese japakesh hayal Anjimnin’ awi’r ruwxi’y jag’dayi’ teren’ psixologiyali’q su’wretlewlerde ashi’li’p beriledi.

Sonday-aq, povestte bas qaharman Wo’temuratti’n’ muzli’qlar ma’kani’nda woni’ bala gezinde jazlar yemlewxanasi’na apari’p taslag’an Bekniyaz doktordi’ ushi’rati’p qali’wi’ woni’n’ balali’q da’wirine tiyisli ayi’ri’m yepizodlardi’ yeske tu’siriwine imkan jaratadi’. Wo’temuratti’n’ jas tog’ayli’qlar ma’kani’na tu’sip qali’wi’ si’yaqli’ ruwxi’y jag’dayi’ arqali’ qaharmanni’n’ uri’s da’wirindegi bastan keshirgen waqi’yalari’ yeske tu’siriledi. Usi’ su’wretlewler avtor ja’ne kompoziciyali’q izbe-izlikti saqlap, Yembergen qoti’rdi’n’ uri’s da’wirindegi is-ha’reketleri, qi’lmi’slari’n su’wretleydi.

Povest syujetinde bas qaharmanni’n’ jer asti’ tunnelinde dozaqti’n’ ishinde qi’p-qi’zi’l shoqta jani’p ati’rg’an awi’li’ndag’i’ Bekniyaz doktordi’ ko’riwi, woni’n’ xirurg balasi’ Nurniyazdi’n’ islegen awi’r qi’lmi’si’ ushi’n, balamni’n’ jani’ qi’ynalmasi’n dep ha’r ku’ni dozaq woti’nda wo’zin ku’ydirip ati’rg’anli’g’i’ Wo’temuratqa ruwxi’y jaqtan ku’shli ta’sir yetedi. Usi’ waqi’ya sebepli Wo’temurat ta yendi wo’zinin’ islegen gu’na’lari’, qi’yaneti haqqi’nda woylanadi’, ruwxi’y tolg’anadi’.

Al, bas qaharmanni’n’ ashi’q ten’izdegi motorli’ qayi’qti’n’ ishine tu’sip qali’wi’ bolsa, woni’n’ ilimge bag’i’shlang’an pu’tkil alpi’s ji’lli’q wo’mirin yeske tu’siriwi menen ushlasadi’. Usi’ bo’limde avtor bas qaharman Wo’temuratti’n’ studentlik ji’llari’nan baslap u’lken ilimpaz bolg’an da’wirine shekem su’wretlep beredi.

Jazi’wshi’ shi’g’armada bir neshe da’wir ko’rinislerin, waqi’yalari’n wo’tkir dramali’q su’wretlewler arqali’ jeke insan ta’g’dirin ha’r ta’repleme ashi’p beredi.

Povestte jazi’wshi’ hayal-qi’zlar obrazi’n jarati’wda da bir qansha tabi’slarg’a yerisken. Mi’sali’, tumi’sti’n’ tu’rli si’nawlari’nda taplang’an shi’damli’, sonday-aq qaysar Anjim obrazi’ woqi’wshi’ni’n’ itibari’na i’layi’q. Shi’g’armadag’i’ Ra’wshan obrazi’ da haqi’yqi’y wopali’ yar, mehriban ana obrazi’ si’pati’nda wo’siriledi.

«Aqi’ret uyqi’si’» povestinde tiykarg’i’ syujet bas qaharman Wo’temurat g’arri’ni’n’ basi’nan wo’tkergen toqsan ji’lg’a shamalas wo’mirin yeske tu’siriwleri ha’m ko’z aldi’na yelestiriwlerine quri’lg’an. Bunda qaharmanni’n’ wo’tken wo’mirine baylani’sli’ yeske tu’siriwleri ha’m usi’g’an baylani’sli’ ruwxi’y tolg’ani’slari’ woni’n’ wo’mirinin’ aqi’ri’ndag’i’ sanawli’ ku’nlerinde ju’z bergen waqi’yalar tiykari’nda ashi’p beriledi.

Konflikt jekke minezler (personajlar), socialli’q toparlar, klaslar wortasi’nda payda boli’wi’ mu’mkin ha’m wol avtordi’n’ maqsetine, waqi’yalardi’n’ rawajlani’wi’na qaray ha’wij ali’wi’ mu’mkin. Personajlardi’n’ arasi’ndag’i’ qatnasi’qlar a’bden shiyenlenisip, waqi’yalardi’n’ rawajlani’wi’ birotala shegine (kulminaciyag’a) jetken son’ konflikt wo’z sheshimin tabadi’. Bul qubi’li’sti’ a’debiyattani’w iliminde final yamasa waqi’yani’n’ sheshimi dep ataydi’. Konflikt biraz jag’daylarda kolleziya degen menen de ju’rgiziledi.[1]

Jazi’wshi’ A.Tolstoy aytqani’nday, «Syujet – socialli’q qarama-qarsi’li’qlardi’ ashatug’i’n gilti».[2]

---

[1] Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги, Нөкис, «Билим», 1994-ж 104-б.

[2] Бобоев Т. «Адабиётшунослик асослари» Тошкент, 2002. 115-бет

Konflikt – lirikali'q shi'g'armalarda da boladi'. Wonda konflikt lirikali'q qaharman menen si'rtqi' wortali'q, yag'ni'y obektiv du'nya wortasi'nda wo'tedi. Lirikali'q konflikt lirikali'q qaharmanni'n' ishki keshirmelerin, woy-sezimlerin, ruwxi'y halatlari'n beriw arqali' su'wretlenedi.

Konflikt – syujetti ha'reketke sali'wshi' ku'sh. Woni'n' ta'sirshen'ligin, qi'zi'qli'li'g'i'n, ko'lemin belgilewshi a'hmiyetke iye. Woni'n' formalari' ushi'rasadi'.

1. Psixologiyali'q (ruwxi'y konflikt-qaharman qa'lbindegi sezimler tu'sinikli gu'resi.

2. Ja'miyetlik konflikt - shi'g'arma qaharmanlari' menen wolar jasap ati'rg'an sharayatlar arasi'ndag'i' gu'res.

3. Jeke intim konflikt – bir-birine qarama-qarsi' ha'reketler, toparlar arasi'ndag'i' gu'res.[1]

Syujet – barli'q waqi'tta, bir formada, bir bag'darda rawajlana bermeydi. Wol mudami' wo'zgeriwde boladi'. Klassikali'q a'debiyatlardag'i' syujetlerdi waqi'yalar menen personajlardi' bir ta'rtipte, izbe-iz, basqi'shpa-basqi'sh rawajlanadi'. Wolarda waqi't penen waqi'yalardi'n' izbe-izligi saqlani'p baradi'.[2]

Waqi'yani' bayanlaw klassikali'q ha'm klassikali'q yemes boli'p bo'linedi. Joqari'da klassikali'q bayanlawg'a berilgen ani'qlama yedi. Al, ko'rkem shi'g'armada klassikali'q yemes bayanlaw woni'n' kerisi boladi'. Bunda waqi'ya izbe-izlikte, basqi'shpa-basqi'sh bayanlanbaydi'. Xronologiyali'q ta'rtip buzi'li'p, waqi'ya wortasi'nan, basi'nan yaki aqi'ri'nan baslanadi'. Bunday bayanlawda shi'g'armag'a bolg'an woqi'wshi'ni'n' qi'zi'g'i'wshi'li'g'i'n artti'radi'.

«Aqi'ret uyqi'si'» M.Ni'zanovti'n' qa'lemine tiyisli ken' ko'lemli povest. Bul do'retpe 2008-ji'ldi'n' 6-oktyabrinen 13-dekabr arali'g'i'nda jazi'p pitkerilgen. 2009-ji'li' «Qaraqalpaqstan» baspasi'nan wo'z aldi'na kitap boli'p shi'qti'.

---

[1] Умаров Н. Адабиётшунослик маърузаси. Тошкент, 2004. 123-124-б.
[2] Жәримбетов Қ. Әдебият теориясы пәнинен лекция текстлери. Нөкис, ҚМУ, 12-б.

Bul povest turmi’s shi’nli’g’i’ni’n’, da’wirdin’ ashshi’ haqi’yqatlari’n, insanni’n’ ruwxi’y halatlar ashi’q ha’m ken’ ko’lemde su’wretlep beredi. Ha’r qanday da’wirdengi ja’miyet adamlar arasi’nda tu’rli kelispewshilikler, qarama-qarsi’li’qlar kelip shi’g’i’wi’ mu’mkin. Usi’nday adam ruwxi’yati’na ta’sir yetiwshi unamsi’z jag’daylardan shi’g’i’p ketiw, qi’yi’nshi’li’qlardi’ jen’iw ushi’n temirdey bekkem shi’dam boli’wi’ kerek. Bul povestte insanni’n’ yag’ni’y Wo’temurat degen qaharmanni’n’ ruwxi’y halati’ ken’ tu’rde ashi’p beriledi. Yag’ni’y bul povesti nag’i’z psixologizmge quri’lg’an shi’g’arma boli’p yesaplanadi’. Bul haqqi’nda filologiya ilimleri doktori’, professor Q.Worazi’mbetov usi’ «Aqi’ret uyqi’si’» kitabi’ni’n’ alg’i’ so’zinde («Ti’ni’shsi’z ruwi’x tolg’ani’slari’») dep atalg’an alg’i’ mi’naday pikirlerdi keltirip wo’tedi: «Mag’an M.Ni’zanovti’n’ «Aqi’ret uyqi’si’» povestinin’ birinshi woqi’wshi’si’ boli’w nesip yetti. Duri’si’n ayti’w kerek, jazi’wshi’ni’n’ ko’p sanli’ yumorli’q gu’rrin’leri menen tani’s yedim. «Aqshagu’l» povestin woqi’p woni’n’ ku’ndelikli turmi’sti’ a’dewir teren’nen u’yrenip ju’rgenine isengenim menen, nag’i’z psixologizmge quri’lg’an shi’g’arma jazi’wi’n ku’tpegen yedim. Qaraqalpaq a’debiyati’nda son’g’i’ qa’harmanni’n’ ti’ni’shsi’z ruwxi’y tolg’ani’slari’n sa’wlelendiriw arqali’ insan ruwxi’yati’na ku’shli ta’sir jasaytug’i’n bunday shi’g’arma woqi’madi’m. Joqari’da atap wo’tkenimizdey, (detektiv, ha’diyseler, natural su’wretlengen i’shqi’y ha’reketler h.t.b.) toli’ bola bersin, wonda insanni’n’ ruwxi’y keshirmeleri, psixologizmi qatnaspasa woqi’wshi’ni’n’ kewil du’nyasi’na ta’sir jasay almaydi’. Wo’ytkeni, insan wo’zinin’ aqi’l du’nyasi’n ilim arqali’ da, pedagogika arqali’ da bayi’ti’wi’ mu’mkin, biraq kewil du’nyasi’n bayi’tatug’i’n tiykar – bul iskusstvo, soni’n’ ishinde a’debiyat.

Demek, qaharman psixologizmin jarati’w, woqi’wshi’ ruwxi’y du’nyasi’na jol izlewdin’ bir a’disi degen so’z».[1]

Shi’ni’nda da bul povestte insanni’n’ ruwxi’y halati’ birinshi wori’nda turadi’. Bug’an qosa waqi’yalar pu’tkil qaharmani’n’ wo’tken wo’mirin yeske tu’siriwlerine quri’lg’an.

---

[1] Нызанов М. Ақырет уйқысы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2009. 3-бет.

A’debiyatta ha’r qanday ko’rkem shi’g’armani’ bayanlaw yeki tu’rli jol menen (klassikali’q ha’m klassikali’q yemes) a’melge asi’ri’ladi’.

Bul povest wazi’ypalari’ni’n’ baylani’wi’ boyi’nsha klassikali’q yemes tu’rine kiredi. Yag’ni’y bunda waqi’ya yeske tu’siriwler menen, yag’ni’y waqi’ya (syujet) aqi’ri’nan baslani’p su’wretlenedi ha’m bas qaharmanni’n’ bul arqali’ Wo’temuratti’n’ ruwxi’y halati’ ashi’p beriledi. Bunda syujetten ko’re qaharmanni’n’ ruwxi’y halati’ birinshi wori’nda turadi’. Bas qaharman Wo’temurat g’arri’ ruwxi’y halati’nda yeki du’nya arali’g’i’na tu’sip, wo’tken wo’mirin yesleydi. Bunda bir neshe da’wir ko’rinisleri ha’m qi’yi’nshi’li’qlari’ ashi’p beriledi. Usi’nday ta’replerin itibarg’a alg’an halda, bul povest roman janri’na uqsap ketedi.

Povestte tiykarg’i’ syujet Wo’temurat g’arri’ni’n’ Nawri’zbay Qulenov degen ali’mni’n’ jetpis bes ji’lli’q merekesinen kiyati’ri’p u’yinin’ da’rwazasi’ni’n’ aldi’nda miyi aylani’p ji’g’i’li’wi’ ha’m qaharmanni’n’ yeki du’nyani’n’ wortasi’na tu’sip qali’wi’ si’yaqli’ ruwxi’y jag’dayi’n su’wretlewlerden baslanadi’. Shi’g’armadag’i’ usi’ su’wretleniwlerge baylani’sli’ barli’q waqi’yalar bir na’peste woqi’p shi’g’i’ladi’. Sebebi miyne qan quyi’li’p, aqi’ret uyqi’si’nda jati’rg’an qaharmanni’n’ bir neshe ku’n ishindegi pu’tkil ruwxi’y jag’dayi’ avtor ta’repinen bas qaharmanni’n’ birese ken’ aspan a’lemine, birese ushi’-qi’yi’ri’ joq muzli’qlar ma’kani’na, birese jas tog’ayli’qlar ma’kani’na, birese jer asti’ndag’i’ a’psanawiy tun’g’uji’q tu’nlerge, birese ashi’q ten’izdegi matorli’ qayi’qqa tu’sip qali’wlari’ si’yaqli’ woni’n’ sol waqi’ttag’i’ ruwxi’y wo’zgerisleri, tolg’ani’slari’ arqali’ ashi’p beriledi.

Qaharman yen’ da’slep aspan a’lemine tu’sip barg’ani’nda wol jerde a’lle qashan wo’lip ketken Bazar apasi’n, tu’sine wo’zine ko’p azar bergen qon’si’si’ Yembergen qoti’rdi’ ushi’ratadi’. Yembergen qoti’r bul jerde wog’an jamanli’q islemekshi boladi’. A’ne, usi’ waqi’ya sebep boli’p Wo’temurat wo’zinin’ Yembergen qoti’r menen baylani’sli’ wo’mirin yeske tu’siredi. Bir waqi’tlari’ Genjegu’l kempir ha’m a’kesi Mi’rzamurat barda Wo’temuratlardi’n’ u’yi «u’lken u’y» atani’p, usi’ shan’araqti’n’ u’lken-kishisinin’ aldi’nan hesh kim kesip wo’te

almaytug'i'n adamlar, atap aytqanda qon'si'si' Rambergen ko'se, woni'n' balasi' Yembergen qoti'rdan tarti'p kolxozdi'n' brigadiri, «na'likshileri»ne deyin aylandi'rg'ani' usi' shan'araq boli'p qaldi'. A'sirese, Wo'temuratqa, woni'n' anasi' A'njimge ko'p azar bergen wolardi'n' qon'si'si' Rambergen ko'se ha'm woni'n' balasi' Yembergen qoti'rlar boldi'. Ma'selen, Wo'temuratlardi'n' shan'arag'i'na tiyisli jerdi Rambergen ko'senin' iyelep ali'p «wo'zinin' mo'ldegindey jo'tkirinip aylanshi'qlap» ju'riwi, wol jerdin' tereklerin shawi'p ali'p, wo'zinin' ati'zi'nday worni'na biyday yegip jiberiwi, sol sebepli A'njim menen balasi'ni'n' yekken yeginine suw baratug'i'n sag'ani' baylap taslap, wolardi'n' qi's azi'g'i'si'z qali'wlari' woqi'wshi'da ha'm ayani'shli', ha'm g'a'zepli sezimlerdi woyatadi'. A'sirese, bul waqi'ttag'i' japakesh hayal A'njimnin' awi'r ruwxi'y jag'dayi' teren' psixologiyali'q su'wretlewlerde ashi'p beriledi.

«- Wa, zaman degen-a'! – dedi son' ko'yleginin' jen'i menen man'layi'ni'n' terin su'rtip. - Da'wran kimnin' da'wrani', jesir qati'nni'n' da'wrani'! Yendi bir ko'lata jer, usi'nsha tal, usi'nsha ma qaraman A'njimge buyi'rar yeken-da'! Him! Wot beremen-aw wot!

A'njimnin' yerinleri dir-dir qalti'radi', qollari'ni'n' sawsaqlari' da ashi'ldi', ga' jumi'ldi'.

M.Ni'zanovti'n' «Aqi'ret uyqi'si'» povesti menen belgili qaraqalpaq jazi'wshi'si' Sh.Seytovti'n' «Shi'rashi'lar» romani'ni'n' ideya-tematikali'q ha'm ko'rkem formali'q ta'repleri ju'da' uqsas. Mi'sali', «Aqi'ret uyqsi'» povestinde Wo'temurat g'arri'ni'n' toqsan ji'lg'a shamalas wo'miri qaharmanni'n' bir neshe sanawli' ku'nler ishindegi yeske tu'siriwleri arqali' ashi'p berilse, al «Shi'rashi'lar» romani'nda Yesjan g'arri'ni'n' jetpis u'sh ji'lli'q wo'miri bir aqshamli'q waqi'yalarg'a si'yg'i'zi'p su'wretlengen. Bul yeki shi'g'armada da bas qaharmanlar wo'zinin' wo'tken ko'p ji'lli'q wo'miri dawami'nda ha'm wonnan uli'wma insani'yli'q a'hmiyetke iye bolg'an juwmaqlar shi'g'aradi'.

# III BAP. M.NI'ZANOVTI'N' POVESTLERINDE QAHARMAN OBRAZI'N JARATI'W USI'LLARI'

## § 1. Qaharman obrazi'n jarati'wda ko'rkem detallardi'n' a'hmiyeti

Ma'lim bolg'ani'nday, ko'rkem a'debiyatta wo'mir shi'nli'g'i' obrazlar ja'rdeminde sa'wlelendiriledi. Do'retiwshi wo'mirdi baqlaydi', baqlag'an waqi'yalari'n woy-sanasi'nan wo'tkeredi, wolardi' qayta islep, tag'i' janli' wo'mir tu'rinde jaratadi'. Wo'mirdegi waqi'ya-ha'diyselerdi qayta tiklewde adam obrazi' ju'da' u'lken a'hmiyetke iye.

Biz ko'rkem obraz degende, tiykari'nan, adam obrazi'n tu'sinemiz ha'm wol a'debiyatda sheshiwshi wori'n tutadi'. Ko'rkem ideyali'q joqari' sapadag'i' shi'g'armalarda adamlar obrazi' arqali' biz belgili bir da'wir wo'miri haqqi'nda ken' ha'm konkret mag'li'wmat alami'z.

Rus a'debiyattani'w ali'mi' L.I.Timofeevtin' ta'riplewinshe «obraz yadi'y toqi'ma ja'rdeminde jarati'lg'an ha'm yestetik qa'dir-qi'mbatqa iye. Insan wo'mirinin'» uli'wmalasqan ha'm konkret ko'rinisi boli'p sanaladi'.[1]

Wo'mirdi tipiklestiriwde, woni' ko'rkem su'wretlewde, qaharman obrazi'n ha'm xarakterin ashi'p beriwde, shi'g'armani'n' ideyasi'n su'wretlewde, woni'n' yemocional ta'sirin ku'sheytiwde ko'rkem detallardi'n', dialog, monolog, poliloglardi'n' a'hmiyeti u'lken.

M.Ni'zanov wo'z shi'g'armalari'nda bul usi'llardi' ju'da' sheberlik penen qollanadi'. Bul woni'n' gu'rrin'lerinde, povest romanlari'nda ayqi'n ko'rinedi. A'sirese «Aqshagu'l» ha'm «Aqi'ret uyqi'si'» povestlerinde bul usi'llar wo'zinin' ra'n'ba'ren' ko'rinisin tabadi'.

Solay yetip, biz detal degende belgili bir shi'g'armani'n' ishindegi predmet, belgi, su'wretlerdi tu'sinemiz. Detal, a'dette, ani'q ko'zge tu'simli ha'm obrazli' boli'p, su'wretlew obektin sintezlestirip, yag'ni'y uli'wmalasti'ri'p ko'rsetiwge xi'zmet yetedi. Detal ko'rkem shi'g'armada wo'z worni'n tapg'anda g'ana wo'z wazi'ypasi'n wo'tey aladi'. Wol jazi'wshi'ni' ko'p so'zlilikten a'debiy

---

[1] Тимофеев Л.И. Основы теории литературы. М., Просвещение, 1971, 62-бет.

sayi’zli’qtan saqlaydi’. Qi’sqa ha’m teren’ ma’nilikke yerisiw - ko’rkem detaldi’n’ basli’ qa’siyeti. Ko’rkem shi’g’armada, a’dette, ra’n’-ba’ren’ detallar qollani’ladi’: predmet-detal, ruwxi’y-ma’nawiy detal, portretlik detal, so’zlik detal ha’m t.b. Mi’sali’ V.Shekspirdin’ «Otello» tragediyasi’ndag’i’ qol woramal, A.Qaharrdi’n’ «A’nar» gu’rrin’indegi Ajar, I.Yusupovti’n’ «Seydan g’arri’ni’n’ gewishi» gu’rrin’indegi gewish, Sh.Seytovti’n’ «Shi’rashi’lar» povestindegi shi’ralar qusag’an detallar – predmet detallar boli’p, wolar qaharmanlar ta’g’dirine u’lken rol woynag’an. Geypara jazi’wshi’lar wo’z qaharmanlari’ni’n’ so’ylewin individuallasti’rg’anda so’z detallardan paydalanadi’.

«Aqshagu`l» povestinde ushi’rasatug`i’n ayri’m detallarg`a di’qqat awdarami’z. **«Manti’ kastryul`», «Somsa tabaq», «Manti’», «Somsa»** -bul detallar povestin` birinshi qatarlari’nan-aq woqi’wshi’ni’n` di’qqati’n wo`zine tartadi’. En` di’qqatqa sazawar jeri wol ba`rhama ha`rekette beriledi:

«-So`ychi, kishe, **mi’na kastryulin`** janbasi’mi’zdi’ shala pisirdi g`o, - dep ku`ldi wori’nli’qta bir qi’yalap zorg`a si’yi’p woti’rg`an jas jigit» (3-bet);

«Wol ku`n demey, tu`n demey **bawi’ri’na basi’p** u`yrenip ketken i’ssi’ **manti’ qazan** menen **bir tabaq somsani’n`** tileginde» (5-bet);

«Gey ku`nleri buni’n` **manti’lari’** menen **somsalari’** talampay boli’p ketedi. Al geyde… Keshte ballari’ qayti’p kelgen awqatlardi’ i’si’ti’p jegenine ma`s» (5-bet);

«Aqshagu`l ishke kirip, **kastryuli menen tabag`i’n** qarawi’ldi’n` qasi’ndag`i’ awi’si’q go`ne stulg`a qoydi’. Jerge qoymaqshi’ boli’p turdi’ da, i’zg`ar tarti’p suwi’p keter dep woyladi’…» (6-bet);

«Hayal biraz **suwi’yi’n degen kastryuli** menen **qolayi’** tabag`i’n qolti’qlap, joldi’n` Yekinshi ta`repine wo`tti» (8-bet);

«Bar, bar...Barsan`- a`y, bejireymey! – wol yeki qoli’ menen Aqshagu`ldi keyin qarap iyterip jiberdi. Aqshagu`l yekinshi tekshege bir bo`kselep woti’ri’p qaldi’. **Qolti’g`i’ndag`i’ manti’ toli’ kastryuli** baspaldaqtan to`men qaray kesedey dumaladi’. Da`slep bir dumalag`anda si’rti’na woralg`an da`sturxan sheshildi, son` qaqpag`i’ qi’rlani’p bir jaqqa jumalani’p ketti. Keyin bolsa **puwi’ burqi’rag`an i’ssi’ manti’lar** kartoshkaday jan-jaqqa pi’ti’rlay basladi’. **Somsa sali’ng`an tabaq** bir to`n`kerildi de, to`n`kerilgen jerinde turi’p qaldi’.» (10-bet);

«Aqshagu`ldin` bir **kastryul manti’si’ da`rtke aspaytug`i’n** boli’p qalg`an yedi» (10-bet);

«-**Manti’lari’n`di’** ji’ynap alayi’q, sadag`an` keteyin, **wobali’ bardi’**» (10-bet);

«-Qapa bolma, kelin. Sen mi’na **manti’lari’n`di’** arzan girew berip keteber» (11-bet);

«-Alji’g`an aqshash! **Appaq awqatti’** haramg`a zaya qi’ladi’-aw!» (11-bet);

«-Bul shirkin, senin` appaq manti'n`di' musorg`a aralasti'ri'p qon`si' wori'si'na satadi', shoshqag`a beriw ushi'n» (11-bet);

«-Ha`zir kelip yedim. Bir tabaq **somsam** bar. Satamanda ketemen» (12-bet);

«Hayal Aqshagu`l menen baltamtap ayti'si'p turatug`i'n nashar yemes yedi. Da`rha`l **tabaqqa** asi'ldi', **i'laqti'rmaqshi'** boldi'» (12-bet).

Mine, ko`rip turg`ani'mi'zday ko`rsetilgen detallardi'n` hesh biri wo`zinin` tikkeley tuwra ma`nisinde qollani'lmaydi'. Wolar adamlardi'n` Aqshagu`lge, Aqshagu`ldin` adamlarg`a, Aqshagu`ldin` ha`m basqalardi'n` wolarg`a qatnasi'n bildiredi. Bul detallar ha`mme waqi'tta ha`rekette, birinshi bo`limdegi barli'q waqi'ya ha`diysenin` adamlar menen bir qatarda qatnasi'wshi'lari'.

Mi'sali', manti' kastryul marshrut taksidin` ishindegi jigit ushi'n da`lkektin` ob`ekti, Aqshagu`l ushi'n wol yen` qa`dirli mu`lk ha`m joldas («mudami' bawi'ri'na basi'p u`yrenip ketken»), Murtlash qarawi'l ushi'n hesh na`rsege turmaytug`i'n, tek Aqshagu`ldi quwi'p sali'wg`a sebepshi bolatug`i'n zat, ash bolg`an qari'ydarlar ha`m ballari' ushi'n a`jayi'p tag`am, ken`sedegi hayallardi'n` birewi ushi'n wobali' bar na`rse, yekinshisi ushi'n arzan ha`m haramg`a aylang`an tag`am (shoshqasi' bar wori'sqa satadi'), al bazardag`i' wori'n pulshi' hayal ushi'n wol hesh na`rsege turmaydi' tag`am si'pati'nda(«i'laqti'rmaqshi' boldi'»). Manti' qazanlar, somsa tabaqlar, manti'lar, somsalar birese «i'ssi'», birese «suwi'yi'n degen», birese «puwi' burqi'rag`an», birese «appaq», birese «obal», birese «haram», birese «jumalap ketti», «dumalap ketti», «turi'p qaldi'», «pi'ti'rlay basladi'» degenge qusag`an ju`da` ta`sirli ha`m ma`nili ani'qlamalar ja`rdeminde su`wretlenedi.

Bul su`wretlemelerdin` yen` a`hmiyetli jeri sonnan ibarat, biz adamlardi'n` usi' predmetlerge, na`rselerge qatnasi' arqali' wolardi'n` Aqshagu`lge mu`na`sibetin ko`remiz. Bul jerde tek manti' qazanlar dumalap ketip, i'laqti'ri'li'p, to`gilip ati'rg`an joq, al Aqshagu`l ha`mme jerden quwi'li'p si'rtqa i'laqti'ri'li'p ati'r, manti'lardi'n` ayri'm adamlar ushi'n qa`dirsiz bolg`ani'nday Aqshagu`lde qa`dirsizlenip ati'r, ayaq asti'nda qali'p ati'r.

Jazi'wshi' usi' janli', ta`sirli detallar arqali' Aqshagu`ldin` psixologiyali'q dramasi'n ju`da` teren` ashi'p beredi.

Bunday ju`da` teren` ma`nige iye detallar «Aqshagu`l» ha`m «Aqi'ret uyqi'si'» povestlerinde ju`da` ko`plep ushi'rasadi'. «Aqshagu`l» povestinde bular-**palas, kir jip, bosag`a** ha`m t.b., «Aqi'ret uyqi'si'»nda –**duwtar, papiros, nan sorpa, su`tilmek** ha`m t.b.

Bul detallar povestlerdin` qurami'nda konceptual mazmung`a iye. Wolar qaharmanlardi'n` psixologiyasi'n, ma`kan ha`m zaman belgilerin teren` ashi'p beriwge xi'zmet yetedi. Bular M.Ni'zanovti'n` detallardi'n` mu`mkinshiliklerinen ju`da` wori'nli' ha`m uti'mli' paydalana alatug`i'nli'g`i'nan derek beredi.

## § 2. Qaharman obrazi’n jarati’wda dialog, monolog, poliloglardi’n’ a’hmiyeti.

Ko’rkem shi’g’armadag’i’ obrazlari’ wo’zinin’ shi’g’armadag’i’ worni’ ha’m atqaratug’i’n wazi’ypasi’na qarap yeki tu’rli boladi’. Yeger personaj shi’g’arma waqi’yalari’ni’n’ worayi’nda turi’p, syujet waqi’yalari’n ha’reketke keltirse, shi’g’arma konfliktinin’ sheshiliwinde jetekshi rol woynasa, jazi’wshi’ni’n’ alg’a qoyg’an ideyasi’n ashi’p bere alsa, bunday personj shi’g’armalari’ni’n’ bas qaharmani’ boli’p yesaplanadi’. Ko’pshilik jag’daylarda ko’rkem shi’g’arma worayi’nda bir yemes, bir-biri menen ten’ wazi’ypani’ atqaratug’i’n bir neshe obrazlar turadi’. Bunday obrazlardi’n’ ha’r qaysi’si’ bas qaharman boli’p yesaplana beredi. Yeger personaj ko’rkem shi’g’armani’n’ worayi’nda turmasa da, qa’legen bir ta’repi menen jazi’wshi’ni’n’ alg’a qoyg’an ideyasi’n ju’zege shi’g’ari’wg’a, woni’ tolti’ri’wg’a xi’zmet qi’lsa, bunday obrazlar yekinshi da’rejeli obrazlar boli’p yesaplanadi’.

Shi’g’arma ushi’n obraz jarati’wda ko’rkem obraz to’mendegi belgige iye boli’wi’ kerek: uli’wmali’q, konkretlilik, individualli’q, ko’rkem toqi’madan paydalani’w, su’wretlewde ta’sirshen’likke yerisiw. Bular ko’rkem obrazdi’n’ belgileri boli’p, wolardi’ ha’r bir jazi’wshi’ni’n’ obraz jasawdag’i’ tiykarg’i’ qurallari’ dep yesaplasaq boladi’.

Jazi’wshi’ du’nyani’ obrazlar arqali’ ko’redi. Jazi’wshi’ ushi’n janli’-jansi’z zat ha’m qubi’li’slardi’n’ ha’mmesi de obrazlar du’nyasi’.

M.Ni’zanov 30 ji’ldan aslam waqi’ttan berli qaraqalpaq satirasi’n rawajlandi’ri’wg’a salmaqli’ u’lesin qosi’p kelmekte.

M.Ni’zanov shi’g’armalari’nda satirali’q bag’dar basli’ wori’n iyeleydi. Wol wo’z shi’g’armalari’nda qa’dimgi, a’piwayi’ awi’l adamlari’ndag’i’ bazi’ bir kemshilikler menen unamsi’z minez quli’q belgileri, sadali’q penen jen’geshilik, a’piwayi’ na’rselerdin’ de parqi’na bara almawshi’li’q, Maqtanshaqli’q, wo’jetlik, menmenlik penen dan’qparazli’q, kisi haqi’n jewshilik, yeki ju’zlilik, jag’i’mpazli’q si’yaqli’ illetlerdi, soni’n’ menen qatar tvorchestvo xi’zmetkerlerindegi dan’q parazli’q, do’retiwshilik tu’sniktin’, izleniwshiliktin’

sayi’zli’g’i’, wo’z-wo’zin qaytalawshi’li’q, bilimsizlik penen insapsi’zli’q, itibarsi’zli’q, biypa’rwali’q si’yaqli’ bazi’ bir yersi qi’lwalardi’ ku’lki asti’na alg’an.

Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiyati’nda satira ha’m yumor janri’nda yerisilgen tabi’slar M.Ni’zanov, S.Jumag’ulovlar atlari’ menen ti’g’i’z baylani’sli’.

M.Ni’zanov haqi’yqi’y professional satirik jazi’wshi’ da’rejesindegi qa’lem terbetiwshi, shi’g’armalari’ arqali’ tek Qaraqalpaqstanda yemes, al qon’si’ respublikalarda da tani’lg’an talant iyesi yesaplanadi’. Ko’plegen gu’rrin’ ha’m povestleri Qaraqalpaqstan, Wo’zbekstan gazeta-jurnallari’nda basi’ldi’, kitap boli’p woqi’rmanlari’na jetip bardi’. Komediyalar tek wo’z teatri’mi’zda g’ana yemes al, qon’si’ respublikalardi’n’ bir qansha teatrlari’nda saxnalasti’ri’ldi’. Shi’g’armalari’ bir neshe tillerge awdari’li’p, baspalardan shi’qti’. Soni’n’ ishinde «Aqshagu’l» ha’m «Aqi’ret uyqi’si’» povestleri «Jahon adabiëti» jurnali’nda basi’li’p shi’g’i’p, pu’tkil Wo’zbekstan kitap qumarlari’na belgili boldi’.

M.Ni’zanovti’n’ qa’leminen do’regen shi’g’armalardi’n’ «Mushtum», «Ëshlik» jurnallari’, «Wzbekiston adabiëti va sanati» gazetasi’ betlerinde jari’q ko’rip bari’wi’ woni’n’ milliy prozami’zdi’n’ rawajlani’wi’na salmaqli’ u’les qosi’p ati’rg’anli’g’i’nan derek beredi.

M.Ni’zanovti’n’ ko’rkem yestetikali’q woylaw da’rejesi ken’ ha’m biyta’krar, pikir ju’ritiw usi’l ra’n’ba’-ra’n’. Jazi’wshi’ alg’a ilgerletiwimizge tosqi’nli’q yetip ati’rg’an ha’r qanday kemshilikti teren’ an’lap, satirali’q bag’darda sheberlik penen su’wretley aladi’.

M.Ni’zanovti’n’ satirali’q shi’g’armalari’ndag’i’ yen’ basli’ ko’zge taslanatug’i’n ko’rkemlik poetikali’q sheberlik, poetikali’q qa’siyetlerdin’ yen’ a’hmiyetli ta’replerinin’ biri-bul syujet du’ziw ha’m sog’an sa’ykes tu’rdegi ishki konfliktlerdi wori’nli’ tan’law, syujetlik kompoziyaciyali’q bir tutasli’q penen ha’r bir shi’g’armasi’ni’n’ wo’zine sa’ykes uzaq yaki qi’sqa tu’rdegi si’rttan birden-aq ko’zge taslanatug’i’n suli’wli’g’i’n, poetik go’zzali’g’i’n ta’miyinlew boli’p tabi’ladi’. Jazi’wshi’ni’n’ geypara shi’g’armalari’ biraz uzaq syujetlerge quri’lg’an

bolsa, al woni’n’ ayi’ri’m shi’g’armalari’ ju’da’ qi’sqa, biraq wo’zinin’ ideyali’q yestetikali’q ha’m poetikali’q wazi’ypalari’n toli’q atqarg’an boli’p keledi.

M.Ni’zanov satirali’q obrazlar jarati’wda a’debiy til mu’mkinshiliklerin, wo’zinin’ stiline sa’ykes keletug’i’n, satirali’q ironiyag’a muwapi’q tu’rdegi so’z ha’m so’z tirkeslerin ju’da’ wo’tkir tu’rde tawi’p isletedi. Bul bag’i’tta jazi’wshi’ni’n’ ayi’ri’m so’z tirkesleri, geypara qi’sqasha bir ga’pinin’ wo’zi u’lken poetikali’q funkciya atqari’p, wol satirik tipler jarati’wg’a, uli’wma belgili bir da’wir haqi’yqatli’g’i’ni’n’ unamsi’z ta’replerin naqma-naq sa’wlelendiriwge tiykarlar jaratadi’.

M.Ni’zanov kewli sergek, a’debiyati’mi’zdi’n’ nag’i’z jan ashi’ri’ si’pati’nda wo’zinin’ qa’lemlesleri haqqi’nda da a’debiy si’n maqalalar jazi’w menen de ko’zge tu’spekte.

A’debiyattani’wda obraz tu’sinigi menen bazi’da ten’, bazi’da parqli’ qollani’latug’i’n «personaj», «qaharman» tu’sinikleride bar.

Personaj (lati’nsha-personal) – shaxs so’zinen) atamasi’ ko’rkem shi’g’armada qatnasi’wshi’ barli’q shaxlarg’a qollani’ladi’.

Ko’binese shi’g’armadag’i’ yepizodik obrazlar-personajlar dep ju’ritiledi. Sol sebepli woni’n’ tu’sinigi obrazg’a sali’sti’rg’anda tar yesaplanadi’.

Qaharman degende, da’wju’rek, bati’rli’g’i’ menen dan’q qazang’an, ma’rtlik qi’li’p wo’zin ko’rsetken kisi ko’z aldi’mi’zg’a kelse de, bul tu’sinik uli’wma shi’g’armada qatnasi’wshi’ unamli’ yaki unamsi’zli’g’i’nan qa’tiy na’zer ha’mme shaxslarg’a ko’binese, bas qatnasi’wshi’larg’a qarata qollani’ladi’. Sebebi, ha’r qanday unamsi’z qaharman da a’debiy shi’g’armag’a toqi’p-piship kiritiler yeken, wol da shi’g’armadag’i’ qanday da bir waqi’ya-ha’diysenin’ ju’zege keliwinde tiykarg’i’ rol woynawi’ gu’ma’nsi’z.

Yeger obrazdi’ jan’g’aqqa megzecek, xarakter (grekshe character-qa’siyet, belgi) sol jan’g’aqti’n’ mag’i’zi’ yesaplanadi’. Sebebi, mag’i’zda jan’g’aqti’n’ negizi, tirikligi, za’ru’rligi jani’ ja’m. Xarakter jarati’w ko’rkemliktin’ wo’zek ma’selesi dep qarawi’mi’zdi’n’ ma’nisi sonda, xarakter ko’rkem do’retiwshiliktin’ ju’da’ ko’p yelementlerin (syujet kompoziciya, til) wo’zinde ja’mleydi, duri’srag’i’

wo’zine «islewge» ma’jbu’r qi’ladi’. Yag’ni’y xarakter shi’g’arma mazmuni’na forma bolsa, xarakterge bolsa syujet, kompoziciya til forma yesaplanadi’.

Xarakterdin’ mazmuni’n ani’qlaytug’i’n yeki tiykarg’i’ qa’siyeti bar.

Birinshisi, «bul bir shaxsti’ yekinshi bir shaxstan aji’rati’p turatug’i’n a’dep-ikramli’li’q ha’m psixologik belgiler birlesliginen ibarat. Wo’mirde sonday kisilerdi ushi’rati’w mu’mkin: qi’li’p ati’rg’an bir isine qosa qanday da bir ha’reketti a’det qi’li’p alg’an boladi’: so’ylep ati’rg’anda murni’ni’n’ ushi’n qi’si’p qoyadi’, ya woylani’p ati’rg’anda barmaqlari’ menen shashi’n tarap qoyadi’ ha’m tag’i’ da basqa. Psixologik ta’repten bolsa ha’r bir shaxsti’n’ qanday da bir qa’siyeti bo’rtken boladi’: wo’jet ya basi’q, kem ga’p ya ko’p so’yletug’i’n ha’m.t.b.

Yekinshisi, bul individual belgilerdi de wo’z ishine alg’an halda ma’lim bir social sha’rayatta payda bolg’an, ja’miyetlik ma’nige iye bolg’an shax yerik jo’nelisi ha’m bul yerik jo’nelisinin’ shi’g’armadag’i’ ko’rkem si’patlamasi’nan ibarat. Tek ja’miyetlik sharayat tiykari’nda ju’zege shi’qqan shaxs yerki xarakterdin’ shi’g’armada ko’rkem ha’m ideyali’q negizin ta’miyin qi’ladi’.

Xarakter – bul ani’q yerik jo’nelisine iye bolg’an, wo’z is-ha’reketleri, umti’li’slari’, woy-qi’yallari’, du’nya qarasi’, ma’na’wiyat, ma’riypati’, minez-qulqi’ menen aji’rali’p turatug’i’n tolaqanli’ shaxslar obrazi’ yesaplanadi’.

Xarakter ha’m woni’n’ psixologiyasi’ analizi a’debiyatti’n’ ka’malati’, jazawi’shi’ni’n’ sheberligi da’rejesin belgilewshi bas faktor yesaplanadi’.

Romanda jazi’wshi’ ushi’n yeki du’nyani’n’ – ruxti’n’ keshirmelerin si’rtqi’ ko’rinis, halat ha’m is-ha’reketlerde ko’rinisin su’wretlew yag’ni’y dinamik princip tiykarg’i’ kriteriya yesaplanadi’.

Psixologizmnin’ dinamik ha’m analitik principleri bir-birine qarsi’day tuyi’lsa da, lekin, wolardi’ wo’z-ara qarsi’ qoyi’w da wori’nsi’zdur. Bul principler bazi’ romanlarda uyg’i’nlasqan, qosaqlasqan halda ko’zge taslanadi’. Bunday shi’g’armalarda qaharmanlardi’n’ ruwxi’y du’nyasi’ wolardi’n’ is-ha’reketleri, si’rtqi’ ko’rinisleri arqali’ sheshiliwi menen bir paytta, sol qaharmanlardi’n’ pikir ha’m sezimleri dialektikasi’ ag’i’mi’ ha’m rawajlani’wi’ da beriledi. Bunday

romanlarda psixologizmnin’ bul yeki principi dialektik birlikte analiz yetiledi. Bul psixologizmnin’ sintetik principi yesaplanadi’.

Polilog- (grekshe polylogos –ko’p so’z) shi’g’armada u’sh h’a’m wonnan arti’q adamlardi’n’ so’ylesiwi sawal-juwaplari’. Ko’rkem shi’g’armada monolog h’a’m dialoglar qa’nshelli a’h’miyetli bolsa, polilog ta sonsha a’h’miyetli yesaplanadi’.

–Ju’da’ jaqsi’, -dedi Nurjan quwli’q yetip. –Yerten’ stodi’ yesaptan shi’g’ar, arg’i’ ku’ni qapi’ni’ …

Arzayi’m ma’selenin’ to’rkinine tu’sinip, salpausi’p qaldi’.

–Qaydan bileyin, -dedi a’ste g’ana. –Pul ji’ynalg’anday bolsa men Amerikag’a ketkende bolar dep yedim.

–Amerikag’a?! –Nurjan shorshi’p tu’skendey boldi’. –Oyaqta ne dayi’n’ni’n’ u’yi barma?

–«Aksels» bag’darlamasi’ boyi’nsha gu’zde imtixan boladi’, wo’tip kecem, woni’nshi’ni’ soyaqta woqi’yman.

–Uan, tu, sri, po …

–Gudbay, gudmonin …

Quwat penen  Yesen Arzayi’mdi’ mazaqlap ku’ldi.

–Yermeklemen’ qi’zi’mdi’, -dedi Aqshagu’l Arzayi’mni’n’ kewlin ali’p. –Jaqsi’li’p tayarlana ber, yesabi’ bolar.   (74 bet)

–Apa, noski!

–Apa, kolgotki!

–Apa, keti!

–Hey mamasi’, keshte sag’an sigaret ali’p kel dep yedim g’o!

–Meni pushtarlap g’ana alag’oyi’n’! –dep jekirinedi wol son’i’nda (6 bet)

–Sen ne dep tursan’ wo’zi? –Genjebay worni’nan turi’p ketti.

–A’ne, Genjebay ag’a, -dedi direktor ashi’wdan yerinleri dirildep.

–Ko’rdin’izbe, maqtawli’ balan’di’! Buni’ kandidat yetemen dep qansha juwi’rdi’n’!

–Mag’an tuwri’ qara! –dedi Genjebay Wo’temuratqa. Wo’temurat ustazi’ ta’repke basi’n burdi’.

–Iras pa usi’ ga’p?!

Wo’temurat maqullap bas iyzedi.

–Tfu, aqmaq yekensen’?

–Buni’ sudlati’w kerek, -dedi professorlardi’n’ biri.

–Duri’s, basqalarg’a sabaq bolsi’n!

–Bul bizin’ ju’zimizge shi’qqan shu’yel! Kesip taslamasan’ tami’r uri’p ketedi. (125 bet)

Dialog –(grekshe dialogos-eki adam wortasi’ndag’i’ sa’wbet) ko’rkem shi’g’arma tekstindegi yeki personaj arasi’ndag’i’ sa’wbet, soraw-juwap.

–Nege tapsi’rmani’ wori’nlamadi’n’?

–Men Gippokratqa ant bergenmen.

–Gippokrati’n’ a’lle qashan a’lemnen wo’tken. Wol anti’n’ni’n’ juwmag’i’n soramaydi’. Lekin, biz soraymi’z.

–Men sizlerge ant bermedim.

–Bermesen’iz, beresiz! Ayda, ayti’lg’an jaqqa! (53 bet)

–Harma A’bsamet! Yendi instituttan quti’li’p, arqayi’n uyqlayti’g’i’n boldi’n’-a’!

Wo’zi sirkesi suw ko’termey turg’an adamg’a wori’nsi’z h’a’zil jag’ama? Sonda da wol shi’damli’ yeken, u’ndemedi.

–Seniki adamgershilikten bolmadi’ g’o –dedi Wo’temurat woni’ jaqti’rmay.

–Paxtada adamgershilik degen bolmaydi’, h’a’zir tek la’mgershilik degendi bilemiz. (115 bet)

–Buni’ kabi’rg’an’a woylasi’p ko’resen’, dosti’m, -dedi biraz u’nsizlikten son’

–Qabi’rg’am Sen. –A’bsamettin’ juwabi’ tayi’n yeken.

–Ju’r si’rtqa shi’g’ayi’q, -dedi Wo’temurat stoldi’n’ arqali’g’i’na japqan kostyumi’n ali’p. –Ha’r qi’ri’q bes minuttan taza h’awag’a shi’g’i’p alatug’i’n a’detim bar yedi.

–Bul ayditoriya yemes g’oy, -dep ku’ldi dosti’.

–Sonda da …

–Mi’nan’qara, Wo’teke, senin’ menen usi’ jerde woylasatug’i’n ga’p bar. Senin’ waкti’n’ кalay?

–Qashan?

–Uli’wm deymen da’, jumi’s arasi’nda.

–Tu’sinbedim. (133 bet)

–Yendi buni’ ne qi’lajaqsan’? –dedi bag’anag’i’ jasi’ u’lken h’ayal.

–Qaydam?

–Baylap bag’i’p woti’rg’an mali’n’ joq pa, ya iytin’?

–Yaq.

–Qapa bolma kelin. Sen mi’na manti’lari’n’di’ mag’an arzan girew berip keteber. Qon’si’m usi’nday jem ji’ynaytug’i’n yedi, sog’an apari’p bereyin.

–Ma’yli alag’oyi’n’.

–Ne bereyin?

–Kewlin’izden shi’qqani’n. (11 bet)

–Mama bu’gin bizler ushi’n sa’tli ku’n boli’pti’, -dedi Arzayi’m awqat toli’ tabaqti’ wortag’a qoyi’p. –Sen jumi’sqa wo’ttin’, men anglichan tilin u’yreniw boyi’nsha repetitor tapti’m.

–Wog’an neshe som beredi yekenbiz?

Aqshagu’l to’lenetug’i’n pul ko’z aldi’na kelip shorshi’p ketti. Lekin qi’zi’na bildirmewge ti’ri’sti’.

–Hesh na’rse to’lemeymiz.

–Wol qanday saqi’y ag’ayin. Izinde qon’i’rawi’ joq pa yeken a’ytewir? (51 bet)

Monolog- (grekshe monos-bir h’a’m logos-so’z, ga’p)- ko’rkem shi’g’arma qah’armani’ni’n’ wo’z-o’zine h’a’m basqalarg’a qarati’lg’an ga’pi. Monolog dialogtan ga’pke basqa shaxslardi’n’ aralaspawi’ menen pari’q qi’ldadi’. Ayi’ri’m dramatik shi’g’armalarda monolog tamashago’ylerge qarati’lg’an boladi’.

Monolog lirik shi’g’armalardi’n’ tiykari’n quraydi’. Prozali’к shi’g’armalarda da bar boli’p, dramali’q shi’g’armalardag’i’day avtorg’a qah’armanni’n’ berilgen qandayda ma’selelerge qatnasi’n ani’g’i’raq bildiriw, obraz ruxiyati’na ta’n qa’siyetlerdi bo’rttirip su’wretlew imkani’n beredi. Bazi’da dramani’n’ kulminacion nuкci’ monologta wo’z ko’rinisin tabadi’. Monologlar wo’z ta’biyati’na ko’re yeki tu’rli boladi’. a) si’rtqi’ monolog: bunda personaj wo’z ga’pin dawi’s shi’g’arg’an h’alda bayan yetedi; b) ishki monolog: bunday monolog personajdi’n’ ishki ga’pi, woylari’ ko’rinis tabadi’. Monologti’n’ yeki tu’ri de shi’g’arma personajlari’ni’n’ ruwh’i’y du’nyasi’n sa’wlelendiriwde a’h’miyetli qural yesaplanadi’.

«Aqshagu’l! Meni keshir! Sol sapari’ balali’q yetippen. Qala berdi, Qutli’murat ag’ag’a yaq dep ayti’wdi’n’ yesabi’n tappadi’m. Jol boyi’ ji’rti’p taslasam ba yeken dep qi’yallandi’m. Lekin, wog’an da qoli’m barmadi’. Amanatqa qi’yanet yete almadi’m. Sen woni’ wo’z qoli’ menen ji’rtqanda qanday quwang’ani’mdi’ bilsen’ yedi. Mag’an wo’kpelep baqi’rg’anlari’n’, joq jerden si’ltaw tawi’p u’yden shi’g’i’p ketkenlerin’ qanday jarasti’ desesh! Yeger sonnan xatti’ menin’ ko’z aldi’mda ashi’p, woni’n’ h’a’r bir so’zleri sag’an unap, yeki ju’zin’ ku’limlep woqi’p woti’rg’ani’n’di’ ko’rgenimde men wo’zimdi qalay uslap tura alar yekenmen! Buni’ xesh ko’z aldi’ma keltire almayman. Raxmet sag’an!

Aqshagu’l! Men sen h’aqqi’nda woylag’ani’mda qaraqalpaqti’n’ bati’r Gu’layi’mi’, go’zzal Gu’lparshi’ni’ ko’z aldi’ma keledi. Soni’n’ ushi’nda men seni qi’zg’anaman! Ha’mmeden qi’zg’anaman! Ruxsat yecen’, senin’ Nurjani’n’».

# Juwmaq

Biz jazi'wshi' M.Ni'zanovti'n` «Aqshagu`l» ha`m «Aqi'ret uyqi'si'» povestlerin wolardag`i' qaharman obrazi' ha`m da`wir koncepciyalari'ni'n` sa`wleleniwi boyi'nsha baqlawlari'mi'zdi'n` ha`m tallawlari'mi'zdi'n` na`tiyjesinde to`mendegi juwmaqlarg`a keldik.

Prezidentimiz I. Karimovti'n` jazi'wshi'-shayi'rlarg`a «ha`r biri wo`zi aldi'na bir du`n`ya» dep bergen bahasi' qaraqalpaq jazi'wshi'lari'nda u`lken do`retiwshilik izleniwshiliklerge iytermeledi.

Qaraqalpaq jazi'wshi'lari'da zamani'mi'zdi'n` haqi'yqi'y miynetkesh, ma`rt, ku`sh-g`ayratli', isbilermen zamanlaslari'mi'zdi'n` obrazlari'n jarati'w ushi'n ha`reket qi'lmaqta.

Ha`zirgi da`wir fermer, biznesmen, qurli'sshi', diyxan, ali'm, mug`a`llimleri bu`gingi ku`nnin` aldi'n`g`i' qatardag`i' adamlari', jan`a da`wir qaharmanlari'.

Ha`zirgi da`wir a`debiyati'nda jan`a zaman adamlari'ni'n` obrazlari'n jarati'wda jazi'wshi' M. Ni'zanovti'n` do`retiwshilik izlenisleri wo`z na`tiyjelerin bermekte.

M.Ni'zanovti'n` ko`p sanli' gu`rrin`leri, povestleri, romanlari', drammalari', kinofilmleri respublikami'zdi'n` a`debiy ma`deniy wo`mirinin` yelewli qubli'slari'ni'n` qatari'na kiredi.

M.Ni'zanovti'n` «Aqshagu`l» ha`m «Aqi'ret uyqi'si'» povestleri wo`zinin` zamanago`yligi, ko`rkemligi sapasi' ha`m jazi'wshi'ni'n` bu`gingi ku`nnin` mashqalalari'n teren` tu`siniwi, zamanlaslari'ni'n` psixologiyasi'nda ju`z berip ati'rg`an wo`zgerislerdi ko`re biliwi ha`m wolarg`a wo`zinin` mu`na`sibetin ashi'q bildiriwi menen ayri'li'p turadi'.

Usi' yeki povesttin` tek M.Ni'zanovti'n' yemes al pu`tkil qaraqalpaq prozasi'ni'n` iri jetiskenshiliklerinin` biri si'pati'nda moyi'nlani'wi' zan`li' qubi'li's.

Biz M.Ni’zanovti’n` «Aqshagu`l» ha`m «Aqi’ret uyqi’si’» shi’g`armalari’ni’n` poetikasi’ni’n` yen` a`hmiyetli ta`replerin ani’qlawg`a umti’ldi’q.

Bul shi’g`armalardi’n` syujetinin` tiykari’n qaharman, ma`kan ha`m zamanni’n` wo`z-ara qatnaslari’ quraydi’.

Ma`kan ha`m zaman bas qaharmanlar Aqshagu`l ha`m Wo`temurat xarakterlerin qa`liplestiriwde ha`m sonday-aq wolar ma`kan ha`m zamang`a ta`sir yetip woni’ wo`zgertiwge umti’ladi’. Wolardi’n` arasi’ndag`i’ qarama-qarsi’li’q, wo`z-ara g`a`rezlilik syujetti ha`reketke keltiretug`i’n ha`m ta`rtipke keltiretug`i’n basli’ faktorg`a aynalg`ani’n ko`rdik.

Ko`rkem ma`kan ha`m zaman povestlerdin` obrazlar sistemasi’ menen ti’g`i’z baylani’sli’.

A`debiyattag`i’ psixologizmnin` ku`sheyiwi wolardag`i’ ko`rkem ma`kan ha`m zamanni’n` teren`lesiwine ali’p keldi.

Qaharmanlardi’n` is-ha`reketlerinin`, ishki tolg`ani’slari’ni’n`, an`-sezimlerinin` ju`zege shi’g`i’w ma`kani’ ha`m waqti’ povestlerdegi psixologizmnin` basli’ komponentlerine aynaladi’.

Povestler qaharmanlari’ni’n` qi’yi’n-qi’stawli’ is-ha`reketleri, yemocional-psixologiyali’q tuyg`i’lari’ waqi’t ag`i’mi’ni’n` xarakterin, da`rejesin, tezligin belgileydi.

Povestlerde sa`wlelengen ma`kan ha`m zaman psixologiyali’q funkciyag`a iye. Povest qaharmanlari’ jasap ati’rg`an ma`kani’n ha`m zamani’n, wo`zlerin ruwxi’y ha`m socialli’q jaqtan wo`zgertpekleri tiyis.

Ko`rekm ma`kan ha`m zaman a`debiy shi’g`armani’n` aji’ralmas bo`legi si’pati’nda woni’n` tiykarg`i’ ideyali’q, yestetikali’q koncepciyasi’ menen ti’g`i’z baylani’sli’.

Povestlerdegi ma`kan ha`m zamanni’n`, qaharman obrazlari’ni’n` sintezi socialli’q, ruwxi’y ha`m yetikali’q progresstin` sheshiwshi fatori’ si’pati’nda sa`wlelendiriledi.

Povestlerdegi qaharman obrazlari’ psixologiyali’q analizi jazi’wshi’ ushi’n yen` na`tiyjeli princplerdin` biri bolg`ani’n ko`remiz.

Bul poetikali’q principlerdin` ishinde qaharman obrazi’n jasawda ko`rkem detal`di’n`, dialog, monolog ha`m poliloglardi’n` a`himiyeti ayri’qsha ko`zge taslandi’.

Bizin` M.Ni’zanovti’n` «Aqshagu`l» ha`m «Aqi’ret uyqi’si’» povestlerindegi ma`kan ha`m zaman, qaharman ha`m da`wir problemelari’ni’n` sintezi ha`m wolardi’n` sa`wleleniwi boyi’nsha kishi-girim bahlawlari’mi’z ha`m tanlawlari’mi’z a`debiyat teoretiklerinin`, kritiklerinin`, a`debiyat ka`niygeligi magistrantlari’ni’n` bul temag`a qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’n artti’ri’p, woni’n` ha`r ta`repleme teren`irek ha`m ken`irek izertlewge iytermeleydi dep u`mit yetemiz.

**Paydalani'lg'an a'debiyatlar dizimi**

1. Каримов И.А. Жаңаша ойлаў-дәўир талабы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1991.
2. Каримов И.А. Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш. Ташкент, «Маънавият», 2008.
3. Каримов И.А. Адабиётга эътибор-маънавиятга, келажакка эътибор. Тошкент, «Ўзбекистон», 2009.
4. Абдуллаев Ю. Соғинч. «Ўзбекистон адабиёти ва санъати» газетаси. 2011, 7 январь, №2.
5. Абдиев А. Киши жанрға үлкен дыққат керек. «Қарақалпақ әдебияты» газетасы. 2012-жыл, март №3.
6. Атажанов А. Салмақлы жанрға сын керек. «Қарақалпақ әдебияты» газетасы. 2012-жыл, апрель №4.
7. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994.
8. Базарбаев Ж. Ақырет уйқысы – ҳүждан есабаты. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы. 2009, 15-сентябрь.
9. Бахтин М. Эстетика словесного творчества. Москва, «Искусство», 1986.
10. Бахтин М. Вопросы литературы и эстетики. Москва, «Художественная литература». 1975.
11. Баҳодир Карим. Қодирий қадри. Тошкент, 2003.
12. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент, «Ўзбекистон» 2002.
13. Введение в литературоведение. Москва, «Высшая школа». 2000.
14. Есенов Ж. Шеберликтиң сырлары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986.
15. Есенов Ж. Танылған тулғалар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2003.
16. Есенов Ж. Таланттың гейпара сырлары. «Қарақалпақстан жаслары» газетасы. 2011, 2-июнь.
17. Жәримбетов Қ. Әдебият теориясы пәнинен лекция текстлери. нөкис, ҚМУ, 2007.
18. Камалов Қ. Қарақалпақ әдебиятында көркем методтың эволюциясы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1999.

19. Қожықбаев А. Қарақалпақ романы. Нөкис, «Қарақалпақстан» 1977.
20. Қурамбаев Қ. Қорақалпоқ сатирасининг дарғалари. Адабий жараён, ижод маъсулияти, адабий алоқалар, Тошкент, 2009.
21. Мәмбетов К. Әдебият теориясы. Сабақлық. Нөкис, «Билим», 1993.
22. Мәмбетов К. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ әдебияты ҳәм оның гейпара мәселелери. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 2011, 16-январь.
23. Нарымбетов Ж. Жаңа эстетикалық шыңларға қарай. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1985.
24. Нарымбетов Ж. Вопросы каракалпакской литературы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1989.
25. Нурмухамедов М. Шығармаларының II томлығы. II том. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1984.
26. Нуржанов П. Ҳәзирги қарақалпақ прозасында көркем психологизм мәселеси. ӨзИАҲҚБ хабаршысы. Нөкис, 2002.
27. Нуржанов П. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы. Нөкис, «Билим», 2003.
28. Нуржанов П. Қарақалпақ романы поэтикасы. Нөкис, «Билим», 2008.
29. Нуржанов П. Ҳәзирги қарақалпақ романы (сюжет ҳәм конфликт поэтикасы). Нөкис, «Билим», 2009.
30. Нызанов М. Ақшагүл. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2004.
31. Нызанов М. Ақырет уйқысы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2009.
32. Нызанов М. Жат журттағы жети күн. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1995.
33. Нызанов М. Шығармалары (4 томлық). I том. Гүрриңлер. Нөкис, «Билим», 2008.
34. Нызанов М. Шығармалары (4 томлық). II том. Гүрриңлер. Нөкис, «Билим», 2009.
35. Нызанов М. Душпан, Роман. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2010.
36. Нызанов М. Еки қанхор. Нөкис, «Арал», 1994.
37. Нызанов М. Ырасын айтсаң урады. Нөкис, «Арал», 1993.
38. Нызанов М. Ишек силем қатты мениң. Нөкис, «Арал», 1993.

39. Нызанов М. Күким келеди. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987.
40. Нызанов М. Бизларни Носир оға хашар этди. «Ўзбекистон адабиёти ва саънати» газетаси. 2009, 29 май, №22.
41. Оразымбетов Қ. Тынышсыз руўх толғаныслары. Алғы сөз. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2008.
42. Оразымбетов Қ. Кеўил дүньямызға ҳүжим, Ҳәзирги илимниң әҳмийетли мәселелри. Нөкис, 2011.
43. Оразымбетов Қ. Инсанның руўхый кеширмелери. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 2011, 14-май.
44. Оразымбетов Қ. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ әдебияты ҳаққында ойлар. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 2008, 25-сентябрь.
45. Оразымбетов Қ. Сын дүзелмей мин дүзелмейди. «Қарақалпақ әдебияты» газетасы, 2012, март, №3.
46. Профессорлар Умороли Норматов ва Хамидулла Болтабоев сухбати. «Бугунги адабиётда эстетик идеал ва қаҳрамон муаммоси», «Жаҳан адабиёти» журналы, 2012, апрель.
47. Расулов А. Таңқид. Талқин. Бахолаш. Тошкент, «Фан», 2006.
48. Ритм пространтство и время в литературе и искусстве. Ленинград, «Наука», 1974.
49. Сағыйдуллаева Ж. Қорақалпоқ қиссаларида услубий изланишлар. Нөкис, 2010.
50. Сағыйдуллаева Ж. Жазыўшы лабораториясы ҳәм индивидуал стиль. «Әмиўдәрья», 2008, №3.
51. Сағыйдуллаева Ж. «Ақырет уйқысындағы кеўил толғаныслары». «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 2009, май.
52. Салаев Ф., Қурбониёзов Г. Адабиётшунослик атамаларининг изоҳли сўзлиги. Тошкент, 2010.
53. Умуров Х. Адабиётшунослик назарияси. Тошкент, «Шарқ» 2002.
54. Уснатдинов Ш. Атлыға жеткермесе пияда. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 2009, 19-декабрь, №152.

55. Уснатдинов Ш. Өз заманын терең уғынған. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 2011, 20-октябрь, №126.
56. Уснатдинов Ш. Көргенлерим ҳәм кеўилдегилерим. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2009.
57. Хализев В. Теория литературы. Москва, «Высшая школа», 1999.
58. Худайбердиев Е. Адабиётшуносликка кириш. Тошкент, 2007.